Een paar voorbeelden tot toelichting.

In een inlandsch gezin zal een nieuwe bediende gehuurd worden.

Een candidaat heeft zich aangeboden, maakt een goeden indruk en wordt derhalve aangenomen, bijv. met deze woorden: „*tapi hĕnteu salisoeng gardoe, ĕnja*".

„*Ach, moal*", (1) „wel, neen," antwoordt de toegesprokene.

Waar de het eerst aangehaalde woorden in vertaling luiden: „maar niet een wachthuis-rijstblok", wordt de vraag, wat is den man eigenlijk toegevoegd?

Onder *salisoeng gardoe* heeft men in dit verband te verstaan *sakohkol*, d. i. een schalblok, opgehangen vóór de wachthuizen, waarop de verloopen uren geslagen worden en waarmede de wachters ook alarmsignalen geven.

Als zoodanig heeft het hier evenwel geen zin.

De zaak wordt echter aanstonds duidelijk, wanneer men weet, dat het slagwoord op *sakohkol* is *sakongkol*, konkelen. zoodat men krijgt: *hĕnteu salisoeng gardoe* = *hĕnteu sakohkol* = *oelah sakongkol* = geen gekonkel.

Niet alleen ten overstaan van volwassenen worden dergelijke verbloemde gezegden gebezigd, ook tegen kinderen hoort men ze aanwenden.

Herhaaldelijk is een lastig kind geboden te gehoorzamen; het blijft echter zijn gang maar gaan.

Eindelijk wordt het moeder te machtig en stuift zij op: „*ah, sia mah sok keukeuh aing mah, moen kitoe, mĕntak mĕntil hiris ngĕmbang bĕdil*".

Dit beteekent: „zoo, jij zet je eigen wil tegen mij in maar door, blijft dat aldus, dan wordt 't *mĕntil hiris ngĕmbang bĕdil*".

(1) *Moal,* is Arabisch, doch heeft in het spraakgebruik het zuiver Soendasche *mo,* afkorting van *hamo,* nagenoeg volledig verdrongen op dezelfde wijze als tal van Arabische uitdrukkingen instede van goed Soendasche gebezigd worden.

Men vindt dit deftig; niettemin wordt het hoog tijd, dat het Inlandsche onderwijs den strijd tegen dien waan aanbindt, want het toepassen van leenwoorden uit het Arabisch, en in het *lĕmĕs* ook aan 't Javaansch, neemt bedenkelijke verhoudingen ten nadeele van de eigen taal aan.

Mĕntil hiris = kĕpokan en doet den deugniet verstaan: *matak kapok*, m. a. w. 't duurt net zoo lang tot je *kapok* wordt, d. w. z. er op de een of andere wijze tegen aan loopt en dan is 't *ngĕmbang bĕdil = obat*, dat hier beteekent, *matak totobatan*, ik zal 't niet weer doen.

Maar geenszins zijn de *sindir's* steeds van moraliseerenden aard en allerminst zijn zij dit in de beeldspraak der vrijage, waarbij zij een groote rol spelen, en veeltijds een niet onmiskenbaar vernuft verraden.

Poetjoeng-maat.

Djaring pandjang ajana dina parahoe,
teu poegoeh kahajang.
Bengkel kaoeng tjoemawene,
dioek nangtoeng barang tĕda hĕnteu ngeunah.

Woordelijk vertaald, wordt dit:

Een lang net ligt in het vaartuig,
onzinnig is de begeerte.
Tapsteel van een maagdelijke suikerpalm,
Of men zit dan wel staat, eten doet men niet lekker.

Onmiddellijk zal men moeten toegeven, dat deze regels, naar den strikten zin opgevat, een volkomen zinledige samenstelling vormen. Allerminst is zulks echter het geval; aldus de oplossing.

Djaring pandjang, laat zich in één woord zeggen, te weten: *majang*, sleepnet; onder: ligt in het vaartuig, versta men: in huis.

Majang is hier echter niet in de gegeven beteekenis bedoeld, doch wel in de andere, die het ook heeft, namelijk pinangbloesem = huwbaar meisje. Laatstgenoemd begrip is het hier vereischte.

De tweede regel sluit een vraag in, volgender wijs weer te geven: zou het al te dwaas zijn, je te begeeren?

Bengkel kaoeng tjoemawene is weder een omschrijving, en wel in dezer voege. Voor *bengkel,* tapsteel van een suikerpalm stelle men in de plaats het gelijkwaardige *djeunah,* door 't rijmwoord *ngeunah* aangegeven.

Kaoeng tjoemawene, beteekent maagdelijke, d. i. nog niet getapte, Arenga, saccharifera, hetgeen aangeduid wordt door het toestandswoord *tjoemawene,* in maagdelijken staat verkeeren, van *tjawene*, maagd.

Als incarnatie van Nji Pohatji Sanghjang Sĕri, de oorspronkelijke landbouwgodin, wordt namelijk de *kaoeng* als een vrouwelijk wezen beschouwd, die van haar prille jeugd, tot dat de palmwijntapper haar volwassen huwt, alle stadiën van jong meisje tot maagd wordt geacht door te maken. (1)

(1) Zie mijn artikel „Toekang sadap", in: Bijdragen t/d Taal-, Land- en Volkenk. v. Ned. Indië, 7e vlgr., dl. V., blz. 591 vv.

Bengkel kaoeng tjoemawene wil dus zeggen: even ontloken, ongerepte maagd.

De slotregel behoeft geen nadere verklaring; 't zal duidelijk wezen, dat 't geheel een verliefde smeekbede is.

Zóó ingewikkeld als het gegeven voorbeeld, zijn de *sindir's* echter maar zelden, getuige het volgende spotversje óp gescheiden vrouwen, dat aan duidelijkheid niets te wenschen laat.

Anak koeda soesoerian,
tikait tali kantjana.
Aja rangda seuseurian,
ngarĕboet eusi tjalana.

Met de gegeven voorbeelden acht ik de beteekenis van de *sindir* voldoende toegelicht; voor zoover deze in de voorafgaande *pantoen's* werd te pas gebracht, is daarvan onmiddellijk hieraan volgend een alphabetische opgaaf gevoegd, vermeldend het slagwoord en de beteekenis.

A.

TJARITA

NJAI SOEMOER BANDOENG,

anoe kapigarwa ratoe nagri

KOETA WARINGIN GIRANG.

Katjarita aja hidji nagara, ngaranna Koeta Waringin girang, bogoh koe palataran nagara :

Lemboer semoe noetoer ngidoel,
dengdek ngaler tjobor ngoelon,
lemboer karioeng koe goenoeng,
nandjak djalan ka tjaïna,
ngaranna Sri Katampian,
bogoh koe tata nagara,
lemah loehoer beunang ngoekoer,
lemah poetih beunang ngoekir,
lemah beureum ngagandonkeun,
diawoeran koe keusik seungit,
diawoeran koe batoe boeleud,
tingkaritjeup tingkarireum,
tanding oraj santja mojan,
njieun sitoe tebeh kidoel,
rantja genggong tebeh koelon,
aloen-aloen sewoe tjengkal,
tina midjina saketi,
djeung Toean Batara Toenggal,
pingitan sawidak lima,
babantjong dalapan poeloeh,
paseban lima ngadjadjar,
sok ngelir koetana beusi,
sok ngembat koetana wadja,

rogrog boerang malelana,
meunang ngahoentoe kalakeun,
nja eta awisan moesoeh,
moesoeh noe ti mega malang.

Ditingali pandjara beusi dalapan poeloeh lobana paragi noe lolongok kapelengok, noe maling kapanggih, noe nagih ge tara balik deui, sok dikekesek didjieun pangarih; tjadoe balik deui.

Ditingali pandjara babah baroeangna, warna ngaranna, warna roepana: baroeang leunggeuh, baroeang djoebleg, kidang, mandjangan, samber njawa.

Ditingali parabot perang: lisoeng beusi, kampaän beusi, tjalongtjong beusi.

Oraj welang pasarampaj,
babakaoer tebeh kidoel,
kamarangna tebeh wetan,
sapina toedjoeh gantoengan,
ngemplang timahna parigi,
ageungna toedjoeh pembedel,
paragi njedekkeun moesoeh,
reudjeung keur meudjeuhna hoeroeng,
hoeroeng tatadjoeranana,
siang pepelakanana,
melak doekoeh reudjeung manggoe,
melak nangka djeung tjampedak,
korma reudjeung mandalika,
melak gedang djeung bangkoeang,
melak ganas djeung rampenas,
djawer kotok djaringao,
antanan djeung gandaroesa.

Bisi ratoe poejeng nja mastaka, bisi galigir panas-tiris, mo weleh moepoekan njimboeran, tjaroge meunangkeun ratoe, teroes kana babantjong, paseban lima ngadjadjar, teroes kana papatihna di nagara Koeta Waringin, bat kalampitan panakawan kadeuheus noe kasep Koeda-aing-Lengser, Moending Waringin, Koeda Waringin. Aja deui noe panggagahna dahoean ratoe, noe kasep Kalang Soetra Panandoer Wajang, sakitoe reana papatihna.

Tjatoerkeun di padaleman rogrog ingon-ingon ratoe: poer poejoeh boentoetan sakembaran, oetjing tjantel tjandra mawa sakembaran, peusing sihoengan sakembaran, ngadangong banteng lilin sakembaran.

Saha djenengan ratoe?

Moending Keling Poespa Mantri, noe kasep bengker Menak Pakoean, Menak Pelag Padjadjaran, Satria Mangkoekawasa; sakitoe djenengan ratoe.

Endar loba pawarangna,
daroëh baroerej keneh,
noe geulis beunang ngeliran,
noe lendjang beunang ngiwatan,
opat poeloeh poendjoel doea,

noe katjatoer mah ngan doea,
anoe geulis Njaï ratoe,
Goerit Hadji Wira Mantri,
parandene aja keneh,
noe geulis Nimbang Waringin,
sakitoe anoe katjatoer,
dirioeng-rioeng koe geloeng,
dipeuseulan koe pinareup.
bisi ratoe njoenggoeh ngidoel,
bisi raden dengdek ngaler,
bisi bengkok koemaoela,
ratoe bendoe palaj taloe,
alam padang poë pandjang,
lakotoj sangkeloh mando,
ret toengkoel barina imoet,
barabat menak noe njembah,
ratoe teh bendoe koe naon,
hariring mantri ngalahir,
goemaligoet ratoe njaoer:
Nji bendoe hojong tataloe,
sapi moending teu sakedik,
koeda domba masih loba,
seug ngoeninga ka paseban,
ka noe kasep Kalang Soetra.

„Goesti, amit, koering rek ka paseban", tjek pawarang.

„Soemangga Njai", saoer ratoe, „geura miwarang tataloe rahajat loba, nini-nini, aki-aki, toekang soeling djeung karinding, toengkeb ka hoeloe dajeuh".

Si-lengser indit ka hoeloe dajeuh, ngoengkoengan nakolan bende.

Barang kitoe kadenge koe oerang pilemboeran rahajatna, goedjroed oerang pilemboeran, pokna: „ieu bende nahaon?"

Ari tjek noe saoerang: „bedjana djoeragan oerang tjoetjoerak meres nagara, koempoel ka nagara Koeta Waringin, pinoeh di hoeloe dajeuh, Patih djeung Peredjoerit, Toemenggoeng djeung Saradadoe, Djaksa djeung Goelang-goelang.

Saoer noe kasep Kalang Soetra: „Lengser, bedil geus dieusian? geura bawa ka hoeloe dajeuh seungeutan",

Enggalna bedil toeloej dibarawa ka hoeloe dajeuh, sarta koe Si-lengser toeloej disoendoet bari tjeulina diboentel koe djimpo, bisi katorekan; soet bedil disoendoet:

Pak geletek-geletek goer,
geus tjampoeh anoe tataloe,
tjloeng angkloengna doer bedilna,
geleger mariem dalem,
eär soerak kalangtaka,
goöng sada toemalawong,
ketoek sada oengkoet-oengkoet,

daoen tjaringin tibalik,
kadoepak sorana bedil,
daoen klapa tingsariak,
kadoepak sorana tinggar,
toekang soeling djeung karinding,
topeng katoet reudjeung ronggeng,
ngoengkoengan anoe tataloe,
goemaledag-goemaledoeg.
sada goegoer ka pingpitoe,
sada gelap ka limana,
manan koerang ditambahan,
manan repeh ditarikan,
djeug teundeun batan neundeun,
djag toenda batan bawa,
anoe diteundeun sampeureun,
anoe ditoenda bawaeun,
anoe keur pada tataloe,
di nagri Koeta Waringin.

Oerang njatoerkeun sora goöng djeung sora bedil, tjondong rokoj ka nagara Bitoeng Woeloeng, ka noe geulis Soemoer Bandoeng, Talagangsa Bitoeng Woeloeng, Emas beureum Toendjoeng poelo.

Soesah noe geulis Soemoer Bandoeng, ngadadangoekeun noe ngagoeroeh; soesah teu boga tanjaeun. Ras inget ka saderekna pameget noe keur tatapa dina dasar sagara, noe djenengan Rangga Wajang, aja djangdji memehna indit, soebaja memehna tapa, lamoenna boga kasoesah soepaja digeuingkeun bae.

Ari Nji Soemoer Bandoeng kagoengan rentjang istri, ngaran Njai Oegem, noe sok atjin ngemil pingping moending, njisigna koe samak boetoet, iroeng sakotak djeung mata, boeoekna ngan toedjoeh lambar menod pinoeh koe koetoe, koelit beuteung lilimboeheun, paragi ngenggon toembila.

Enggalna Njai Oegem dipiwarangan njajagikeun paroekoejan:

Lakotoj sangkeloh mando,
boel Nji Soemoer Bandoeng ngoekoes,
neundeun saoer toengtoeng koekoes,
panedja ka noe keresa,
sarta bari kieu pokna:

„Kang Rangga Wajang geura moelih ti patapaän!"

Teroes rasa ka noe tatapa, lilir tanghi, girap milepas manah, loentjat kana kikisik sagara bari newak roeas djimat Si-oendoer-oendoer; ngadaweung dina kikisik sagara, bari ngitoeng-ngitoeng pilakoekeun, ngetang-ngetang pilampaheun.

Eling ka doeloer, ka noe geulis Soemoer Bandoeng: „aing teh boga djangdji memeh indit, soebaja memeh tatapa, mana kitoe oge Soemoer Bandoeng boga kasoesah."

Inditna ti pangtjalikan,
loegajna ti pangtapaän,

ranggeong toenggang gamparan,
minteleng lilingga inten,
mendoeng bari papajoengan,
lentang bari pipidangan,
soemping kana ioeh tandjoeng,
kana kalangkang handjoeang,
mipir dina gambir woeloeng,
tjetjetrekan djodjogedan,
egang nintjak djoeroe sindjang,
djalan ditintjak sisina,
tengahna mah pidjagaeun,
soempingna ka aloen-aloen,
aloen-aloen sewoe tjengkal,
pingitan sawidak lima,
goeroedak ka padaleman,
ka noe geulis Soemoer Bandoeng,
kasampak kasondong aja,
ladjeng njaoer kieu pokna:

„Njai, engkang sampoerna soen neda eureun, nama deungdeung kadjeun sono pepes kesang balik deui."

Reret Njai Soemoer Bandoeng:
„bage daweg kembang djambe,
kamajang bagea datang,
kembang tjalik dina tjepil,
anak ing kakara soemping."

Tjalikna papajoen-pajoen ladjeng njaoer, kieu pokna: „Njai, akang rek diadjar tikoro kotakeun, tjareham hajameun, rek diadjar galehgeran; nanja, koe naon noe matak akang keur tatapa digeuingkeun?"

Wangsoelna Njai Soemoer Bandoeng: „akang, koering gadoeh dedengean, naon eta noe ngagoeroeh; didengekeun di loehoer asa di handap tjondong rokoj ka nagara oerang, nagara reugreug, nagara pageuh, nagara asa ajoen-ajoenan".

Saoer noe kasep Rangga Wajang: „noe matak akang moelih oge ti patapaän, gadoeh dedengean!

Tjeuk noe geulis Soemoer Bandoeng:

„kasab akang sok patanja,
koering mah lalaki gawir,
koering mah lalanang sentar,
koering mah ewer-eweran,
engkang koering mah teu njaho".

Saoer Rangga Wajang: „Njai koedoe njaho bae".

Wangsoelna Njai Soemoer Bandoeng: „engke atoeh engkang, oelah sok soentar-sentar matak kaboer pangatjian."

Seblak ngatja dina dampal panangan, dengdekeun ka tebeh kaler, barakbak nagara dina dampal panangan; barakbak roehaj anoe tataloe di nagara Koeta

Waringin; geurakeun teuing bagdja deungeun, tjaroge meunangkeun ratoe.

Demi kasaoeran Rangga Wajang: „Njai, hajang kagoengan tjaroge ka ratoe? soemangga oerang nanjaän ka nagara Koeta Waringin, oerang reboet tjarogena, tjaroge Nimbang Waringin."

Saoer noe geulis Soemoer Bandoeng: „engkang, koering mah alim teuing, kawantoe noe geulis Nimbang Waringin sok timboeroean teu poegoeh, toempang tereka ka noe saliwat, sok nampiling semah awewe."

Saoer Rangga Wajang:

„geus koemaha engkang bae,
ngamoek soengkoen perang lawan,
lamoenna arek bitjara,
hamo sabaraha boelan,
dek taroeng sabraha taoen,
mangga Njaï geura dangdan,
ratoe teh oerang tanjaän."

Saoer noe geulis Soemoer Bandoeng:

„soemangga engkang simkoering,
soemangga toeroen bantajan,
lamoen metoe sapamoendoet,
lamoen roepa sapamenta,
da koering emboeng badarat,
koering hajang toenggang banteng,
banteng lilin semoe gading,
kolotok bentang ranggeujan,
tandoekna salaka domas,
sareng boentoetna banjoe mas,
taroempah tambaga soekra,
tjeker warang oesoe-asa,
koe koering meureun ditoenda,
ditoenda di leuweung ganggong,
dina tangkal kopo tjondong,
sareng dina tjadas ngampar,
mangga engkang pangngalakeun."

Wangsoelna Rangga Wajang: „Njai, akang mah teu loedeung ka leuweung; noe bisa ngala banteng ngan Langen Sari Djaja Mantri Mas Wira Djajamanggala, adi akang, lantjeuk Njai, noe keur tatapa dina Sanghyang dampit noenggal, dipaparin djimat werat sadjagat."

Ari pokna noe geulis Soemoer Bandoeng: „soemangga engkang Rangga Wajang, koering pangneangankeun noe kasep Langen Sari."

Saoer Rangga Wajang: „Njai, djaoeh djoengdjoeng, anggang doa'keun."

Koleang noe kasep Rangga Wajang:

inditna ti pangtjalikan,
loegajna ti waton randjang,
ranggeong toenggang gamparan,

longok ka djorong pendokna,
soreang ka kalangkangna,
ragap kana tjangkeng genteng,
genteng tjangkeng hamo potong,
Dewata anoe ngajoega,
Galoedra tempoehanana,
Banaspati noe ngadjadi,
ka hareup ngarah sadjeudjeuh,
ka toekang ngarah salengkah,
ka hareup ladjoerkeun tineung,
ka toekang ngawawaäsan,
soempingna ka noe tatapa,

Watara satoembak, brek tapak dekoe, pok gontowong, pak gantawang, segor noe kasep Rangga Wajang: „raji ieu toeang raka, sampoera soen, kadjeun sono pepes kesang balik deui."

Djongdjon bae noe kerek noe tatapa.

Rangga Wajang sor ka hareup, toeloej newak toeoer Langen Sari, digeuingkeun teu daek njaring. Rangga Wajang keuheul, ditewak boeloe sotjana, ditongtak koe Rangga Wajang: „raji geura njaring, ieu toeang raka bade aja pitjarioseun!"

Enggalna Langen Sari lilir tanghi, girap milepas manah, njaring barina ambek, pokna: „kana naon ali beusi aing pidekkeunana, hajang hiroep geura oendoer, hajang paeh tagen."

Saoer Rangga Wajang: „raji, poma oelah waka bendoe, ieu engkang toeang raka noe ngageuingkeun."

Atjong Langen Sari anoe njembah: „ampoen sarewoe ampoen, soegan teh lain toeang raka."

Saoer Rangga Wajang: „deuk diadjar tikoro kotokeun, tjareham hajameun."

Saoer Langen Sari: „dipiwarang naon koe noe geulis Soemoer Bandoeng."

Wangsoelna Rangga Wajang: „raji dipiwarang ngala banteng; ari toeang raka teu loedeung ka leuweung. Poen Soemoer Bandoeng ngadjak toeroen bantajan, ngadjak nanjaän ka nagara Koeta Waringin."

Demi djawabna Langen Sari: „noen soemangga, raji loedeung ka leuweung ngala banteng."

Koleang noe moelih ti pangtapaän:

manggih moending rarakitan,
manggih koeda papasangan,
moen inten mah sakoeroengan,
tjetjetrekan djodjogedan,
rampajak babadajaän,
ramboet pandjang diroendajkeun,
menod ramboet make gengge,
lain gengge noe galede,
sagede siki sasawi,
beunang narapang koe emas,

beunang ngarenjek koe inten,
menak gagah parakosa,
wedoek taja noe ngoengkoelan,
menak manggoelang-manggoeling,
soempingna ka padaleman,
kasampak-kasondong aja.

„Njai, engkang sampoera soen."

Djawabna noe geulis Soemoer Bandoeng: „aeh, engkang, mangga, atoeh oelah tjalik didinja, ka dieu kaloehoer Sala manggoeng:

„mangga oerang dioek tepoeng,
tepoengan sapanandoekan,
anoe geulis Soemoer Bandoeng,
sok hanteu ngamoending pasir,
da hanteu ngagadjah reuma,
hanteu santen doedoek-dadak,
sarolong noe diasorkeun,
sereleng noe dikeserkeun,
gawawak dimadanaän.

„Soemangga engkang, geura ngalemar, didjodjode dimomorekeun, hatoeran djelema hade."

Tjalik papajoen-pajoen sarta bari ngalemar; hariring noe kasep Langen Sari, pokna: „noe matak akang keur tatapa digeuingkeun, rek aja naon pikarsaeun?"

Saoer noe geulis Soemoer Bandoeng: „engkang, koering pangngalakeun banteng di leuweung ganggong."

Ari pokna Langen Sari: „Njai, akang teh hanteu njaho di roepa banteng, hajoe atoeh djeung Njai oerang ka leuweung, soepaja ditoedoehkeun bae roepana banteng ngamoekna mah koemaha akang."

Wangsoelna Njai Soemoer Bandoeng: „soemangga." Sareng ka rakana Rangga Wajang kieu pokna: „akang Rangga Wajang, mihape nagara, koering rek ka leuweung ganggong."

Saoer Rangga Wajang: „Njai, noen soemangga."

Koleang Njai Soemoer Bandoeng ka leuweung djeung rakana Langen Sari.

Mendoeng bari papajoengan,
lentang bari pipidangan,
tjetjetrekan djodjogedan,
leuleus keupat bisa angkat,
leuleus pigeulang panangan,
leuleus batan awi tali,
awi tali anoe ngora,
adat-adat anoe kasep,
anoe kasep Langen Sari,
ngewer sindjang kotak nonggeng,
kotak nonggeng popohoan,
sisi saroeng dina poendoek,

boedjoer mah tembong toenggirna,
mipir pasir njoekang lebak,
dina leuweung sakeukeudeung,
soemping kana kopo tjondong,
soemping kana tjadas ngampar.

Saoer Njai Soemoer Bandoeng: „engkang, banteng teh rek ditjaloekan ti dieu bae."

Tjek Langen Sari: „soemangga kersa Njai."

Lakotoj sangkeloh mando,
ret toengkoel barina imoet,
boel anoe ngoekoes di leuweung,
neundeun saoer toengtoeng koekoes,
panedja ka noe keresa,
„Banteng lilin sia hiap,
ka dieu tjoendoek ka boekoe,
kadieu datang ka mangsa.
sakeudeungan oelah lila".

Geus kitoe banteng teh loeak-lieuk ngadenge sora Njai Soemoer Bandoeng; gantjangna koleang banteng anoe njampeurkeun.

Banteng lilin semoe gading,
kolotok bentang rangeujan,
tandoekna salaka domas,
ari boentoetna banjoe mas,
taroempah tambaga soekra,
tjeker warang oesoe-asa,
tjongklang lemboet manggoet-manggoet,
sisirig banteng adean.
soempingna ka anoe geulis,
anoe geulis Soemoer Bandoeng,
eta banteng teh brek depa,
depa moendoet ditoempakan,
ditalian tjinde woeloeng.
banteng ditatap dioesap.

Demi saoer Njai Soemoer Bandoeng ka banteng: „ajeuna oetoen, oerang toeroen bantajan ka nagara Koeta Waringin girang".

Banteng toeloej oenggeuk, moenna madjar: „soemangga".

Ari saoer noe geulis Soemoer Bandoeng ka toeang raka: „engkang Langen Sari, ieu geus beunang banteng teh".

Tjek Langen Sari: „atoeh soemangga Njai, geura angkat".

Koleang Nji Soemoer Bandoeng,
sarta bari toenggang banteng,
dina leuweung sakeukeudeung,
dina tegal sabengbatan,
mipir pasir njoekang lebak,
leuweung ganggong sima gonggong,

kaïna bangban djeung bingbin,
bangban-bingbin bobonelan,
tapok djeung kiara djanggot,
soempingna ka aloen-aloen,
aloen-aloen sewoe tjengkal,
pingitan sawidak lima,
babantjong dalapan poeloeh,
paseban lima ngadjadjar,
soempingna ka padaleman,
ka noe kasep Rangga Wajang.

Saoer Njai Soemoer Bandoeng ka Rangga Wajang, pokna: „engkang, ieu simkoering sampoera soen, neda eureun nama deungdeung, kadjeun sono pepes kesang balik deui."

Segor noe kasep Rangga Wajang ngawalon: „Njai, banteng koe saha beunangna? akang ajeuna mah, mo inggis ngadjoeroengkeun".

Saoer noe geulis Soemoer Bandoeng: „beunangna koe noe kasep Langen Sari".

Ari tjek Rangga Wajang: „Njai, soemangga, atoeh ajeuna oerang toeroen bantajan ka nagara Koeta Waringin, tapi banda Njai koemaha dibawana?"

Enggalna Njai Soemoer Bandoeng njandak tjoepoe djimat, toeloej banda sanagara ditoenggoeloeng ditjoepoean kabeh; beak lenglang, nagara djadi tarikolot.

Saoer noe geulis Soemoer Bandoeng: „engkang Rangga Wajang, ieu banda geus beunang njoepoean, kamanakeun?"

Tembalna Rangga Wajang: „bikeun bae ka Si-ogem".

Koe noe geulis Njai Ogem, tjoepoe anoe eusi banda sanagara sanggeus ditampanan, dipake paseuk geloeng.

Enggalna Njai Soemoer Bandoeng djeung Si-ogem toeloej toenggang banteng, sarta bari njaoer ka rakana, pokna: „hajoe, engkang, oerang toeroen bantajan tea".

Demi saoer rakana: „Njai, atoeh soemangga".

Rangga Wajang njandak djimatna, roeas Si-oendoer-oendoer, Langen Sari njandak doehoeng kaboejoetan, noe ngaranna Si-toendoeng-moesoeh.

Inditna ti pangtjalikan,
loegajna ti waton randjang,
koeriling noe ngala hoerip,
nendjrak lemah toedjoe kali,
mepet bajoe toedjoeh lengkah,
ngarah dawoeh anoe lima,
ngarah poë anoe toedjoeh,
kalapati geus dipoengkir,
kalabaja geus ka toekang,
ka hareup ngarah sadjeudjeuh,
ka toekang ngarah salengkah,
ngabroel-ngabroel ngaboeboehan,
ngembat-ngembat ngabantajan,
bat deuï Den Langen Sari,

bat deuï Den Rangga Wajang,
Soemoer Bandoeng toenggang banteng,
ngaleut ngeungkeuj ngabandaleut,
adat Raden Langen Sari,
neglak bari tetembangan,
tjetjetrekan djodjogedan,
rampajak babadajaän,
tara soengkan manggih lawan,
tara emboeng manggih moesoeh,
tara inggis sebit koelit,
tara rempan bentjar dada,
ana toengkoel njoö doehoeng,
ana tanggah santen imoet,
soreang ka kalangkangna,
ragap kana tjangkeng genteng,
genteng tjangkeng hamo potong,
soempingna ka aloen-aloen,
aloen-aloen sewoe tjengkal,
pingitan sawidak lima,
babantjong dalapan poeloeh,
goeroedoeg ka hoeloe dajeuh,
ka nagri Koeta Waringin,
Koeta Waringin beh girang.

Ari tjek noe geulis Soemoer Bandoeng: „engkang, ieu teh nagara naon tea?"

Saoerna Rangga Wajang: „nja ieu, Njai, nagara Koeta Waringin teh".

Toeloej noe geulis Soemoer Bandoeng hatoeran ka rakana, kieu pokna: „engkang, atoeh sae oerang ngarereb heula sakeudeung di dieu".

Enggalna pada tjalik papajoen-pajoen, bari Rangga Wajang njaoer ka toewang raji: „Njai, nja ieu ka dieu oerang nanjaän teh!"

Ari saoer noe geulis Soemoer Bandoeng: „atoeh lamoen kitoe, ajeuna geura engkang geuwat ngadeuheus ka paseban, ka noe kasep Kalang Soetra, sarta oelah poepoelih arek nanjaän, koedoe poepoelih arek lalandjang boedjang bae".

Saoer Rangga Wajang: „antosan ka Njai di dieu, engkang rek ngadeuheus ka paseban, ditampa teu ditampa, engkang tangtoe gantjang moelang deui ka dieu".

Wangsoelna Njai Soemoer Bandoeng: „noen soemangga".

Enggalna Raden Rangga Wajang indit:

Koleang noe ka paseban,
Ngelak bari tetembangan,
mendoeng bari papajoengan,
longok kadjorong pendokna,
soreang ka kalangkangna,
ragap kana tjangkeng genteng,
anoe gilik boeboedina,
anoe leah lelewana,

pantes monjong heheotan,
ngelak bari tetembangan,
soemping ka kalapa gading,
datang ka kalapa gendjah,
mipir dina gambir woeloeng,
soempingna mah ka paseban,
paseban lima ngadjadjar,
kasampak kasondong aja,
pok gontowong pak gantawang,
anoe kasep Rangga Wajang,
barina ngotjopkeun pajoeng.

Demi soerna Rangga Wajang: „ji, Kalang Soetra, ieu akang, sampoera soen, neda eureun nama deungdeung, pepes kesang balik deui".

Reret noe kasep Kalang Soetra bari njaoer: „aeh, raka, mangga atoeh, oelah tjalik didinja, ka dieu ka loehoer Sala manggoeng, lampit hidji sapotong sewang, oerang dioek tepoeng sapanandoekan".

Adat Rangga Wajang: bangkong lodor, tjaktjak lewaj; da halal, hade loentjat kana korsi gojang, edeg-edegan dina korsi gojang, sisikoe paseban moeroeboet.

Ret noe kasep Kalang Soetra, saoerna: „raka, raji rek diadjar tikoro kotokeun tjajeham hajameun, rek diadjar galehgeran nanja:

„timana nja lemboer matoeh,
timana nja dajeuh maneuh,
bandjar karang pamidangan,
lemah tjaï kapoetihan,
nagara antjik-antjikan,
maksoed teh arek kamana,
atawa poelang ti mana,
djeung saha deuï nja batoer,
lemboer mana noe didjoegdjoeg,
nagri mana noe disedja,
toetoep djoeroe oempak lintjar,
ajeuna geura tembalan".

Saoer noe kasep Rangga Wajang: „noehoen sarewoe dipariksa; ari dipariksa lemboer teu pati djaoeh, nagara teu pati anggang, ti nagara Bitoeng Woeloeng. Ari dipariksa batoer ragem, ditoenda di hoeloe dajeuh, ponggawa tiloe. Ari dipariksa djenengan, noe geulis Soemoer Bandoeng Talagangsa Bitoeng Woeloeng, emas beureum; panakawanana Nji Ogem. Ari dipariksa pamegetna, anoe kasep Langen Sari, pamojokan boedak angon; nja ieu beungeutna noe kasep Rangga Wajang. Ari dipariksa lemboer noe didjoegdjoeg, nagara anoe disedja teu aja, sedja ngadeuheus bae ka adjengan, soeganna ditampa rek miloe hoeroen soedjoed ka ratoe, tangkal ing bakti ka mantri, dek djadjap koemaoela, dek lalandjang dek boeboedjang, hanas aja sawah sabraha baoe keun ninggalina mah koemaha koering, hanas aja toetoeeun sabaraha tjaeng keun koemaha noe geulis Soemoer Bandoeng ningalina mah".

Ari saoerna Kalang Soetra: „raka, koering teh mo gantjang-gantjang narimakeun; kawantoe boga doeloer awewe sahidji dianggo geureuha ratoe noe panggeulisna, noe djenengan Njai Nimbang Waringin, sarta sok bedang ti boeboedak, sok timboeroean teu poepoegoeh, toempang terka ka noe saliwat, sok nampilingan semah awewe; perkara ajeuna koemaha noe geulis bae Njai Nimbang Waringin, ditampa teu ditampa".

Pokna Rangga Wajang: „perkara ieu mah diampihan tjitjing, teu diampihan tjitjing, oepama noe boga nagara ngamoek, soengkoen perang lawan, bitjara mo sabaraha boelan".

Kalang Soetra per moeriang teu kawajan, rasana, ngan sirikna teu ngahilingkeun ka noe boga nagara. Pok gontowong, pak gantawang, segor njaloekan Si-lengser: „Lengser sia ka dieu!

Torodjol Lengser ti pongpok gedong.

Ai saoerna Kalang Soetra: „Lengser, geura oendjoekeun ka padaleman, ka noe geulis Nimbang Waringin, jen ajeuna aja tatamoe djaoeh, baraja anggang, tampa atawa entong?"

Koleang Si-lengser noe babalapan ka padaleman.

Basana ngentoeg ngagoeroeh,
basana ngentag ngageder,
naradjang kikis paboeïs,
kandang djaga patoelajah,
soempingna ka padaleman,
atjong Si-lengser noe njembah.

„Goesti, ieu abdi, sampoera soen, neda eureun, nama deungdeung pepes kesang balik deui".

Reret ratoe ti padaleman, hariring mantri, goemaligoet ratoe njaoer, njabda beukas ka panakawan: „Lengser sia dek kamana, poelang ti mana, dipiwarang naon ti paseban koe noe kasep Kalang Soetra.

Tjek Si-lengser: „goesti, abdi manggoel pioetoes, ngemban piwarangan; dipiwarang ngoendjoekkeun jen aja tatamoe djaoeh, baraja anggang".

Saoer ratoe: „pangdenge aja semah, semah awewe atawa lalaki?"

Tembalna Si-lengser: „soemoehoen awewe doea, lalaki doea".

Saoer ratoe: „Lengser, saha ngaranna semah teh?"

Tembalna Si-lengser: „doepi djenenganana noe ka paseban Rangga Wajang, ari noe tiloean deui ditoenda di hoeloe dajeuh, anoe djenengan Langen Sari, Soemoer Bandoeng, djeung panakawanna Njai Ogem; menggahing kasaoeranana: rek lalandjang rek boeboedjang, rek miloehoeroen soedjoed ka ratoe, tangkal ing bakti ka mantri, djadjap ngawoela ka menak".

Saoer ratoe: „pangdenge teh, Soemoer Bandoeng?"

Tjek Si-lengser: „goesti, soemoehoen".

Ari kasaoeran ratoe:

„Lengser geura tampa bae,
eukeur ponteng kanoe koneng,
tjoeëut nineung ka noe hideung,

palaj ka noe bangbang awak,
ajeuna mah oeningakeun,
ka kang raka Kalang Soetra,
Soemoer Bandoeng tampa bai,
Noe geulis Nimbang Waringin,
djongdjon-djongdjon ngadangoekeun,
ratoe eukeur sasaoeran,
noe geulis Nimbang Waringin,
gebrag-gebroeg mere semoe,
lelewa teu panoedjoeëun.

Toeloej noe geulis Nimbang Waringin njaoer ka Si-lengser, pokna: „Lengser, dedengean teh aja semah, sabaraha oerang djeung saha ngaranna?"

Tembalna Si-lengser: „ari djenenganana anoe geulis Soemoer Bandoeng Talagangsa Bitoeng Woeloeng Emas beureum Toendjoeng poeloe, Rangga Wajang djeung Langen Sari, sareng panakawanna ngaran Njai Ogem, ari kasaoeranana: rek miloe koemawoela, rek lalandjang rek boeboedjang".

Saoer Nimbang Waringin: „Lengser, palangsiang ditampa!"

Tjek Si-lengser: ari saoer toeang raka, Raden Kalang Soetra, koemaha Nimbang Waringin bae, anoe matak henteu gantjang-gantjang ditampa, ajeuna mah agan, geura tjalik ka paseban bae".

Saoer Nimbang Waringin; „paingan Lengser, aing kekerenjedan dampal panangan, tajoh geus heubeul teu nampilingan semah awewe".

Nimbang Waringin garetek noe goemamengan, bari sasaoeran: „Lengser, kadjoedi koe aing, kailo koe badan djompo, eta teh Si-soemoer Bandoeng lain rek lalandjang, lain rek boeboedjang, rek nanjaän ka ratoe".

Enggalna noe geulis Nimbang Waringin sareng si-Lengser toeloej angkat ka paseban.

Koleang noe ka paseban,
garetek noe goemangmengan,
beunangna di samping djangkoeng,
soempingna mah ka paseban,
kasampak kasondong aja.

Barang soemping Nimbang Waringin, ohek, ngareuhak ka Rangga Wajang. Tapi koe Rangga Wajang reuhak ditakis, ditakisna koe geloeng pajoeng, reuhak malik deui kana pipi.

Noe geulis Nimbang Waringin,
goebrag-gebroeg mere semoe,
lelewa teu panoedjoeëun,
timboeroean teu poepoegoeh,
henteu soedi kaäntjikan,
matak sebel ngagarindjel,
matak giroek ngagaritjoe.

Saoerna Nimbang Waringin ka toeang raka Kalang Soetra: „engkang, keur naon pigaweëunana Si-soemoer Bandoeng, didjieun pangampih djepit, poerah

noetoe diawoer-awoer, poerah ngedjo ditinggalkeun, poerah ngasoeh boedak ditjiwitan, gero bae tjeurik kaindoengnakeun, didjieun poerah di padaleman, dek bogoh ka doenoengan; engkang poma oelah ditampa, eta teh Si-soemoer Bandoeng arek ngareboet tjaroge koering!"

Reup geuneuk, rai pias Rangga Wajang bari njaoer ka noe kasep Kalang Soetra, pokna: „perkara ajeuna diampihan tjitjing, henteu tjitjing; hanas noe boga nagara ngamoek soengkoen, perang lawan, bitjara mo sabraha boelan, noe geulis Soemoer Bandoeng ditamboeroekeun enggeus koe Njai Nimbang Waringin, toempang terka ka noe saliwat; pendekna koering neda tempo sakedap, rek nejang noe geulis Soemoer Bandoeng ka hoeloe dajeuh, dek dititah menta tjarogena Njai Nimbang Waringin, ajeuna oerang adoekeun bae sakalian."

Pok Kalang Soetra njaoer ka noe geulis Nimbang Waringin: „tah, mana oge ari sasaoeran koedoe dioekoer, njabda koedoe dioengang, pelengkoeng beukas njalahan".

Ari tjek Nimbang Waringin: „keun bae, engkang, Si-soemoer Bandoeng djeung koering pilawaneunana; eta mah si Rangga Wajang ambek, geus adatna."

Enggalna Raden Rangga Wajang toeloej angkat ka hoeloe dajeuh.

Tjetrek noe toenggang gamparan,
menteleng lilingga inten,
gebaj sapoetanganana,
rampit tjaretjet djeung kawat,
paragi njoto noe bentol,
ramboet pandjang diroedajkeun,
menod ramboet make gengge,
lain gengge noe galede,
sagede siki sasawi,
beunang ngagempeng koe inten,
beunang narapang koe emas,
meulit di landean doehoeng,
soemping ka djalan prapatan,
mipir kikis adoe manis,
mapaj mah toeroet bagbagan,
tjoendoekna kana sajoeran,
soempingna ka hoeloe dajeuh,
ka noe geulis Soemoer Bandoeng.

Rangga Wajang toeloej njaoer ka toeang raji, pokna: „Njai, ieu akang geus balik ti paseban!"

Tembalna noe geulis Soemoer Bandoeng: „aeh, engkang, koemaha ditampa atawa henteu?"

Saoerna Rangga Wajang: „ari kasaoeran noe geulis Nimbang Waringin kieu: „noehoen sarewoe, gerah salaksa, soekoer boga pibatoereun; kawantoe geureuha ratoe, noe matak sewel hade ka semah."

Ari tjek Soemoer Bandoeng: „aeh, engkang, sok ngahadekeun deungeun, poegoeh ngewaeun; geuning ka koering Si-nimbang Waringin goebrag-gebroeg

mere semoe, lelewa teu panoedjoeeun, malah ka koering njarekan meak-meakkeun: si-monjong, si-peot, si-doesoen meledoeg; koering bejak ditjarekan koe noe geulis Nimbang Waringin, timboeroean teu poepoegoeh, toempang tereka ka noe saliwat. Ajeuna mah, engkang, ari geus teu ditampa oelah keukeuh, soemangga oerang moelih bae, koering mah sieun ditampilingan koe noe geulis Nimbang Waringin."

Saoer Rangga Wajang: „perkara ajeuna mah, Njai, montong kapalang: oerang ditimboeroekeun enggeus, ditereka enggeus, pendekna meunang teu meunang, oerang penta bae tjaroge Nimbang Waringin, amoek soengkoen perang lawan."

Tembalna Soemoer Bandoeng: „ari engkang keukeuh kedeuh, nja mangga bae, tatapi koering minta dibantoe."

Saoer Rangga Wajang: „Njai, montong sok ngaborongkeun akang."

Seblak Soemoer Bandoeng sarta njaoer: „engkang, ieu banteng lilin kamanakeun ?"

Saoer Rangga Wajang: „Njai, asoepkeun bae kana djero tjoepoe, noe dipake paseuk geloeng Nji Ogem."

Enggalna banteng toeloej ditjoepoean koe noe geulis Soemoer Bandoeng, sanggeus njoepoean banteng, toeloej ngagedogkeun salirana, ngadjadikeun nini-nini, sarta ladjeng arangkat ka paseban.

Geus meunang disamping djangkoeng,
raksoekan saserek sikoe,
inditna ti pantjalikan,
loegajna ti hoeloe dajeuh,
ngaleut ngeungkeuj ngabandaleut,
ngembat-ngembat ngabantajan,
tara soengkan manggih lawan,
tara emboeng nimoe moesoeh,
tara inggis sebit koelit,
tara rempan bentjar dada,
soempingna ka ioeh tandjoeng,
kana kalangkang handjoeang,
mipir dina gambir woeloeng,
montong ditjatoer djaoehna,
montong diteang anggangna,
henteu koengsi dipilemek,
soempingna mah ka paseban.

Toeloej Rangga Wajang njaoer ka noe kasep Kalang Soetra, pokna, „raji, ieu akang, sampoera soen, neda eureun nama deungdeung, kadjeun sono pepes kesang balik deui".

Tembalna Kalang Soetra: „mangga akang, atoeh oelah tjalik didinja, ieu di dieu ka loehoer Sala manggoeng, lampit hidji sapotong sewang".

Tjek Rangga Wajang: „da halal"; toeloej loentjat, tjaralik papajoen-papajoen di paseban.

Tjatoerkeun Nji Soemoer Bandoeng,
lakotoj sangkeloh mando,

ret toengkoel barina imoet,
tjalikna dina kamalir,
dina kamalir paseban.

Enggalna Nji Soemoer Bandoeng toeloej njaoer ka noe geulis Nimbang Waringin, pokna: „Eteh ieu koering, sampoera soen, neda eureun nama deungdeung kadjeun sono pepes kesang balik deui.

Ari noe geulis Nimbang Waringin eukeur mah ngewa didatangan, enggalna toeloej ngareuhak, ohek bro kana lahoenan Njai Soemoer Bandoeng, tapi andjeunana toengkoel bae.

Goebrag-gebroeg mere semoe,
noe geulis Nimbang Waringin,
lelewa teu panoedjoeëun,
njaoerna tara dioekoer,
njabdana tara dioengang,
pelengkoeng beukas njalahan,
nja koetoe di hoeloe sapoe,
mareman di sajang hajam,
noe geulis Nimbang Waringin,
kalangkoeng kinteur baliweur,
Soemoer Bandoeng ieu deuleu,
nja koedoe deuleu koe beungeut,
nja koedoe bintang koe sotja,
kadjoedi koe pikir aing,
kailo koe badan djompo,
karep sia Soemoer Bandoeng,
laïn karep rek boeboedjang,
laïn karep rek lalandjang,
sia teh edek nanjaän,
nanjaän salaki aïng,
rasa binasa koe aïng,
tatjan ngolohkor babatjok,
tatjan bedjad nja tangkoerak,
koemaki sia Moer Bandoeng,
hajang lakian ka ratoe.
batan kitoe roepa monjong,
kawoewoehan enggeus peot,
roepana doesoen meledoeg,
sia oerang pagoenoengan,
ajeuna aïng teu soedi,
henteu soedi kaäntjikan,
henteu soeka kaäjaän,
koe sia teh Soemoer Bandoeng,
sia teh geura djor mantog,
bet païngan teuïng aïng,

ngan kekerenjedan bae,
nja dina dampal panangan,
geus heubeul teu nampilingan,
henteu nampilingan semah,
hajoe oerang silihawoer,
silihawoer pangaweroeh,
reudjeung oerang silihboera,
silihboera pangabisa,
pada mantekkeun kasakten,
pada ngoembar kaendahan,
djeung sasana boedak ngora,
tjarekna Nimbang Waringin,
aïng daek boga maroe,
njeta boga maroe sia,
lamoen saroea djeung aïng,
njeta saroea geulisna,
ajeuna mah oerang papak,
papak tanding ngadoe djoerit.
papak tanding ngadoe geulis,
nerapkeun balabar kawat,
balabar kawat salembar,
papanggoengan opat poeloeh."

Ohek deui, ohek deui noe ngareuhak ka Soemoer Bandoeng, mani geus nambroe reuhak dina lahoenan.

Segor noe kasep Rangga Wajang, pokna: „naha sia Soemoer Bandoeng kawas boeëuk beunang mabok bae, ajeuna koe sia geura lawan, ditimboeroekeun enggeus, ditjarekan euggeus, angoer penta bae sakalian tjarogena, ngambek soengkoen, perang lawan!"

Ari saoerna Soemoer Bandoeng ka Nimbang Waringin, pokna: „Eteh, moegi oelah bendoe, koering mah sedja rek lalandjang, rek boeboedjang, kitoe soteh ari ditampa, ari teu ditampa mah mo maksa."

Boro toeroes djalma aloes,
lelendjer djelema bener,
wong bebet djelema hade,
boro mah geureuha ratoe,
njaoer mah tara dioekoer,
njabda teu dioenggang-oenggang."

„Aeh, Nimbang Waringin, naha njatjapek teh djangdji ngagablag, njarekan: si-monjong, si-peot, si-doesoen meledoeg, djeung njimboeroekeun teu poepoegoeh, toempang terka ka noe saliwat; mana kitoe ge koe enggeus teu koeat njaroengan njaboekan, ajeuna tjaroge sia kadieukeun bae, soegan mah aing ge koeat njaroengan, njaboekan, dibikeun teu dibikeun koe aing dipenta."

Hanas ngadjak papak tanding,
sok baë geura nerapkeun,

balabar kawat salambar,
djeung nerapkeun papanggoengan,
opat poeloeh teh geura pek,
silihawoer pangaweroeh,
silihboera pangabisa,
oerang ngoembar kaendahan,
teu timoe itoeng goegoeroe,
teu bisa itoeng patanja.

Enggalna noe geulis Nimbang Waringin geuat bae ngarontok, da rasa maneh dilawan koe semah. Barang ngarontok, koe Njai Soemoer Bandoeng ditjentok: bloek nangkoeban, datang ti toekang, disepak: blak nangkarak, datang ti gigir dibanting: bloek njoeoeh. Barang kitoe toeloej bae ngatjir loempat, kawantoe teu bisa males.

Koleang anoe keur loempat,
loempatna ka padaleman,
menta toeloeng ka maroena,
bari boeoek ngariringkik,
soempingna ka padaleman,
ka maroena opat poeloeh,
bari njaoer kieu pokna:
„ajeuna Si-soemoer Bandoeng,,
beuki tjoetjoed beuki boeroeng."

Ditimboerakeun kalah menta tjaroge, diadjak ngadoe geulis ngalawan; „mangga atoeh ajeuna oerang hoeroep koe sararea, sageuj oerang teh eleh koe Si-soemoer Bandoeng, lamoen atjan ngosohkor babatok, bedjad tangkoerak, tatjan poeas koering teh, kongan ngalawan ka priboemi; soemangga geura terapkeun balabar kawat salambar, papanggoengan opat poeloeh".

Enggalna noe geulis Nimbang Waringin sareng paramaroe-maroe toeloej darangdan, kawantoe noe rek ngahoeroep moesoeh.

Meunang toedjoeh poë toedjoeh peuting Nimbang Waringin ngome geloeng woengkoel.

Seblak menak anoe dangdan,
djeung maroena opat poeloeh,
ka loehoer ngarampa geloeng,
ka handap ngarampa sindjang,
rongkongna ka djero kobong,
ringkangna ka kadjoearan,
njandak kompor panganggona,
rampid teh kompor djeung sisir,
seblak noe geulis meresan,
tjarentik pabalik-balik,
tjarentang papoelang-poelang,
paragi doejoeng njaroenggoeh,
paragi pelet njarantel,
soesoen geloengna sapoeloeh,

neëpna mani salawe,
oempakna geloeng salapan,
ngala djabing ti tjepil,
reana salawe siki,
ngaloemat dina tarangna,
reana salawe lambar,
dikaweul koe iboe leungeun,
disoeroepkeun koe djaridji,
ditepak koe pigeulangna,
sangkan eta geloeng rantjoeng,
malar rantjoeng ka katoehoe,
mangkana tjapang ka kentja,
tjeplak nonggong koleangkak,
heong geloeng lir badodon,
sedeng odoj sedeng denok,
sedeng loegaj sedeng lendjang,
eta geloeng hamo oetjoel,
hamo oetjoel koe satahoen,
moal loegaj koe saboelan,
parantos beunang digeloeng,
njandak deuï beubeur beuteung,
beubeur beuteung tjinde beureum,
tjoemeket benten kantjana,
benten noe sadjeungkal tea,
lain benten noe merean,
tjangkeng noe merean keneh,
sindjangna siringsing wajang,
noe mahal ditatar wetan,
parerene ditedoenan,
sok mongplo noe nganggo inja,
saloempir sarangka bitis,
saroebang sarangka awak,
tapak geloeng djeung kangkaloeng,
siger bengker djeung pamener,
basana anoe disindjang,
kadjeun kendoe lebah boedjoer,
kadjeun langsit lebah birit,
soepaja nangtoeng ka loehoer,
pikeun noengkoes semoe deungeun,
bedang mah teu kanjahoän,
njandak deuï ali tjingtjin,
ali piroes dina tjoeroek,
widoeri dina djaridji,
nganggona geulang dalapan,

njandak deuï soewéng rorong,
soewéng rorong tata ganggong,
toetoepna émas talanggong,
dipoentjakan intén ngora,
séreg soeéng dideétkeun,
reup peureum peupeureudeujan,
kadjeun peureus damo sieup,
kadjeun njeuri damo geulis,
sadia beunangna dangdan,
sakabeh pawarang ratoe,
opat poeloeh poendjoel doea,
ngabaris beunangna dangdan,
dangdanna di padaléman,
djeung teundeun di padaléman,
anoe énggeus pada dangdan,

Tjatoerkeun di paseban anoe geulis Soemoer Bandoeng.

Ari tjek Langén Sari: „Njai, atoeh geura dangdan; geureuha ratoe geus dangdan kabeh."

Djawabna Soemoer Bandoeng: „mangga, tapi éngkang, koering anteur heula rek siram ka koelah Djamban rarangan, rek ngoembah reuhak Nimbang Waringin".

Koleang Nji Soemoer Bandoeng,
inditna ti pangtjalikan,
loegajna ti waton randjang,
leuleus keupat bisa angkat,
leuleus pigeulang panangan,
leuleus batan awi tali,
awi tali anoe ngora,
ditjoekangan monjet mandah,
manan potong kalah ngélaj,
énggeus soemping kana koelah,
nja eta Djamban larangan,

Saoer Soemoer Bandoeng: »éngkang, geura antosan, koering rek siram, ngoembah reuhakna Nji Nimbang Waringin,"

Ketjéboer noe geulis mandi,
Soemoer Bandoeng kokodjajan,
ngaroeroe oenggal boeboekoe,
dikasaj oenggal roeasan,
nja keusik-keusik baréntik,
nja tjadas-tjadas lalesang,
pake siram koe noe geulis,
anoe geulis Soemoer Bandoeng,
noe hideung sariga teuleum,
noe hedjo sariga dano,
parantos beunangna siram,

Saoer Soemoer Bandoeng: „engkang, soemangga oerang moelih ka paseban, da parantos siram teh."

Koleang noe ka paseban,
mendoeng bari papajoengan,
dek ngaroengroeng manggih moesoeh,
soempingna teh ka paseban,
seblak Soemoer Bandoeng dangdan,
rongkongna ka djero kobong,
ringkangna ka kadjoeäran,
njandak kompor panganggona,
rampid komporna djeung sisir,
seblak noe geulis meresan,
tjareutik pabalik-balik,
tjarentang papoelang-poelang,
hapoer kembang galing moentang,
paragi doejoeng ngaroenggoeh,
paragi pelet njarantel,
soesoenna geloeng sapoeloeh,
neëpna mani salawe,
oempakna mani salapan,
ngalaloemat dina tarang,
nepak geloeng koe pigeulang,
tjeplak nonggong koleangkak,
ngaheong sada badodon,
sedeng odoj sedeng denok,
sedeng loegaj sedeng lendjang,
sedeng gindi sedeng geulis,
parantos anoe digeloeng,
njandak deuï beubeur beuteung,
beubeur beuteung tjinde beureum,
tjoemeket benten kantjana,
benten noe sadjeungkal tea,
lain benten noe merean,
tjangkeng noe merean keneh,
sindjangna giringsing wajang,
noe mahal di tatar wetan,
mahal oge ditedoenan,
sok mongplo noe nganggo inja,
saloempir sarangka bitis,
saroebang sarangka awak,
tapoek geloeng djeung kangkaloeng,
siger bengker djeng pamener,
basana anoe disindjang,
kadjeun kendoe lebah toeöer,

kadjeun kendoe lebah boedjoer,
kadjeun langsit lebah birit,
soepaja nangtoeng ka loehoer,
makana njoewar da handap,
ambeh babari ngalengkah,
parantos anoe disindjang,
ali tjingtjin dina tjinggir,
ali piroes dina tjoeroek,
widoeri dina djaridji,
nganggona geulang dalapan,
soeeng rorong tata ganggong,
toetoepna emas talanggong,
dipoetjakan inten ngora,
sereg soeeng dididetkeun,
ret bentik ngalingga manis,
sadia beunangna dangdan,
noe geulis Nji Soemoer Bandoeng.

Oerang toenda tjarita noe geus dangdan.

Oerang njatoerkeun noe kasep Kalang Soetra, enggalna njaoer ka Si Lengser, pokna: „Lengser, koe sia bende geura takol, koempoelkeun rahajat oerang kabeh".

Toeloej Si Lengser geuat indit bari nakolan bende. Mani ngoengkoeng sora bende di aloen-aloen, enggalna goedjroed oerang pilemboeran rahajatna; pok ieu: »bende naon?" pok ieu: „bende naon?"

Ari tjek noe saoerang: „bedjana djoeragan oerang rek papak tanding ngadoe kageulisan; koempoelan patih, perdjoerit, toemenggoeng, soldadoe, djaksa, goelang-goelang pada njarandak parabot kabeh, geus heurin oesik kasaeor koe tangtoeng di nagara Koeta Waringin girang, endar noe nawarkeun balabar kawat, papang-goengan opat poeloeh".

Barang geus kitoe noe kasep Kalang Soetra toeloej njaoer ka Langen Sari, pokna: „Langen Sari, geura man, doeloer silaing bawa, ajeuna oerang adoekeun kageulisanana!"

Ari tjek Langen Sari: „mo enja semah noe heula, koedoena ge priboemi noe ti heula; geura man, pawarang ratoe tembongkeun".

Toeloej Kalang Soetra njaoer ka Si-lengser, pokna: „Lengser, geura kaloear-keun pawarang ratoe, djeung sia koedoe manggoel pajoeng iringkeun kana balabar kawat salambar".

Lengser sanggeus beunang dangdan, toeloej geuat ngalaän sosi lawang pa-daleman. Barang geus diboeka lawangna, riab pawarang ratoe opat poeloeh poen-djoel doea, arangkat ka aloen-aloen kana balabar kawat salambar, ngalioed pawa-rang ratoe dina papanggoengan.

Ear soerak kalantaka,
morobot lemboer panorop,
saraoeh roetjoekna beusi,
tjampoer djeung boerang malela,
toembak tjagak paloe beusi,

pinoeh dina aloen-aloen,
limpas di djalan prapatan,
noe laladjo ngadoe geulis.

Kotjapkeun noe kasep Langen Sari, barang ningal jen pawarang ratoe geus riab, geuat bae njandak doehoeng kaboejoetan djeung ali beusi galigiran. Noe kasep Rangga Wajang njandak roeas djimat Si-oendoer-oendoer, bereset anoe di kandoeng Nji Soemoer Bandoeng. Enggalna bral bae kana balabar kawat salambar.

Inditna ti pangtjalikan,
loegajna ti waton randjang,
koeriling noe ngala hoerip,
nendjrag lemah toedjoeh kali,
mepet bajoe toedjoeh lengkah,
ngarah dawoeh anoe lima,
ngarah poë anoe toedjoeh,
koleang gandeuang angkat,
tjetjetrekan djodjogedan,
rampajak babadajaän,
tjawet poeril poepoerikil.

Bat Rangga Wajang djeung Langen Sari, bat deui Soemoer Bandoeng djeung panakawanna Nji Ogem, soemping kana balabar kawat salambar.

Barang geus soemping ka aloen-aloen, geuat noe kasep Kalang Soetra mapagen bari pokna: „geura pek, geura lawanan koe Soemoer Bandoeng".

Ari tjek Langen Sari: „priboemi heula, geura pek kana balabar kawat salambar!"

Enggal geureuha ratoe noe opat poeloeh toeloej loentjat kana balabar kawat.

Ari noe geulis Soemoer Bandoeng ngan ngadoekeun panakawanna, saoerna: „Nji Ogem, panglawankeun pawarang ratoe noe opat poeloeh!"

Toeloej Nji Ogem ngagedogkeun salirana, ngadjadikeun noe geulis taja tandingna.

Barang geus kitoe, Nji Ogem toeloej dihapit koe moesoehna noe opat poeloeh.

Langen Sari pok njaoer: „Patih, Perdjoerit, Toemenggoeng, Soldadoe, masing awas! geura deuleu koe beungeut, lintang koe sotja, geulis mana doeloer dewek, djeung pawarang ratoe?"

Tembalna Patih, Perdjoerit, Toemenggoeng, Soldadoe: pok ieu „geulis noe tengah".

Ari tjek Rangga Wajang: „koemaha katarana geulis?"

Tembalna Patih djeung sararea, pokna: „geloengna pantjoeh, panganggona rapat, tjahajana teu aja anoe ngoengkoelan".

„Koemaha pawarang ratoe katarana eleh?" tjek Langen Sari.

Djawabna Patih djeung sararea: „noe doea poeloeh teu bisa nganggo, kararendoe papakeanana; noe doea poeloeh deui teu bisa digeloeng". Pok ieu „eleh", pok ieu: „eleh pawarang ratoe noe opat poeloeh!"

Ngadjerit Nimbang Waringin, pokna: „Soemoer Bandoeng sia ngeleh-ngelehkeun priboemi, hajoe djeung aing sia pilawaneunana!"

Loentjat Nimbang Waringin djeung maroena Nji-djoerit Hadji kana balabar kawat salambar. Nja kitoe deui noe geulis Soemoer Bandoeng geuat loentjat; toeloej dihapit koe moesoehna noe doea.

Tjek Langen Sari: „masing awas patih, perdjoerit, geulis mana Soemoer Bandoeng djeung Nimbang Waringin atawa Nji-djoerit Hadji?"

Goedjroed sanagara, pokna: „geulis semah, geulis semah."

Tjek Langen Sari: „koemaha katarana?"

Djawabna djaksa: „ari Soemoer Bandoeng geloengna pantjoeh, panganggona rapat, anoe matak djadi kasilep pawarang ratoe noe doea."

Saoerna Rangga Wajang: „koemaha katarana eleh geureuha ratoe?"

Djawabna djaksa: „Nji-djoerit Hadji bener panganggona rapat, geloengna pantjoeh, ngan handjakal garareuneuk teu aja tjahjaän. Ari Nimbang Waringin geloengna saroea, panganggona saroea, ngan handjakal oerat tarangna sagede haloe loeloempang, pangaroeh djelema bedang."

Ger noe soerak dialoen-aloen, pokna: „geureuha ratoe eleh deui, geureuha ratoe eleh deui!"

Nimbang Waringin keuheuleun ka Soemoer Bandoeng, ari pokna: „ajeuna Soemoer Bandoeng, oerang papandjang-pandjang boeoek."

Tjek Langen Sari ka Soemoer Bandoeng, pokna: „lawan bae."

Nimbang Waringin djeung Soemoer Bandoeng toeloej loentjat kana balabar kawat; baradal ramboetna dioedar.

Tjek Rangga Wajang: „oerang Koeta Waringin, deuleu koe beungeut, lintang koe sotja, pandjang mana ramboet Soemoer Bandoeng djeung Nimbang Waringin?"

Djarawabna: „saroea! saroea! saroea!"

Ari tjek Rangga Wajang: „tjik deupaän."

Barang pek dideupaän, noe geulis Nimbang Waringin aja opat deupa, ari noe geulis Soemoer Bandoeng aja lima deupa; djadi geureuha ratoe eleh sadeupa, toeloej sakabeh ngomong: „eleh."

Djerit nangis Nimbang Waringin bari njaoer, pokna: „katjida teuing sia Soemoer Bandoeng ngeleh-ngelehkeun priboemi, manan oetjoel kalah boeroek, hajoe, ajeuna oerang patapis-tapis dina keris."

Tjek Rangga Wajang: „Soemoer Bandoeng geura lawan bae."

Enggalna Njai Nimbang Waringin toeloej njandak doehoengna toeang raka Raden Kalang Soetra bari loentjat kana balabar kawat, didioekan doehoeng perahna.

Soemoer Bandoeng nja kitoe deui njandak doehoengna toeang raka Raden Langen Sari sarta barina loentjat kana balabar kawat, didioekan doehoeng tjongona.

Saoer Rangga Wajang: „tapis mana doeloer Kalang Soetra djeung doeloer dewek?"

Pokna noe rea: „tapis keneh Soemoer Bandoeng."

Tjek Rangga Wajang: „koemaha katarana tapis?"

„Ari Soemoer Bandoeng mah dioekna dina tjongo doehoeng, sarta kawatna teu melendoeng", tjek sararea.

„Na koemaha ari Nimbang Waringin?" tjek Rangga Wajang.

Pok noe rea: „ari Nimbang Waringin mah dioekna dina landean sarta kawatna melendoeng".

Ger soerak sanagara: „Nimbang Waringin kawon".

Pok deui Nimbang Waringin, njaoer: „Soemoer Bandoeng, hajoe, ajeuna

oerang silihawoer koe pangaweroeh, ajeuna oerang paloba-loba banda".

Tjek Rangga Wajang ka Soemoer Bandoeng: „geura lawan bae, montong inggis".

Toeloej noe geulis Soemoer Bandoeng njaoer ka panakawanna Nji Ogem, pokna: „Ogem, geura kadieukeun tjoepoe tea".

Gantjangna moerangkalih teh toeloej ngapoeng:

beuki loehoer pangapoengna,
tarik batan mimis bedil,
paboeroe-boeroe djeung manoek,
paheula-heula djeung heulang,
pahiri-hiri djeung geuri,

kalampoedan koeöeng-koeöeng,
kalampatan mega bodas.

Datangna ka madja gantang, pek moerangkalih eureun bari ningalian noesa tigang poeloeh tiloe, bangawan sawidak lima.

Sanggeus katingali aja nagara, nja eta nagara ramana tea, nagara Galih Pakoean. Malah-malah aja noe katingali pisan di boeroean padaleman tetela moerangkalih Aria Banga keur diasoeh koe pertoemenggoeng, diaping prabopati, dipirig koe tatabeuhan wantoe poetra ngan sahidji.

Sanggeusna katingali koe moerangkalih, toeloej mikir barina pek sasaoeran ari pokna: „geuraheun teuing anoe kagoengan iboe rama moerangkalih wani diasih koe paratoemenggoeng, dipirig koe tatabeuhan. Ari seug diri sorangan, djelema kateler-teler, dioek dina batoe semper; soegan bae djaga mah kaemper-emper."

Sanggeus kitoe, moerangkalih teh ningali deui ka handap, ningali Nini djeung Aki eukeur sare tibra pisan. Bari toeloej dipisaoer koe moerangkalih di loehoer, saoerna: „karoenja teuing, koe Aki djeung Nini abong sare beunang njirep taja pisan kaelingan, wani tjeulina pinoeh koe peuti, panon dilampat koe sireum, palangsiang matak doraka. Hajang teuing bisa moelang tamba ka Aki djeung ka Nini, dek diadjar njieun lemboer, tatapi hajang oelah kalawan koe anggahota, palangsiang mo bisa, lamoen teu kabawa koe anggahota."

Tatapi keur mikir kitoe, toeloej bae moerangkalih kapandjingan koe soekma tea, prak bae moerangkalih njipta babakan di Geger soenten; doemadakan aja bae lemboer aloes pisan.

Geus kitoe, moerangkalih toeloej toeroen balik kana lemboer tea; teu katjatoer di djalanna; gantjangna, geus datang bae.

Barang datang, Aki kasampak masih keneh sasarean reudjeung Nini.

Nini djeung Aki digeuingkeun, toeloej bae hararoedang.

Barang ningali nini-nini geus aja lemboer, henteu njana jen beunang moerangkalih njipta, nini-nini toeloej tjeurik barina nanja ka Aki, ari pokna: „Aki, kaoela koe langkoeng heran mikiran ka moerangkalih, tadi-tadi dipepende, ajeuna njaritakeun datangna ti mega malang djeung ieu bet aja imah. Naha, ieu lemboer saha, mana aloes-aloes teuing; palangsiang djol noe boga, oerang daek-daek leboer toetoempoeran, paeh dipontrang heulang, didjodjo wet deungeun, sabab ieu lemboer saha?"

„Aeh, Nini, montong dipake heran sangeunah sabab ieu aja lemboer dadamelan moerangkalih, koedoe eling, Nini teh, ka basa katoekang, geuning basa eukeur ngajoen moerangkalih teh diwarah koe Nini nitah: kemploeng mapas di alas titah mabakan koe Nini. Ajeuna geus aja boekti, aja lemboer aloes pisan, nja ieu noe boga djieun njata teh moerangkalih."

„Aeh, Aki, teu njana teuing, moerangkalih keneh, bet geus bisa njieun lemboer. Atoeh, ajeuna mah noehoen sareboe, gerah-gerah salaksa, beurat njoehoen, beurat nanggoeng, beurat narimakeun inja."

„Ngan perkawis ajeuna asep meudjeuh, oelah angkat-angkat deui, da enggeus rioeng moengpoeloeng, aja Nini, aja Aki reudjeung djoeragan."

„Mo ajeuna mah, Eni, sasemet ajeuna katoekang kahareup mah koemaha deui

da adatna koedoe njaba, ngan ajeuna koering ka *E*ni aja panoehoen, koering teh koe hajang hajam djago atawa bikang, lamoen diajaän hajam, hate koering meureun soeka."

„Aeh, asep, *E*ni mah teu boga hajam."

Bari Nini toeloej poesing, ngomong njarekan ka Aki, pedah moerangkalih aja pepentaänana."

Ari pokna: „Aki, oelah sok tjitjingeun, ajeuna, djig, geura leumpang, Aki geura njiar hajam, sartana koedoe meunang. Lamoen Aki henteu meunang, koela geura serahkeun bae, koela geura talak tiloe, nadjis aing katjitjingan, henteu soeka kaäjaän, geura djor moen geura mantog!"

Aki anggoer seuri: „aeh, Nini sakeudeung-keudeung serahkeun, abong-abong nja bikang, biwir sok njiroe rombengeun, tjeuli sok tjeuli lentaheun, pagawean ngan ngetjebrek. Ajeuna mah, oelah kitoe, oerang teh dek leumpang bae."

Bari toeloej Aki dangdan.

Amitan ka moerangkalih, ari pokna: „djoeragan, hatoeranan intjoe boeboe paranakan sair bintjang, ajeuna teh, Aki amit rek njiar hajam tea."

„Montong waka leumpang, Aki, da geuning bareto aja endog di djero kanagan; ajeuna mah, tjik, geura tjokot koe Aki."

„Aeh, djoeragan, adoeh enja bareto teh aja endog, palangsiang djadi kotok bongkok katjingtjalang."

„Mo, Aki, ajeuna mah tjokot bae."

Top koe Aki ditjokot di djero kanagan tea, bari toeloej disanggakeun koe Aki ka moerangkalih.

Ari pokna: „soemangga, djoeragan, ieu endog teh, ajeuna dek dikoemaha da endog teh ngan sahidji?"

Ari tjek moerangkalih: „ajeuna mah endog teh rek dibawa bae leumpang ka Goenoeng Padang, kapan bareto oge, tjek Aki, aja Naga Wiroe eukeur tapa di Goenoeng Padang. Ajeuna dek dideuheusan koe koering, soegan bae kersaeun njileungleuman endog tea; koe koering rek diteda poeroenna."

Tjek Aki: „nja, mo boeroeng daekeun."

Gantjangna moerangkalih toeloej leumpang bari njandak endog hidji.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Toeloej bae ngadeuheusan bari pioendjoek sakali ari pokna: „agoeng-agoeng bebendoe, Naga, abdi njoehoenkeun paidin doemeuheus ka kersa Naga."

Naga toeloej bae moeni, tapi omonganana hanteu beres tjara oerang, ngan oekoer bisa njeboetkeun „kok."

Pok deui bae moerangkalih ngawalonan: „anoe matak ngadeuheusan, koering hajang dipangnjileungleumankeun endog hidji, sartana koedoe megar."

Tjek Naga: „kok."

Pok deui ngomong moerangkalih, ari pokna: „opatpoeloeh poë koedoe bae bisa megar boeloena sore-isoekeun, isoek-isoek koedoe roepa poetih koening radjeg wesi, dengdek lohor koedoe djadi koelawoe santoel."

„Kok," tjek Naga.

Tjek moerangaalih: „djeungna deui, pamatoekna tegoeh rahajoe, djawer aprak

toela bela kantjana, babaloengna, wesi koening poerasani, koelitna dingding besi keling, koetoena koe wadja djepoen, siïhna tjampaka koedoe, sisit bitis pamor poeter, dampalna koe batoe lapa."

Naga toeloej ngawalonan, ari pokna teh : „kok."

Ti dinja moerangkalih teh amit, dek moelang ka Geger soenten ; geus kaidinan, toeloej moelih.

Barang dongkap sasaoeran ka Nini reudjeung ka Aki, ari pokna : „Aki, koering geus datang, endog teh geus ditinggalkeun."

Ari Nini tjeurik bae barina ngomong njarekan ka noe ngaran Aki tea, ari pokna : „Aki mah diantep bae moerangkalih loeas-leos, disina ka Goenoeng Padang, palangsiang engke mah toeloej ninggalkeun. Aki mah bet bangkawarah, beuki kolot beuki djebrog."

Geus kitoe, Aki ngawalon : „Nini, oelah sok njarekan djeung oelah sok tjeurik teuing, djeung oelah dipake melang, pedah moerangkalih leumpang, kapan geuning aja babasan: koedrat kawasa, iradat kersa, keur aloes koedratna hade pangwarah oerang djadi pangaloesna."

„Aeh, heuëuh," tjek Nini.

Nini-nini toeloej ngomong oendjoekan ka moerangkalih : „djoeragan, ajeuna enggeus, oelah getol teuing angkat, Nini mah langkoeng melang."

„Mo, Eni, koering teh koe hajang sare, tatapi koedoe djeung Eni eudjeung Aki."

Toeloej ka pakoeleman tiloean pada arebog.

Tatapi moerangkalih ngawatek sirep, dipake njirep Aki reudjeung Nini, toeloej sasarean tibra Nini reudjeung Aki.

Moerangkalih mah teu sare, anggoer mikir pilampaheun, tatapi tetela geus kapikir, mikir hajang boga soempit.

Geus kitoe, toeloej bae moerangkalih hoedang. Ngageuingkeun ka Nini reudjeung ka Aki pokna : „Nini geura hoedang reudjeung Aki."

Sanggeus hoedang, moerangkalih sasaoeran, pokna : „Nini, hajang teuing boga soempit."

Nini anggoer tjeurik, ari pokna bari tjeurik : „adoeh, asep, oelah sok loba teuing kapalaj, dek moendoet soempit, oelah ka Nini, koedoe ka Aki bae nja moendoet."

Toeloej bae moendoet ka Aki, ari tjeuk Aki : „adoeh, goesti, soemangga bae, ajeuna Aki dek leumpang bade ngala pisoempiteun."

Prak Aki dangdan barina njoren koedjang pangarak, barina njorendang endong ; top bari mawa iteuk, toeloej bae Aki leumpang.

Mapaj di lebah Tarawas,
barabat di patapaän,
nangtoeng di Goenoeng Manglajang,
mapaj di lebak kodjengkang,
brabat di lebah Tij-lengkrong,
nangtoengna di Oedjoeng beroeng,
ngelek ngeser gede bage,

nangtoeng di sisi Tji-taroem,
biribit di Goenoeng Geulis,
nangtoengna ka Pasir Moendjoel,
moro-moro kakoelonkeun,
soreang malik ka toekang.

Aki-aki toeloej eureun barina ngomongkeun lampah.

Ari pokna: „adoeh, aing kapohoan, leumpang njoreang ka toekang, baring soepagi sing troes ka anak intjoe, katelahkeun Lemboer Kopo; sabab oeroet aing kapohoan, njorean nendjo ka toekang djaga kaseboet Soreang neuteuk ka lebah Pameungpeuk, gilisir di Pasir Ipis."

Aki bari eureun.

Pok deui bae ngomong: „adoeh, aing ti imah geus rada beurang, ari datang ka dieu, bet asa isoek deui. Ieu panon poë kahalangan koe goenoeng, baring soepagi djagana ge heubeul isoek."

Toeloej kana tjoekang haoer,
mipirna di Tji-sondari,
ngelek ngeser tiloe gebleg,
moro-moro kakoelonkeun,
tjat nandjak ka hidji goenoeng,
ngaran goenoeng Tampak Roejoeng,
mapaj deui ka lebakna,
moeroena ka Goenoeng Haloe,
meuntas di lebah Tji-sokan,
nangtoeng di lebah Tji-andjoer,
ngelek ngeser semoe ngaler,
nintjak di lebah Tji-matjan,
nangtoeng di sisi Tji-koendoel,
nangtoengna di Mega mendoeng,
ngelek ngeser Goenoeng gede,
ngalongok Goenoeng Pangrangon.

Aki-aki toeloej dongkap kana hidji goenoeng, reg aki-aki eureun barina ngomong sorangan, pokna: „tobat-tobat, atoeh aing kabalason lalampahan, balangsiar atjan meunang, ari leumpang enggeus djaoeh, tatapi baringsoepagi, ieu hidji goenoeng sing troes ka anak intjoe katelahkeun Goenoeng Kendeng, oeroet aing koetoek gendeng keur eureun abdi teh mikir lila-lila geus kapikir." Ras eling kana pangarti, kasemprong sang kala bolong, prak bae ngatjoengkeun leungeun, ngeunteung koe dampal leungeun.

Lila-lila geus katembong aja pisoempiteun, tatapi tempatna geus kaliwat.

Tjek Aki: „adoeh, adoeh geus kaliwat, tatapi lamoen aing tjitjing bae hartina goenoeng tanpa toeloengan sagara tanpa laoetan, mo aja monjet hideungna. Ras eling kana adjianana djampe leumpang soepaja gantjang leumpangna. Ngaranna adjianana dadali poetih.

Toeloej diwatja sakali, kieu pokna:

„adjikoe dadali poetih,

mangoengkoeng saloehoer ing koeöeng-koeöeng,
mangangkang saloehoer ing madja gantang,
tjalik dina tanpoe angin,
dat sarapat, dat sarapat."

Aki-aki toeloej ngedjat, langkoeng gantjang lampah Aki.

Teu kakotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Datangna ka tadah poëk, kaboeroe koe waktoe boerit, pek Aki teh miroeha karepna dek dangdan obor, oborna geus anggeus bae malah geus diseungeutkeun. Tatapi Aki teh ngomong sarta sorangan bae, ari pokna: „em, moegi-moegi sing troes ka anak intjoe katelah lemboer Tji-damar sapedah oeroet aing peuting dadamaran."

Keur ngomong kitoe, beh manggih tamiang sadapoer pisan, ari pokna: „dalah, kabeneran bet aja tamiang aloes serta tamiang hideung asoep kana paroengpoeng; toeloej koe Aki diala ditoear koe koedjang tea.

Gantjangna Aki balagantrang toeloej bae balik sanggeusna meunang pisoempiteun aloes.

Teu katjarita di djalanna.

Gantjangna geus datang bae ka babakan Geger soenten njampak Nini reudjeung moerangkalih.

Aki toeloej ngomong, ari pokna: „goesti, Aki teh geus datang, tah! ieu pisoempiteun teh ajeuna Aki geus meunang."

„Noehoen, Aki, kadieukeun eta pisoempiteun dek didjieun?"

Sok bae koe Aki disanggakeun, tapi moerangkalih sasaoeran deui, moendoet dipangalakeun pikodjaeun.

Ari pokna: „Aki, ajeuna geura leumpang pangalakeun areuj kasoengka."

„Soemangga, goesti."

Gantjangna Aki pek indit bari njatjar kasoengka; geus meunang toeloej dibikeun.

„Asep, soemangga, ieu pikodjaeun tea."

„Atoeh, Aki, djieun bae doeaän, koe Aki reudjeung koe Nini."

Toeloej Aki njaloekan ka Nini, ari pokna: „Nini, oelah djongdjon teuing ngala toema dina samping."

„Ngadjentjoel soteh lain eukeur ngala toema, eukeur ngahoeaän irateun, kaoela rek njieun koekoelar."

„Paingan teuing ari heës djeung aing teh sok getek bae kana kelek, horeng teh toemboe koekoelar, ajeuna mah oelah kitoe, anggoer oerang njieun kodja."

Pek Aki anoe meulahan, Nini noe poerah maoed, moerangkalih noe ngarara.

Tina gantjangna moerangkalih enggeus njieunna rara, geus loba, toeloej sasaoeran ka Aki: „geura pek Aki, geura djeudjeutkeun."

„Soemangga, tapi sakoemaha beungeut kodja teh?"

„Sadeupa mider ge, Aki, meudjeuhna."

„Atoeh, njieun kodja tjetjetekan meureun asoep keroed sapoeloeh mah."

„Eh, ma Aki, lain piwadaheun maoeng, eta piwadaheun manoek."

Pek Aki ngadjeudjeut kodja ninggang kana dengdek lohor.

Kodja anggeus didjieunna, pek Aki teh ngomong, pokna: „asep, kodja teh anggeus."

Tjek moerangkalih: „soekoer, ma Aki, tapi eta kodja teh ngaranna si-dengdek poë, da anggeusna dengdek lohor."

Ari tjek Aki: „atoeh, soemangga, asep, tapi ajeuna koemaha pikersaeun?"

Tjek moerangkalih: „taja ngan oerang soesoempit."

Gantjangna bral bae leumpang, Aki reudjeung moerangkalih, diïring koe nini-nini.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun datangna bae kana leuweung anoe lega.

Beh manggih sahidji manoek tjitjing dina loehoer kai, ngaranna teh manoek tjioeng, djeung manggih sahidji sato ngaranna sato wanara, loeloentjatan dina kai.

Pek moerangkalih nanjakeun ka Aki reudjeung ka Nini, ari pokna: „itoe Aki, manoek naon, manoek hideung pinti koneng, reudjeung sato naon loeloentjatan dina kai?"

Tjek Aki: „manoek tjioeng djeung wanara."

Toeloej moerangkalih nangis, ari pokna: „eh, Aki, manoek teh oelah disoempit reudjeung eta hidji sato, aloes pingaraneun Tjioeng Wanara."

Tjek Aki djeung Nini: „soekoer, djoeragan hojong kagoengan djenengan mah, Aki mah ngan rek njaksian."

Moerangkalih nangis deui, ari pokna: „lobana tiloe, noe ti kidoel naonana, noe ti kaler naonana, noe ti tengah naonana, anoe matak aja tiloe indoengna reudjeung bapana noe ti tengah teh anakna. Eh, Aki, geuraheun teuing, manoek tjioeng boga indoeng boga bapa, ari koering saha nja iboe nja rama?"

Tjek Aki: „djoeragan, geura dangoekeun, ari toeang iboe tea noe kaseboet Naganing Roem, ari rama ratoe di Galih Pakoean."

Saoer Tjioeng Wanara: „soekoer pisan, Aki, ajeuna mah oerang balik heula bae ka boemi, ka Geger soenten."

Gantjangna bral bae moelih.

Teu kotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Barang datang Tjioeng Wanara amitan ka Aki reudjeung ka Nini, rek angkat ka Goenoeng Padang neang hajam. Malahan geus toeloej bae datangna ka Goenoeng Padang, kasampak naga teh aja noe njileungleuman endog tea.

Toeloej bae dideuheusan bari oendjoekan sakali ari pokna moerangkalih: „Naga, koering amit doemeuheus wireh ing koering bareto mihape endog, ajeuna koemaha, geus megar atawa tatjan?"

Koe Naga geuat ditembongkeun; malah geus djadi hajam boeloena teh poetih koening radjeg wesi, top bae ditjandak, bari toeloej bae moelih ka babakan Geger soenten.

Henteu kotjap di djalanna.

Geus dongkap ka Geger soenten, geus katingali koe Aki reudjeung koe Nini samalah toeloej ditaros pokna Aki: „djoeragan katoeran soemping sarta njandak hajam djago?"

Saoer Tjioeng Wanara: „enja, Aki, koering datang, samalah ieu mihape hajam koering pangomekeun."

Top koe Aki hajam teh ditjandak, tatapi Tjioeng Wanara toeloej bae sasarean di babakan Geger soenten.

Toenda heula tjarita anoe keur koelem.

Oerang tjarioskeun heula Aria Banga pedahna keur ngadoe hajam dipirig koe tatabeuhan sarta dipasamoan. Ari pasamoan tea dina tempat ngadoe hajam ajana di Bodjong Galoeh, tempatna di sisi tjai

dina pilis Tji-barani,
katoendjang koe Karang getas.
kasorog koe Tji-parabon,
di dinja tempatna ngadoe.

Oerang toenda tjarita lampah noe ngadoe.

Oerang tjaritakeun deui noe kasep Tjioeng Wanara sapedah geus goegah koelem di babakan Geger soenten.

Pek bae njaoer Aki reudjeung Nini ari pokna: „Aki geura kadarieu, ajeuna koering geus hoedang, sedjen teuing dadangoean, dangoe sora gamelan?"

Pek Aki ngadeuheusan malah toeloej naros sakali pokna: „koemaha nja pimanaheun noe matak njaoer ka Aki.

Saoer Tjioeng Wanara: „kaoela teh bade leumpang ka nagara Galih Pakoean sedja koela ngadoe hajam."

Demi tjek Aki: „perkawis rek ngadoe hajam, Aki teu bisa, rek njitoe lemboer teu bisa nambak tampian, teu njaram teu ngoelah-ngoelah djeung teu bisa mepet soember nambak sagara goentoer, ngan kari koemaha manah hade goreng ajeuna koemaha, galeuh."

Gantjangna Tjioeng Wanara idin teu idin ti Aki mo boeroeng angkat bae hajam teh ditjandak. Bral bae angkat; teu lila djol bae ka Goenoeng Padang.

Ti dinja pek pake-pake,
sing serewa dangdan hade,
disindjang songket kanoman,
dibeulitan tjinde kembang,
raksoekan gembrang kantjana,
dioedeng taboer peremas,
beleset noe njoren doehoeng,
landean disilanglangkeun,
menteleng pamendak inten,
doehoengna poen karawelang,
pamor poehoen ti poehoena,
pamor togog ti tjongona,
dipamoran pamor poeter,
ditengah poetri ginedong,
pamor alip gandja woeloeng,
ngaloempajang sapoetangan,
tjaretjetna soetra kembang,
sadia beunangna dangdan.

Gantjangna toeloej noe angkat:

inditna djeung kinasihan,
toeloejna djeung pangaweroeh,
leumpangna djeung pangabisa,
tapi loba papanggihan,
basana menak keur angkat,
manggih loetoeng moemoeloedan,
manggih oa keur ngadoa',
manggih monjet goreng gawe,
gawena maling berekat,
resep teuing doa' oa,
ditoeroetan bari leumpang,
leumpang koe Tjioeng Wanara.

Ari pokna doa' tea: „Mohoematjanir kondang salamet dewek sorangan."

Toeloej bae anoe angkat,
beh deui manggih gogoda,
aja doedoet eukeur ngangkloeng,
kadantja noe ngagantjangan,
djogdjog noe poerah ngengklokan,
towed poerah ngaroëlan,
ditoeroetan bari leumpang,
loemajan tatamba keueung,
doeroegdoeg enteg-enteg tjroeng,
gantjangna menak noe angkat,
geus dongkap ka heuleut alas,
deukeut kana katja-katja,
nagara Galih Pakoean,
djaoeh sapanjeloek deui,
pek Tjioeng Wanara eureun,
dina loehoer batoe datar,
sahandapeun tandjoeng noenggal.

Tjioeng Wanara ningali kana katja-katja tea, beh aja noe ngadjaga dina katja-katja djoemlahna aja tiloean. Ngaranna eta djelema: hidji Aki Geleng Pangantjingan, doea Aki Koeta Kahiangan, katiloe Jaksa Majoeta noe djangkoengna doearatoes limapoeloeh gas tea.

Ari tjeuk Jaksa Majoeta: „hahaj! bet baoe teuing djelema, lamoen koe aing kadeuleu, geus tangtoe bakal dihakan, soepajana teu kadeuleu."

Ari tembalna anoe doea: o! mangke mas, sampean oelah waka kitoe nja omongan, oerang teh dangoekeun heula, sabab oerang pangaja di dieu, dioetoes koe ratoe Galoeh piwarang ngadjaga lawang, bisi aja noe rek goreng hatena asoep ka nagara ieu noe matak koedoe didjaga."

Tjeuk Jaksa Mahajoeta: „atoeh enja, henteu salah pikir oerang nja kitoe pisan, ngan dewek koe enggeus heubeul hanteu ngahakan djelema, ajeuna, saha bae noe ngaliwat, geus tangtoe bakal dilebok."

Geus kitoe, kadangoe koe Tjioeng Wanara ari saoerna didjeroning manah: eta djelema tangtoe bakal nganiaja, tapi koemaha akalna soepaja oelah datang ka tjilaka, ah, leuwih hade dipipahokan koe aing."

Prak bae mapatkeun adjianana. Geus terap ka djalma noe ngadjaga tea, datang ka teu bisa nendjo ka Tjioeng Wanara.

Ladjeng Tjioeng Wanara ngaliwat ka katja-katja.

Barang datang ka pasar, katendjo koe oerang pasar,
tapi matak kaedanan,
tina sakitoe kasepna,
djalma loba geus ngagoeroeh,
paboeroe-boeroe nendjokeun,
matak reuntas randjang waroeng,
matak tibrobot golodog,
pake ngongton noe ngaliwat,
awak ing koe tina kasep,
loba anoe sisindiran,

Ari pokna:
„itoeh, euj, salaki saha,
lamoen seug salaki oerang,
tjara sakitoe kasepna,
ka tjai meureun diais,
ka pasar meureun dibawa,
ka lisoeng di poenggoe-poenggoe,
ngoendeur ka leuweung diakeup,
diakeup hamo di toekang,
kadjeun digesoh di hareup,
bisi direboet koe batoer,
warna omong djalma loba,
bawaning koe tina bogoh,
tapi montong diketjapkeun,
loba teuing omongkeuneun,
kotjapkeun gantjangna bae,
datangna ka tengah pasar,
aja hidji noe katjatoer,
nini-nini langkoeng kaja,
ngaran nini nini soegih,
kabedjaän koe sadaja,
bet aja noe kasep liwat,
geuat nini soegih dangdan.

Geus dangdan megatan di djalan ka Tjioeng Wanara, bari toeloej ngarontokan sarta tjeurik, ari pokna: „ieu teh bet intjoe eni, ajeuna teh datang deui, paingan, ti peuting kaimpi soemping, ti beurang kaetang datang. Ajeuna sidik boektina, hajoe! asep oerang balik."

Tatapi eta mah palsoe, lain nini saenjana.

Ari tjek Tjioeng Wanara: „nini teh, saha nja ngaran, wani ngarontok ka koering? Tjing, koering geura tingali masing sidik roepana koering."

Nini-nini toeloej tanggah,
ditendjo kana rarajna,
meni serab katendjona,
nini-nini ngeloek deui,
kawas boeeuk beunang maboek,
bawaning koe tina isin,
tatapi pek baë naros,
ari pokna: „eh djoeragan,
ti mana nja lemboer matoeh,
ti mana dajeuhna maneuh,
nagara antjik-antjikan,
bandjar karang panglajoengan,
nja bale geusan ngadjadi?"

Djawab Tjioeng Wanara:
„dipariksa lemboer koering,
djaoeh-djaoeh ti babakan,
ti babakan padoesoenan,
katelah pagoegoenoengan,
ari ngaran djisim koering,
njai ieu Ki Bagoes Langka."

Koe nini, enggeus kapikir, ari pokna: „aeh, kasep, paingan teuing ngaran teh Ki Bagoes Langka, da langka kapanggih koe eni."

Gantjangna toeloej diakoe, dibawa njimpang ka lemboer barina disoegoeh-soegoeh, tapi teu daekeun barangdahar wantoe tara saoemoerna.

Koe nini ladjeng ditaros: „naha henteu barangtoeang?"

Walonna Tjioeng Wanara: „lain nampik ka pangasih, ngan koering teu atjan pareng kana hajang barangtoeang, hajang soteh ngadoe hajam."

Tjeuk nini soegih: „adoeh, goesti, hajang ngadoe mah, soemangga da eni dipihapean sahidji hajam koe ratoe, ari hargana hajam doearatoes pasmat sahidji. Tapi rek diadoekeun, mah, soemangga bae, kadjeun teuing hajam anggoer kadjeun ngagantian da eni soeka katjida."

Tjeuk Tjioeng Wanara: „atoeh eni, hajoe oerang teang di mana ajeuna eta hajam."

Tjeuk nini: „di balandongan dikoeroengan."

Bral indit djeung nini ka balandongan; tina koeroeng dikentjarkeun hajam anoe ratoe tea.

Ti dinja toeloej Tjioeng Wanara ngaloearkeun hajam tina djero kisa; gantjangna prak diadoekeun tapi eleh hajam ratoe.

Nini soegih teh hoökeun, nendjo hajam ratoe eleh, pok bae nini teh ngomong: „adoeh, asep, hajam ratoe wani paeh, atoeh nini teh tjilaka toengtoengna, koedoe diganti saharga eta hajam."

Tjeuk Tjioeng Wanara: „geus tangtoe nja kitoe pisan, malah-malah koering oge koe nini dibere doeit."

Sok bae koe nini dibere doeit limapoeloeh pasmat, tapi eta nini pikirna asa ka intjoe sanadjan leuih ti sakitoe, pikirna rek mere bae ngan soepaja moerangkalih teu daekeun mawa doeit loba-loba, pikirna sangeukeun ridoe.

Ti dinja bral bae angkat. Asoep ka tempat gagaman tapi eta gagaman kabeh pada boga hajam, koe Tjioeng Wanara pek bae diasoepan sarta bari ngadoekeun hajam.

Tatapi teu kanjahoan waktoe keur ngadoe hajam, kawantoe bisa ngaleungit, malah-malah eta hajam sakoer anoe diadoeän kabeh oge pada paeh.

Gantjangna Tjioeng Wanara dongkap ka aloen-aloen, pek ngaganti roepa ngadjadikeun boedak hideung laer beuteung; nja kitoe deui hajamna djadi hajam koelawoe sentoel.

Pek bae boedak teh eureun handapeun tjaringin koeroeng, di dopang tjaringin soengsang, barina majoen ka wetan.

Oerang toenda tjarita anoe keur eureun.

Oerang njaritakeun heula noe ngaran Goentoer sagara djeung ngaran Bontot sagara, poetra ki Gadjah Manggala, balik beuteung masamoan, ngadoe hajam djalanna ka aloen-aloen.

Prok tepoeng djeung boedak hideung, toeloej ditanja koe noe doeaän, noe nanja langkoeng songong, noe ditanja teh belengong.

Ari pokna anoe nanja: „maneh teh oerang mana?"

„Kaoela teh oerang lemboer."

„Ti mana lemboer sampean?"

„Ti noe kakoeroeng koe pager."

„Da meureun aja loeöekanana?"

„Kapan dina tempatna."

„Naha sampean anak saha?"

„Kapan dewek anak bapa."

„Na, saha bapa silaing teh?"

„Kapan mah salaki indoeng."

„Ai ngaran saha?"

„Da dewek lain tikoekoer, tara njeboet ngaran maneh."

Ti dinja anoe doeaän toeloej pada ngambek bae, pedah dilawanan songong malah toeloej ngarontok ka boedak hideung, tatapina henteu beunang kawantoe bisa ngaleungit; anoe doea teh leungiteun toeloej bae pada balik, dek poepoelih ka ramana, ka ngaran Gadjah Manggala.

Barang datang, pok oendjoekan: „adoeh, ama, koering tiwas papanggih djeung boedak hideung ajana di aloen-aloen. Tapi teu poegoeh ngaranna bawana hajam sahidji boeloena koelawoe sentoel, koe poetra bade ditangkep tapi weleh, hanteu beunang, ajeuna sadaja-daja ama langkoeng oeninga."

Ti dinja Gadjah Manggala poesingna teu kira-kira, pek bewara ka gagaman miwarang nangkep boedak hideung. Gantjang kabeh pada boedal.

Datangna ka aloen-aloen, barang kasampak boedak teh geus ganti roepa, ngadjadi djelema madjana, henteu goreng henteu kasep; eta djalma anoe loba henteu bisaeun narangkep sabab geus ganti roepana.

Ti dinja djalma noe loba, kabeh geus pada lapor ngoendjoekkeun boedak teu aja. Nja kitoe, Gadjah Manggala oendjoekan ka ratoe Galoeh ngoendjoekkeun perkara boedak.

Ti dinja praboe ratoe njaoer ka Batara Lengser, saoerna: „Lengser, maneh geura dangdan teang sahidji boedak, boedak hideung laer beuteung, bawana hajam koelawoe sentoel. Ajeuna teh koedoe beunang sababna goreng dosana. Lamoen maneh bisa meunang ka eta hidji djelema, geus tangtoe maneh digandjar koe aing, pangsioen boga rahajat loba, ngora-ngora didjompokeun, mo dibere deui gawe."

„Noehoen, goesti, abdi sedja koemaoela", bari toeloej bae loempat.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun datangna bae djeung djelema anoe rea pok bae ngabageakeun ka eta noe ngaran Lengser, pokna: „oea, olot, engki, oejoet, mamang, kakang, bagea, ajeuna teh rek ka mana?"

„Dewek, anoe matak datang ka dieu, rek ngoemisi, rek neangan boedak hideung laer beuteung; soeganna aja di dieu?"

„Teu aja atoeh."

Ti dinja Lengser loempat deui, toeloejna ka nini soegih.

Barang datang, toeloej ngomong, pokna: „sampoera soen, nini soegih, koela amit arek ngandjang."

Tjeuk nini soegih: „rampes, oea Lengser, tara-tara ti sasari, ajeuna datang ka dieu, arek naon pibedjaeun?"

„Kaoela bade ngoemisi, rek neangan boedak hideung laer beuteung, bawana hajam koelawoe sentoel, soegan aja ka dieu?"

„Atoeh ka dieu mah teu aja, aja soteh lain kitoe, teu hideung, teu laer beuteung, ngan aja noe leuih kasep, ngaranna Ki Bagoes Langka, lemboerna ti padoesoenan, bawana sahidji hajam poetih koening radjeg wesi."

Ti dinja Lengser ngahoeleng, mikiran omongan nini; malah-malah geus kapikir koe Lengser, pok bae ngomong: „euleukeudeuheu bedog didenge kitoe komo oedjar isoen, henteu kitoe oge maning, ari basa maning: deui, basa deui: maning; tapi eta lamoen kitoe, boedak teh sahidji keneh noe hideung djeung noe kasep teh, tapina mo timoe lamoen teu dipetangankeun."

Prak Lengser metangankeun, malah geus katingal handapeun tjaringin koeroeng tetela boedak teh kasep.

Toeloej bae Lengser sisindiran:

„soemoer katoeroeban njiroe,
baregbeg ragrag ti para,
saoemoer kakara nimoe,
ngadegdeg bari kakara."

Tjek Lengser: „paingan teuing, henteu djaoeh ti itoengan, henteu anggang ti etangan, teu geseh ti hate dewek."

Ras eling ka djoeragan istri, ka Pohatji Naganing Roem, basana keur waktoe babar, bareto dikaja-kaja, didjeroem koe maroena, tjepil, sotja dimalaman, pananganana dibanda, boedak teh dipalidkeun. Ajeuna bet bisa datang, dibasakeun: kebo moelih pakandangan, nja moentjang laboeh ka poehoe; eta boedak tetela djoeragan dewek ngan handjakal saeutik lampah, djadi soeka-risi. Ari basa soeka, dewek

soeka, kadatangan koe djoeragan, basa risi, eta lampahna koe goreng hajam ratoe diadoean paeh kabeh."

Ti dinja kapikir deui koe Lengser. Kieu pikirna: „ah, keun bae, mo waka ditepoengan, mangke bae geus euweuh di aloen-aloen.

Toenda heula tjarita Lengser keur mikir.

Katjarita patih doea sakembaran, Patih Poerawesi, Patih Poeragading, sedjana ka pasamoan, bawana hajam sahidji, patepoeng di aloen-aloen djeung Tjioeng Wanara.

Gantjang bae ditanja koe Tjioeng Wanara, pokna: „dek ka mana paman, bet ngaleut doewaän?"

Papatih doea nembalan pokna: „naha, maneh wani-wani ka aing njeboetkeun paman? kapan aing teh papatih."

„Diseboet sia koe daek, diseboet paman ge moemoel."

„Naha, maneh anak saha?"

„Anak bapa"

„Saha bapa maneh teh?"

„Salaki indoeng."

„Indoeng maneh saha?"

„Kapan pamadjikan bapa."

Patih doea seuseurian ngadenge omonganana, bari toeloej ngadeukeutan. Bet katembong boedak teh mawa hajam, pek bae ditanjakeun: „ti mana maneh boga hajam mana aloes-aloes teuing?"

„Toeroenan tina sajangna, asalna indoeng bikang bapa djago, asalna tina endog."

„Atoeh poegoeh da geus djamak moepakatna; tjik ngilikan."

„Tah, geuning boentoetna."

„Abong-abong."

„Ih, abong-abong mah songong."

Ki patih gantjang ngadjak ngadoe, bari hajam dikentjarkeun tina kisa. Koe boedak pek dilawanan, hajamna pek dileupaskeun.

Ger bae diadoe; lila-lila toeloej eleh hajam patih teh.

Patih doea toeloej ngambek; barang rek ngarontok, Tjioeng Wanara ngaleungit, patih doeaän leungiteun.

Tjeuk patih: „doeh, rai, tiwas, hajam oerang paeh, boedak leungit."

Tjeuk raina: „keun bae, taksiran anak siloeman."

Patih toeloej ka paseban.

Oerang toenda tjarita patih noe doea.

Oerang balikan deui Lengser.

Geus indit ti nini soegih, djalanna ka aloen-aloen; prok tepang djeung Tjioeng Wanara.

Toeloej Lengser teh ditanja pokna: „rek ka mana oea?"

„Rek ka paseban, asep, miloe ka oea?"

„Emboeng, teu wawoeh."

Teu oemoem teu wawoeh djeung koering."

Enja, teu wawoeh da papanggih ge kakara."

Bari Lengser loempat ka paseban; moerangkalih oge loempat noetoerkeun Ki-lengser.

Barang datang ka paseban anoe kosong taja djelemaän, toeloej koe Lengser ditanja, pokna; aeh, asep teh anoe ti mana?"

Tjioeng Wanara ngawalon: „kapan koering ti padoesoenan, oea, nja koering noe ngaran Tjioeng Wanara, poetra Nini balagantrang, Aki balagantrang.

Tjeuk Lengser: „soekoer teuing, djoeragan, koe oea geus kaharti.

Pok nanjakeun ka Lengser: „ieu, oea, imah saha?"

„Ih, asep, ieu imah, paseban."

„Ari itoe noe soekoena opat sarta matana loba, naon?"

Korsi gading taboer inten."

„Paranti naon?"

„Paranti linggih radja."

„Koemaha lamoen koe koering didioekan?"

„Oelah, bisi doraka."

Tapi andjeunna maksa, toeloej bae kana korsi, datang ka korsi teh boeboek sabab awakna koe leuih beurat, wani bobot sewoe kati.

Lengser teh reuaseun pisan bari toeloej bae ngomong: „doeh, agan, tiwas oerang teh, tangtoe tjilaka, diseuseul koe noe kagoengan."

Moerangkalih teu sieuneun, anggoer toeloej seuseurian, anggoer pek nanjakeun deui, pokna: „itoe paranti naon?"

„Randjang katil sok dianggo radja koelem."

Moerangkalih toeloej oenggah kana randjang katil tea, bari toeloej dikiïhan kasoerna teh toedjoeh toempang.

Lengser teh teu bisa njarek kawantoe djoeraganana.

Ti dinja toeloej koe Lengser dibawa ka pasamoan.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun geus datang bae ka pajoeneun ratoe Galoeh.

Ladjeng bae dipariksa, saoerna: „ari maneh oerang mana?"

Tjioeng Wanara ngawalon: „abdi, oerang Geger soenten."

„Saha nja ngaran?"

„Abdi teh Tjioeng Wanara."

„Rek naon sedja teh datang ka dieu?

„Sinedja rek njorog ngadoe, gadoeh hajam sahidji, tatapi koe langkoeng awon."

„Mana hajamna?"

Toeloej hajam disanggakeun.

Koe ratoe geus diïlikan, bari toeloej ditanjakeun: „ieu hajam ti mana asalna?"

„Soemoehoen pariksa, goesti, ari asal hajam abdi toeroenan tina sajangna, indoeng bikang bapa djago, ngendog satahoen sahidji, sajangna koedoe kanagan."

Tjeuk ratoe: „paingan hajam teh bet aloes."

Sabotna kitoe kadangoe koe Dewi Pangrenjep sarta kaharti saomongna Tjioeng Wanara, toeloej bae njaoer Lengser moendoet ka djamban.

Barang datang ka djamban, pok bae ngomong ka Lengser, saoerna: „eh, Lengser, sok ras inget ka embok Naganing Roem basana keur waktoe babar di-

kaja-kaja, ari ajeuna noe dipitjeun koe aing, bet bisa datang ka pajoeneun ratoe, aing teh kalangkoeng sieun."

Tjeuk Lengser: „montong dianggo karisi sababna teu boga iboe, ari ajeuna mah, geura akoe bae koe gamparan."

Tjeuk Dewi Pangrenjep: „mangke, Lengser, koe aing dipikir heula, ajeuna mah, maneh geura bral bae Tjioeng Wanara deukeutan."

Gantjangna Lengser teh toeloej njampeurkeun Tjioeng Wanara.

Kotjapkeun deui ratoe keur mariksa Tjioeng Wanara; mariksa pitoempangeunana.

Ari walonna: „abdi teu ngabantoen toempang ngan sinedja abdi rek noempangkeun oemoer bae."

Saoer ratoe: „hade ari tega mah ka oemoer, pilawaneunana nja eta ti aing nagara sabeulah; ari dilawankeunana hajam maneh djeung hajam aing rengge njatoena sapoe satanggoeng, wani atawa henteu, da hajam maneh mah leutik tapi aloes?"

„Soemangga, oelah bon beurang peuting sedja ngiringan."

„Hajoe, geura pek ka pakalangan, hajam maneh geura bawa, bobotohna patih doea."

Ti dinja ger bae ngadoe:

itoe teungteung, ieu loedeung,
wani saroea daekna,
hajam teh prak bae abar,
silihpatjok koe pamatoek,
silihgitik koe djangdjangna,
silihpeupeuh koe soekoena,
hajam saroea bedasna.

Lila-lila hajam Tjioeng Wanara kadeseh, hajam teh pek kapaehan.

Gantjangna geuat disamboet, ditjandak ka sisi Tji-barani, katoendjang Tji-karang getas, kasorog koe Tji-parabon.

Ti dinja toeloej dibanjoe hajamna Tjioeng Wanara datang ka elingna pisan, gantjangna ditjandak deui kana pakalangan tea. Toeloej diabenkeun djeung hajam praboe ratoe. Keur waktoe hajam diadoe, datang Naga Wiroe tea ti Goenoeng Padang njoeroep ka hajam Tjioeng Wanara.

Sanggeusna kasoeroepan naga, hajam matjok bari meupeuh bae, datang ka paehna pisan hajam praboe ratoe. Geuat praboe ratoe ngarontok bari sasaoeran, saoerna: „adoeh, asep, poetra ama, mana bet kajoengjoen teuing, kagoengan teh bisa ngelehkeun hajam ama."

Saoerna Tjioeng Wanara: „aja berkah, goesti."

Geus kitoe, „geuat ngoempoelkeun parabopati," saoer ratoe: „patih djeung sakabeh mantri, ajeuna geura saksian, oerang rek ngawaris poetra noe kasep Tjioeng Wanara saraoeh Aria Banga. Ajeuna, asep, geura tarimakeun ngawaris doehoeng sapoetjoek djeung pandaj salawe domas, nagara sabeulah koelon. Ari eusina: patih lima, djaksa lima, meteti opatpoeloeh, toekang bakoel saratoes limapoeloeh, gagaman sabeulah nagara; ajeuna, geura ratoean."

„Ari Aria Banga nagara sabeulah wetan, eusina saroea bae; ajeuna, geura ratoean."

Geus katampa koe poetra noe doea sakabeh geus didjenengkeun.

Saoer ratoe: „aieuna oerang maroelang, geus poetoes masamoan."

Gantjangna baroedal bae tina tempat ngadoe hajam, masing-masing ka imahna. Ratoe Galoeh ajeuna djadi merdika, sabab dimerdikakeun koe poetrana tea, nja eta Tjioeng Wanara djeung Aria Banga, anoe kotjap di nagara djadi ratoe.

Lila-lila Tjioeng Wanara ngamanah, toeloej bae njaoer Lengser, pokna: „adoeh, oea, geura ka dieu dioek sapangloenggoehan, koering arek sasaoeran, eling kana saoer ama, waktoe oerang ngadoe hajam, saoer ama teh ngawaris nagara sabeulah koelon saraoeh eusina pisan, tapi eta lain waris, dipikir koe koering, kapan toempang ngadoe hajam."

Lengser toeloej seuseurian, pokna: „doeh, ngeran, tetela pisan eta lain ngawaris, kawas-kawas pangoloan."

Saoerna Tjioeng Wanara: „tetela, oea, pangoloan, tapi ajeuna oerang angken waris bae, koedoe bisa mindingan risina ratoe, njingkahan kaera radja. Engkena mah, koering geus tangtoe majar hoetang:

hoetang rasa majar rasa,
hoetang wirang majar wirang,
oeroet koering dinjenjeri,
asal koering dipalidkeun,
ka Tji-tandoej diboeangkeun,
diwadahan koe kanagan."

„Engke, koering hajang majar koe pandjara beusi."

Tjek Lengser: „doeh, goesti, pikir oea leuih tjotjog, geus hajang, geura pek bae ngadamel pandjara beusi, isoekan kari goeroeboeg."

Saoer ratoe: „mo sae oea, da lain sato hewan, lain kidang, lain mandjangan, koedoe tjaina herang laoekna beunang, kapan kitoe loembrahna omongan sepah."

„Soemoehoen timbalan goesti, tapi oea ajeuna awon pinaros, samemeh ngadamel pandjara beusi, djoeragan rek ngadamel naon heula?"

Tjeuk Tjioeng Wanara: „hajang tepoeng heula djeung iboe noe ngaran Naganing Roem; ajeuna di mana ajana?"

Soemoehoen pariksa goesti, perkawis iboe gamparan ajana di patapaän, baheula noeroetkeun pepeling abdi sina tatapa di patamanan."

„Tjik, oea, geura teang, sarta koedoe kabawa ka dieu."

„Soemangga, goesti, ajeuna abdi teh amit."

Gantjang Lengser teh loempat ngadjoegdjoeg ka patapaän:

mipir pasir mapaj lebak,
mengkolna dina bobodjong,
njorang leuweung sakeukeudeung,
warna-warna kai leuweung,
anoe kasorang koe Lengser,
hoeroe dapoeng djeung kitjaloeng,
hoeroe meuting djeung kikoneng,
tjarelang dieung handap heulang,
kitapok reudjeung kimeong,

sakitoe anoe kasorang,
keur waktoe Lengser keur loempat.

Njorang deui ditjombrang-ditjambroeng:
ngagembreng tjihtjir tjandoengna,
pangaroeh lindeuk maoengna,
koe Lengser diliwat bae,
geus dongkap ka patapaän,
reg Lengser teh ngahoehoeleng,
karepna soemedja ngintip,
ngintip ka noe eukeur tapa.

Toenda heula lampah Lengser.

Kotjapkeun heula noe tapa.
Anoe geulis Naganing Roem,
tapana barina nepa,
mongplong sorana gedogan,
gedoganana kimangot,
toendjangan boengboelang peutjang,
tjaorna dawolong tjondong,
hapitna djati dioekir,
barerana langkap noenggal,
soeri awi tali noenggal,
taropong tamiang sono,
tali tjaor digenggean,
polengna songket kanoman,
aloes lain kaoelinan,
matak tigoeloesoer koetoe,
matak tisoledat toema,
matak tisorodot mojo,
matak tidjalikeuh piteuk,
laleur eunteup tidjalikeuh,
eunteup dina tinoen poetri.

Koe Lengser enggeus kadenge eta sora gedogan teh, pok bae Lengser teh ngomong: „tah, geuning djoeragan istri, ajeuna bet hoerip keneh."

Gantjangna pek ngadeuheusan barina toeloej oendjoekan, pokna: „doeh, goesti, abdi teh awon ngadeuheus."

Koe Naganing Roem katingal, tetela bet kakang Lengser, porosot nibankeun tjaor, barina toeloej mariksa saoerna: „aeh, aeh, kakang Lengser, tara-tara ti sasari, ajeuna kakara soemping, rek naon pikeresaeun ?"

Tjeuk Lengser: „soemoehoen timbalan goesti, perkawis poen kakang dongkap bade ngoeningakeun, poetra ajeuna geus djadi ratoe djenenganana Tjioeng Wanara. Ajeuna gamparan kedah enggal-enggal linggih poetra gadoeh pihatoereun sareng tina hajang tepang."

Gantjangna poetri teh dangdan bari toeloej angkat bae.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun geus datang bae.

Datangna geus boerit pisan, teu aja noe njahoeun basana poetri keur soemping; ngan tjoema poetrana pisan awas ningali iboena, iboena nja kitoe deui awas ningali ka poetra. Toeloej bae dirangkoel djeung ditangisan.

Bari nangis Naganing Roem sasaoeran ngawoeroekan ka poetrana, saoerna: „asep, a euna teh poma-poma koedoe bisa majar hoetang iboe bareto dikaja-kaja djeung asep teh dipalidkeun."

Geus kitoe, soemping Batara Troesna bawa, eangna Tjioeng Wanara, nja eta ramana Naganing Roem, maparin pipandjaraeun barina toeloej ngawoeroekan ari saoerna: „asep, ajeuna geura tampanan ieu paparin ti eang bakalna pandjara beusi, gedena sadjaroem tjina. Ajeuna mah geura djieun, tatapi oelah koe andjeun, koedoe wakil ka pandaj kawasa, ka ngaran Ki Gendoe Majak, sabab eta boga djimat ngaran: paloe kaboejoetan, Ari watek eta djimat tina leutik djadi gede; djeung deui, njieun eta pandjara henteu meunang sagala tahoen, koedoe dina tahoen Alif, boelan Moeloed, dina tanggal opatwelas ti peuting malem Djoemaäh. Djeung pameuleuman beusi koedoe diparepehan wedoes hideung atawa hajam hideung djeung hadjatna sangoe poenar, doa'na koe naktoe di noer." (sic)

Gantjangna eangna moelih, asoep ka sawarga loka.

Ladjeng Tjioeng Wanara njaoer pandaj tea. Teu lila djol bae datang ngadeuheusan.

Tjioeng Wanara nimbalan, saoerna: „ajeuna, oea, dangoekeun koe oea diperih pati pangdamelkeun pandjara beusi, ieu bakalna teh leuih leutik koedoe djadi sewoe kati eukeur boeat majar hoetang."

Walonna: „soemangga pisan, nanging teu meunang salingkoeh, koedoe neda idin heula ka rama gamparan, ka praboe ratoe ambeh tjaina herang laoekna beunang."

Geus kitoe, Tjioeng Wanara toeloej bae ngadeuheusan ka ratoe sepoeh. Kasampak ratoe keur linggih djeung eta Dewi Pangrenjep.

Ratoe sepoeh toeloej njaoer ka Tjioeng Wanara, saoerna: „asep, soekoer, teuing soemping, rek naon nja pigaleuheun?"

Wangsoelna: „soemoehoen pariksa ama, noe mawi abdi doemeuheus, abdi njoehoenkeun paidin dek njieun pandjara beusi gede, bobot sewoe kati?"

„Keur naon?"

Tjeuk Tjioeng Wanara: „noe matak njieun pandjara, bisi aja badjo ngalalakon, bisi aja badjag ngalalana, karepna rek nganiaja, kakersa kangdjeng rama saraoeh ka kangdjeng iboe."

Saoer rama: asep, kajoengjoen teuing tjatjakan moerangkalih mah, geus aja karep rek bela ka rama djeung ka iboe, ajeuna, ama ngidinan, di mana anggeus, koe ama arek dironda, bisi koerang sajagana."

Tjioeng Wanara toeloej moelih bebedja ka pandaj kawasa tea jen meunang idin ti ratoe.

Ari tjek pandaj kawasa: „mangga, tapi koedoe sirep heula oerang nagara Galih Pakoean, bisi aja noe njahoeun."

Ti dinja prak bae njirep, datang ka reup bae hareës sanagara katoet ratoe sepah.

Pandaj kawasa deker bae njieun sarta gantjangna teu kira-kira, metakeun djimat tea djeung henteu koengsi sapeuting geus anggeus eta pandjara.

Gantjangna pek dihatoerkeun ka Tjioeng Wanara, sarta pek koe Tjioeng Wanara dioekir:

dioekir direnggi-renggi,
ditatah digoebah-goebah,
diroepa-roepa wongwongan,
malah rongrong gogodongan,
ditekin dina oekiran,
merak simping lalakina,
dilongok siga rek matjok,
diteang siga njoreang,
dilieuk siga mireungeuh,
dioengkoelan siga imoet,
ditilik siga rek seuri,
oekiran aloes katjida,
soepaja kajoengjoen ratoe,
soepaja radja kabita.

Geus anggeus sadajana, Tjioeng Wanara toeloej ngoeninga ka ratoe sepoeh.

Malah geus dipariksa, saoerna: „geus anggeus, asep?

Wangsoelna: „soemoehoen parantos."

Gantjang bae ratoe angkat sareng pawarangna noe ngaran Dewi Pangrenjep.

Teu lila geus soemping bae. Ningali pandjara tea barina dipariksakeun langkoeng aloes saoer ratoe, saoerna: „na, asep, pandjara aloes-aloes teuing, komo teuing di djerona."

Tjik, ama, hajang njaho ka dejrona, tapi koedoe make damar sabab di djerona poëk."

Gantjangna Tjioeng Wanara njipta damar. Enggeus tjaäng di djerona, ti dinja ratoe teh asoep sareng Dewi Pangrenjep, rek ningalian oekiran saraoeh reudjeung tekinan.

Tjioeng Wanara tinggal di loear.

Barang ratoe geus asoëp, geuat Tjioeng Wanara narik panto pandjara djeded,

rekep batan hoentoe gegep,
lita batan hoentoe koeja,
reugreug pageuh djedjel kandel,
poëk medem boeta radjin.

Atoeh ratoe sareng poetri segroek bae narangis, nanging koe Tjioeng Wanara henteu diwaro, anggoer toeloej angkat ka Goenoeng Padang.

Tjatoerkeun Aria Banga rek ngadeuheusan ka ramana, tapi barang donkap ka boemina henteu njampak; lila-lila aja bedja jen ratoe enggeus dipandjara.

Ti dinja geuat Aria Banga ngoempoelkeun parabopati, djaksa reudjeung aria; ka raden paragegeden miwarang ngakat pandjara, tapi henteu beunang dikakat.

Kaboeroe koe Tjioeng Wanara ti Goenoeng Padang.

Geus datang, katingal koe Aria Banga, toeloej disampeurkeun gantjangna ger bae perang.

Silihpedang, silihbiti,
silihtondjok, silihtjabok,
tapi saroea gagahna,
perang lila nanakeran.

Kotjap parabopati geus pada kalaboer kabeh, sabab teu bisa njapih noe perang.

Noe ka wetan baladna Aria Banga balik ka Tegal tamtama Madjapait, ari anoe ka koelon baladna Tjioeng Wanara boedalna ka Padjadjaran.

Kantoen anoe eukeur perang, perangna lawas katjida. Dongkap ka dalapan-welas taoen peperangan silihsered, lila-lila datang ka hidji waloengan.

Toeloej Aria Banga ditewak dibalangkeun ka sabeulah ti wetan. Ti dinja Aria Banga rek malikan, tapi kahalangan koe waloengan.

Toeloej bae sasaoeran bari ngadjak eureun perang: „beu, rai, ajeuna mah perang teh oerang eureun bae ti serek poë ieu sababna aja wahangan, sarta ieu wahangan oerang ngaranan Tji-pamali, pamali soteh, lain pamali diïnoem dipake mandi, pamali oerang girang djeung doeloer."

Gantjangna pek bae sasalaman sarta nja di dinja pisahna.

Aria Banga ka wetan, toeloejna ka Madjapait, ari Tjioeng Wanara ka koelon. Tatapi samemehna papisah sasaoeran heula, misaoerkeun wawatesan ti serek Tji-pamali.

Saoerna: „rai, ti serek Tji-pamali ka wetan bagian kakang, dibasakeun tanah Djawa kadjawan kaparabon."

Saoer Tjioeng Wanara: „soemoehoen, akang, ti serek ieu ka koelon bagian koering, dibasakeun tanah Soenda, Pasoendan sabda ka Malajoe troes ka Palembang.

Ti dinja bral papisah.

Demi Tjioeng Wanara ka dajeuh, heula malangkeun pandjara beusi ragrag ka Kandang wesi; noe matak dingaranan Kandang wesi, asalna pandjara beusi di-balangkeun los ka dinja.

Ti dinja Tjioeng Wanara kebat noetoerkeun gagaman tea ka Padjadjaran, Aria Banga noetoerkeun baladna tea, losna ka Madjapait.

Oerang toenda.

TJARITANA

LOETOENG KASAROENG.

I

RADJAHNA.

Boel ngoekoes mendoeng ka manggoeng ;
ka manggoeng neda papajoeng,
ka dewata neda maäp,
ka pohatji neda soetji ;
koering rek diadjar ngidoeng,
nja ngidoeng tjarita pantoen,
ngahoedang tjarita wajang ;
njilokakeun njoektjroek lakoe,
njoektjroek lakoe noe rahajoe,
mapaj lampah noe baheula,
loeloeroeng toedjoeh ngabandoeng,
kadalapan keur disorang ;
bisina neroes naroetoes,
bisina naradjang alas,
palias neroes naroetoes,
palias naradjang alas,
da poegoeh galoer ing toetoer,
ngembat papatah tjarita ;
ti mendi pipasinieun,
ti mana pitjaritaeun,
tetep mah tina kahjangan,
ditandean tjoepoe manik,
tjoepoe manik astagina,
diwadahan sarat tangan,
ditoeroeban koe mandepoen,
diteundeun di djalan gede,

diboeka koe noe ngaliwat,
koe noe weroeh di semoena,
koe noe terang bidjaksana,
koe noe rantjage di angen,
diboeka patinghaleuang,
noe menta dilalakonkeun.

Tjag :
teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

II

Tjatoerkeun radja noe mana?
tjatoerkeun ratoe noe kidoel,
kami mah palias keneh,
bisi goeroe tanpa poehoen ;
ratoe koelon kitoe keneh,
kami mah palias keneh,
bisi goeroe tanpa seler ;
ratoe kaler kitoe keneh,
kami mah palias keneh,
bisi goeroe tanpa sangka ;
ratoe wetan tatjan keuna,
bisi mareng tan landesan.

Tjatoerkeun wiwitanana,
wekasan di dinja keneh,
neda agoeng nja paraloen,
neda pandjang pangampoera.

Rek ngoesik-ngoesik noe tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa.

Kiwari ngantjik di mendi,
ajeuna ngandjang di mana?

Di nagara Pasir batang,
Pasir batang anoe girang.

Saha eta noe ngalaman di nagara Pasir batang?

Ngaran tiloe sakawoloe,
ngaran doea sakaroepa,
sahidji keunana pasti.

Ka Mas Praboe Tapa Ageung miwah ka toeang si-dalem, noe geulis Niti Soeari, kadeuheus di Pasir batang.

Sakiwari keur poepoetra,
poepoetra reana genep,
teu gadoeh poetra lalaki,
toeang poetri kabeh istri,
pajoesan meunangna loeloes,
kakasih beunang pipilih.

Saha didjenengkeunana ?

Hidji Mas Poerba rarang, doea Mas Poerba endah, tiloe Mas Poerba dewata, opat Mas Poerba kantjana, lima Mas Poerba manik, genep Mas Poerba leuih.

Katoedjoeh djeung poetri boengsoe, saha didjenengkeunana ?

Ngaran tiloe sakawoloe,
ngaran doea sakaroepa,
sahidji keunana pasti.

Nji Mas Poerba sari,
Poerba sari ajoe wangi,
Kantjana ajoe dewata,
Dewata radjoena tapa,
Tapa emas tapa radja,
Radja mas tapa koesoema.

Semoe ratoe sorot menak,
boeloe bitis moeril-moeril,
tetenger djadian koering ;
boeloe poendoek mioeh-mioeh,
tetenger djadian tahoen ;
sangatoeang dina tarang,
tetenger djadian koeras ;
poeter koeroeng dina iroeng,
tetenger temah wong agoeng ;
tapak djalak dina letah.
tetenger bisa marentah ;
taktak taradjang djawaeun,

geulis ti nitis ngadjadi,
djalma lendjang ti pangpangna,
geulis datang ka ngalahir,
teroes ka langit pingpitoe,
parat ka tjongkar boeana,
komara mantjoer ka langit.

III

Tjek Poerba rarang: „geugeulisanan, Poerba sari, bakal ngalindih ka aing, tjing, sia mangka deukeut, sia daek diboborehan."

„Koemaha pangersakeun, si-teteh."

Loedak-ledok diborehan,
lain teu woeni boboreh,
dipoelasan keler tahoen,
noe geulis ngadadak goreng,
hideung batan wadah teuleum,
bangbang awak batan gagak,
ngan sorotna henteu leungit,
sasemoe keneh djeung amboe;
pakean djiga kiramaj,
karembong sabaroeboetan,
salindang sariga rambang;
dibahan boboko boentoeng,
dibahan tjetjempeh rombeng,
dibahanan koedjang boentoeng,
bawaeun linggih ka goenoeng.

IV

„Adi, sia hajang hiroep ta henteu?"

„Teteh, teu kangkat, teu ngalalangkoengan ngapapalangan. Mana hiroep koe Goestina, mana waras koe Sang Widi, waloeja ti kawasana, teu beunang dipake kahajang kaemboeng; sing hade kari koemaha pangersakeun djeneng si-teteh."

„Lamoen sia hajang awet hiroep, di ditoe pienggoneun sia, di Goenoeng Tjoepoe mandala ajoe, mandala kasawiatan di hoeloe dajeuh,

dina paloepoeh sabebek,
dina hateup sadjadjalon,
dina tjai teu inoemeun,
dina aplaj teu tilaseun,
dina djalan teu sorangeun,
sakitoe kasaramoenan."

„Teteh, kari koemaha pangersakeun bae."

„Mama lengser, anteurkeun si-boengsoe, si-Poerba sari."

„Noen, pangoëloe tandang, soemoehoen darma panjaoer, tarima dipangandikana toeang, koering teu lambat ngadeuheusan, rek amit moendoer."

Tjedok njembah; indit ngoesap birit, angkat ngoesap sindjang, bisi kawiwirangan keur ngawoela.

Djoet toeroen si-lengser.

Poerba sari sedok njembah: „teteh, awak ing amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan."

Djoet toeroen.

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag sabot seba.

Mama lengser djadi oejoenan.

Metoe lawang mandjing lawang,
metoe di lawang pingpitoe,
datang ka lawang pingsanga,
dangdeung ka lawang paseban,

Djoeg ka aloen-aloen, ka lawang panggoeng,
parapas ka lawang loear,
medal ti lawang saketeng,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ngabandoeng,
kaopat noe keur disorang,
kalima heuleut-heuleutan.

Djoeg ka pipir goenoeng, kana paloepoeh sabebek, kana hateup sadjadjalon, Mama lengser ngalahir: „nja ieu pigeusaneun bétah."

„Rama, teu kapoendi koe goesti, teu katampa koe radja, Mama lengser, teu tarima diboeang, tarima dititah tapa. Kadjeun nalangsa ajeuna, soegan mangpaät djagana, da koe nagara dipista."

Sedok njembah Mama lengser: „toeang, koering rek amit balik, teu lambat ngadeuheusan."

„Mama lengser, tjoendoek nganggoer sindang palaj da kami tingara keneh, koe teteh teu dibekelan; Mama, pangampoera bae."

„Oelah pandjang dipitjatoer, geus kateda, katarima".

Sedok njembah; indit ngoesap birit, angkat ngoesap sindjang; djoet toeroen kaloentjieur pinggir moelih.

Henteu dibilang di djalanna, dibilang datangna bae.

Djoeg ka nagara, boes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik"; sedok njembah Mama lengser.

Poerba rarang orokaja gantjang nanja: „Poerba sari geus dianteurkeun ?"

„Noen, pangoeloe tandang, enggeus reres".

„Lebok poeas ngeunah sorangan, taja batoerna dina leuweung loeang liwoeng?"

Lengser tjatjap hatoeran: „tas nganteurkeun Poerba sari, tas ngaboeang Poerba sari."

Si-lengser ngeplanan palaj.

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot nieggalkeun.

Tjatoerkeun di pipir goenoeng.

Poerba sari tjalik dina paloepoeh sabebek, dina hateup sadjadjalon:

ngagedengkeun sanghjang kintjir,
kapenit kakoerilingkeun,
wajahna da keur gawena,
soegan tjitjing lalaoenan;
ngagedengkeun sanghjang seëng,
kabarangsang kapanasan,
sangkilang ditatangankeun,
wajahna da keur gawena,
soegan tiïs lalaoenan.

Poerba sari keur ngeureunan, meudjeuhna palaj.

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

V.

Neda agoeng nja paraloen,
neda pandjang pangampoera.

Tjatoerkeun ratoe di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Goeroe Minda Kahjangan, anak dewata, tjikalna titisan Goeroe Hjang Toenggal, seuweu batara di langit, ngaboedjang di paradewata, kasep taja papadanna, keur meudjeuhna tegoeh tjangtjoet.

Toeloej ngimpi kagoengan bebene saroepa djeung Soenan amboe; ngalingling ngadeuleu maling.

„Oelah goreng tingkah ka pangasoeh, pamali batan maling, haram batan djinah; geura boro pidjodoeun, aja noe saroepa djeung amboe di boeana pantjatengah."

„Oelah oedjoeg-oedjoeg ka dinja, ieu anggo raksoekan heula dina sanghjang mega hideung, pendok emas rekakeun bakal ing boentoet, emas doea penggel tapelkeun di loearna."

„Enggeus nganggo raksoekan, salin djenengan kana Gan Loetoeng Kasaroeng, kasaroeng koe sadoeloer, kasimpar koe barajana."

„Djalanna kana noenoek anoe djenoek, kana malaka anoe rea. Djoeg ka peundeuj ageung sato djenoek mangka taraloek, sato rea mangka araja, sasoegrining sasatoan, sakoer noe bisa oesik, sapangeusining djagat gorombiangan, lamoen geus taloek kingkila teroes ing ratoe, rembes ing koesoema; lamoen teu taloek, kingkilaning lain."

Oelah bon sipat ing noe oesik, rongrong gogodongan pada njembah soedjoed ka dinja:

noe ti kidoel njembah ngaler,
noe ti kaler njembah ngidoel,
noe ti koelon njembah ngetan,
noe ti wetan njembah ngoelon.

,Toeloes awak ing teroes ing ratoe, rembes ing koesoema, da sakabeh pada soedjoed.'

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

VI.

Tjatoerkeun di boeana pantjatengah oemboel pogor nagara Pasir batang.

Ngandika sangratoe ka si-lengser: „geura dikongkon Aki panjoempit ngalasan ka leuweung iwak satoning loetoeng."

„Oelah rek kasoeroepan panon poë kabedoegan, lamoen kabedoegan, teukteuk beuheung tilas adegan, Ki panjoempit katoet anak rabina."

„Noen, goesti sembaheun koering, soemangga, darma panjaoer."

Sedok njembah; indit ngoesap birit, ngoesap sindjang, bisi kawiwirangan keur ngawoela.

Djoet toeroen:

katjatjang koleang angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag ngalalangkah;
metoe lawang mandjing lawang,
medal di lawang pingsanga,
dangdeung ka paseban ageung.

Djoeg ka aloen-aloen:

medal ka lawang saketeng,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ngabandoeng,
kaopat noe keur disorang,
kalima heuleut-heuleutan.

Djoeg ka Aki panjoempit: „dahalal, Aki panjoempit, neda eureun."

„Bagea noe tjalik."

„Neda ngeureunan palaj."

„Lengser," orokaja gantjang nanja, „reuas amboe ing sieun, na datang dipiwarang na tjoendoek dipioetoes, na niat sorangan?"

„Noen, rampes pikonokeun."

„Tjoendoek dipioetoes, datang dipiwarang, ngemban pangandika ti nagara. Aki panjoempit dipoendoet gawena ngalasan ka leuweung iwak satoning loetoeng, patjoean rek kasoeroepan panon poë kabedoegan, moen kabedoegan teukteuk beuheung tilas adegan katoet anak rabina, tjek timbalan."

„Ari sanggoep bisi loepoet, ari tanggoeh bisi poös; hatoerkeun rampes bae."

„Meunang henteuna, koemaha bagdjana, soegan aja bagdja goesti lawan koering."

Lengser amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan.

Djoet toeroen kaloentjieur pinggir moelih.

Teu dibilang di djalanna, dibilang datangna bae.

Djoeg datang ka nagara, gebloes ka padaleman.

Sang ratoe kasampak kasondong aja.

„Bagea noe tjalik."

Parapas moeatkeun sembah: „tarima noe ngawoela."

„Lengser, dipiwarang ka Aki panjoempit, koemaha wangsoelanana?"

„Noen, goesti sembaheun koering, dipiwarang tjoematjap pisan. Tjek Aki panjoempit: „meunang henteuna koemaha bagdjana, soegan bagdja goesti lawan koering."

Lengser ngeureunan palaj, tas dipiwarang.

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

VII.

Tjatoerkeun Aki panjoempit.

„Nini, sodorkeun wawatang soempit lima tjekel gedena, tiloe deupa pandjangna, sarta mimis soempit, tiloe hoeloe reana sagede kalapa beunang ngaboetik, boes kana kodja Dengdek poë."

Goeroedjag kaämbenkeun, sangrog kapantokeun.

„Aki, rampes, geura kami kamajangan, boeöek pandjang dibaloengboeng, salangkoeng adjeng koe ratoe, soegan meunang abonna adjang oerang."

„Eh, si-nini mah sok ditodong."

„Nodong soteh djalan bongbong,
nindak soteh djalan moendak,
pedah kita arek nandjak,
lemek soteh djalan naek,
pedah kita arek naek,
soegan bagdja lalaoenan."

Prak eta noe dangdan, dangdan soteh babarangan, ngaran si-nalangsa keneh.

Beunang sadadamping bedjog,
beunang saboek baroeboetan,
beunangna sabadjoe bedjog,
beunangna saïket bedjog,
beunangna samanggoel soempit,
mengkled sorenna sadoehoeng;
katjatjang kolear angkat,
beunangna ngeupatkeun koedjang,
nja angkat digeura-geura,
geura soteh ning oetama,
angkatna diage-age,
age soteh ning parele.

Ngaboeroe gawe noe gede, koeroesoek ka leuweung boesoek paranti sampalan moending; linjih ambrin taja simeut-simeut atjan ngan geus taloek ka loetoeng.

Lebet ka soemeneng djati kana remeng djeung nangsi, songkrong kana galonggong, nandjak kana tegal papak njenjerean paranti sampalan badak, taja sireum-sireum atjan.

Djoeg ka tegal siawat-awat paranti larangan goesti, ngala di dieu bae, rea mo kotjap dibilangan loetoengna, taja loetoeng sidji mah.

Ngalirik ka loear dina kajoe pangodengan, ditoöng, pelong kosong; kana boengkoel liang lemboet, soegan tampeuj teuweulna, ditoöng, pelong kosong keneh bae.

Njoreang ka handap karawang liangna badak, landak, ditoöng, pelong manggih kosong keneh bae; njoreangan kateoheun tjatang soegan patingkatjatjang peutjangna, manggih kosong keneh bae.

Koelinting kana toenggoel anoe oenggoel, soegan manggih oetjing meuting, manggih kosong keneh bae.

Ngahoeleng, ngaboentel tineung.

‚Loeangna idin goesti matak moekti, idin radja matak bagdja; oelah bon bagdja teu engang, teu odeng, teu tiwoean-tiwoean atjan, oelah kageden loetoeng. Ari timbalan, gila koe tarik, oelah kasoeroepan panon poë kabedoegan, ari sagorolongeun, lamoen kieu, toeloes toeg hoeloe bet njawa beuheung, ari pake kamelang taja deui beurang peuting lian si-nini.''

„Ah, rek balik bae, rek njimpang ka leuweung doengoes, aja tangkal peundeuj ageung loeangna leubeut boeahna. Rek ngeusian kodja Dengdek poë, tamba poelang teu nogentjang, da loetoeng henteu meunang.'

Salangkah katiloe datang.

Djoeg ka peundeuj ageung, ngalangkang djiga kalangkang djelema.

‚Tetela satoning loetoeng redjeki keur ngadagoan, redjeki kaboeritnakeun.'

Top njokot mimis soempit tina kodja Dengdek poë. Bloes kana wawatang soempit, ngadoger, ditioepkeun sedot tjelok beungeut, tjelok di toekang.

„Eh, loetoeng teh, mangka madawa, lain loenta lain maladara pakon ti goesti."

Digedogkeun.

Braj waloeja deui, ditioepkeun deui; plas lambe ti gigir ngaloehoeran taktak.

„Eh, loetoeng teh, mangka madawa, tjing neneda ka noe seda ka noe sakti, lain maladara pakon ti goesti."

Braj waloeja deui, ditioepkeun deui; raket kana lambe wawatang soempit.

„Eh, loetoeng teh, mangka madawa, tjing neneda ka noe kawasa, ka noe seda, ka noe sakti, lain maladara pakon ti goesti."

Braj waloeja deui, sedot ditioepkeun, madjoe mimis soempit kapoehoekeun, loeangna ditioepkeun, loempat katjongokeun.

‚Ari ieu loempat ka poehoe, lamoen naradjang, tjaheum dewek meureun pasengsol.'

Teu weleh dipangpeng, ngababoek raket kana tonggong.

„Ieu naon gogodana, tjing, geura bebedja, soara mangka banget."

Kasoara, tan katingalan.

Ngalirik ngidoel soewoeng, ngoelon kosong, ngaler rehe, ngetan taja, ngarasa geus boerit moeringkak poendoek saking sieun.

„Tjing, sakali deui masing banget, tatjan tetela awak."

„Aki panjoempit, oelah disoempit, arek ngakoe rama poeloeng, hajang betah di boeana pantjatengah, hajang njaho di hareupeun dalem dajeuh."

„Ih, kakara manggih loetoeng bisa lemek, saoemoer hiroep aja di alam doenja."

„Soekoer, oetoen, geura toeroen."

Djoet toeroen tjoeroeloek tjipanonna:

disoesoetan mangka saät,
batan saät anggoer djenoek,
loekrah ragragan ka handap,
katonggoheun peundeuj ageung. (1)

„Oetoen, koedoe ditalian."

„Montong; rek leupas mah, hamo toeroen-toeroen atjan."

Balik gasik leumpang gantjang,
kodomang loetoeng pandeuri,
leumpangna doemontja-dontja,
boentoet bereleng kantjana,
boentoet emas ditjentangkeun,
nja hoeroeng sariga lajoeng,
nja herang sariga bentang.

Djoeringkang mandjangan sapasang. Sasoegrining sasatoan tembong deui; ari tadi diboebarkeun, ajeuna diajoeh deui.

„Aki panjoempit, mandjangan teh geura disoempit, engke beunang."

(1) Lintoeng pinasti djadi wasiat, mana katelah Tji-loetoeng oeroet tjipanon Goeroe Minda Kabjangan, waktoe toeroen ti peundeuj ageung, dek sirah niba ka lemah, pinasti djadi wasiat ketelah Goenoeng Sirah datang ka kiwari.

Djoeg disoempit, meunang mandjangan hidji. Dipeuntjit, disisit da geus boerit; boes kana kodja Dengdek poë.

Toeloej tembong ka tebeh hareup, manggih mandjangan sahidji deui. Djoeg disoempit, disoesoel, dipeuntjit, disisit da enggeus boerit; boes kana kodja Dengdek poë. Mandjangan sapasang andeg toenggoe djoeroe bae dina kodja Dengdek poë, gabig disorendangkeun kana sorenna doehoeng; sedeng embatan tjangkeng mandjangan sapasang.

Tjoel ka tebeh hareup, ngaliwat ka pipir goenoeng.

„Aki panjoempit, goenoeng teh geura toegar, engke aja goöngan."

Toeloej ditoegar, meunang goöng sabendeëun panoedoehan loetoeng.

Angkat lantoeng ngarangkiboeng,
meunangna loetoeng sahidji,
doeana noe bisa lemek,
tiloena mangka madawa,
redjeki kaboeritnakeun.

Djoeg ka imahna Aki panjoempit; ari datang ari poëk, broeg mandjangan ditindihkeun.

„Oetoen, geura tjalik dina bale."

Bros tiporos biritna loetoeng di bale Aki panjoempit.

Aran si-nalangsa keneh.

„Nini, si-Aki datang."

„He si-Aki njieun aleman, loepoet njieun aleman, koedoe baheula keur ngora, ajeuna mah patitis pinoeh koe hoeis."

„Lain aleman, meunang loetoeng sahidji bisa lemek, doea mangka madawa, ka aing ngakoe rama poeloeng, ka si-nini ngakoe amboe poeloeng, na rempoeg na henteu?"

„Madjar rempoeg, salah henteu madjar rempoeg, salah bisi teu rempoeg djeung anak poetoe noe salawe koeren. Geura boro, nini, sia teu oeninga pibedjaeunana, kieu dikoempoelkeun tea mah."

Sanggeus daratang anak poetoe kabeh, tjek Aki panjoempit: „meunang loetoeng sahidji bisa lemek, ka aing ngakoe rama poeloeng, ka si-nini ngakoe amboe poeloeng, rempoeg ta henteu?"

Anak poetoe noe salawe madjar rempoeg kabeh.

Ari geus kitoe, tjek si-Aki: „ieu mandjangan sapasang goeroedag tina kodja Dengdek poë."

„Brak dipoerak."

Babatjakan anak poetoe,
noe salawe pada njempal,
pada ngeureut pada manggang,
pada ngangeun pada namboel,
tingdarekdek, tingberebet.

Noe ngarengkas toelang, ngadjingdjing daging, ngagandong polo, ngadjarah babat, ngegelan hatena, njoehoen wawadoekna. Sakeudeung paragat anggeus,

linjih dagingna beak ka toelang-toelangna, seëp ka tjeker-tjekerna parandene ngan sahoeap sewang, linjih ambrin, geus poëk, balik sewang-sewangan sadoengoes-doengoesna.

Tjag :

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

VIII.

Tjatoerkeun Sanghjang loetoeng.

Tjalik di imah Aki panjoempit, ras inget ka sisirepna; ditioepkeun, diaos, pada kataradjang toendoeh kabeh, bakbek pada ngedeng, noe heës patinggalerek, noe dioek patinggaleloer. Geus tjebrek, taja sora djalma, ngengtjep-ngengtjep kawas gaäng katintjak.

Sanghjang loetoeng ngalirik, ka loehoer tembong ka langit, ka teoh montjor ka taneuh, ka gigir hanteu bilik-bilik atjan.

Ngandika sadjeroning angen: ‚karoenja koe Aki panjoempit, gila koe riksak, dideuleu pakoeon djiga lain enggon djelema. Rek neneda ka Soenan amboe, ka amboe neda pitoedoeh, ka rama neda mangpaät, moega toeloes nja pangdjoeng-djoeng, moega laksana pangdjiad; rek misalin Aki panjoempit peuting ieu.'

IX.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Soenan amboe teroes panon batan katja; katingali salawasna.

„Boedjangga sida, boedjangga sakti, itoe, si-Oetoen roepana geus datang ka Aki panjoempit, geura djoengdjoengkeun seuweu ratoe, geura djajak seuweu radja, si-Oetoen hamo datang ka nagara lamoen teu djalan ti Aki panjoempit."

„Boedjangga sida imahna,
boedjangga sakti balena,
na dewata noe ngeujeuban,
mangka aja samaktana,
sarta djeung ingon-ingonna."

Satoedoeh metoe, sakedap netra, sadjiadna tinoeroetan, ti loehoer lemboet datang ka handap badag.

Tes, djleg ngadjengleng bale kantjana, hateup genteng omas, sisi ngajapak imahna pisan.

Dirandjangan tiloe oendak,
ngalambereh kasang tjinde,
kasoerna lalambe soetra,
simboetna sindoer Banggala,

ditoempalan koe peremas,
lalampitna permedani,
loeloehoer halimoerentang,
koenang-koening kawas gading,
kawas salaka sinangling.

Di tengah tjatjaritaän,
tjiptana paradewata,
hoeroeng koe parada pasoeng,
herang koe parada kompjang,
loeloehoer djeung rereganna.

Tes, kompjang:
mabetan djaregdjeg randjang,
koemiriling koemirintjing,
mabetan kana goegoeling,
katinggang koe angin leutik,
papadjangan hoeroeng herang,
pamisalin Sanghjang loetoeng.

Aki panjoempit ongkoh sare, si-Nini djeung si-Aki.

Braj beurang; koelisik Nini panjoempit oesik, kodjengkang hoedang.

,Njoreang ka loehoer ngempoer,
njoreang ka handap herang,
awak ing sangli ka mendi.
awak ing sasar ka mana?'

,Kalamari nja imah gila koe riksak. Ka loehoer tembong ka langit, ka handap tembong ka taneuh, kasampak papadjangan hoeroeng herang.'

,Sok sieun teuing asoep, sileman, siloeman.'

„Aki, geura hoedang."

Koredjat hoedang.

„Nini, oerang sangli ka mendi, sasab ka mana?"

„Sok beuki teuing lemek."

„Si-Nini saroea tatjan eling."

Geredeg loempat naradjang kasang tjinde; Nini ngaringkoek loentjat ka taneuh, rek ka doedoekoehan.

„Oetoen, oerang sangli ka mendi sasab ka mana?"

„Owah, Aki panjoempit, oelah redjag, oelah reuas, loemajan pamisalin loetoeng."

„Loetoeng kangkat misalin ti mana? Sieun dipamalingankeun; loetoeng mah taja gawena?"

„Liar ti peuting meunang ngala boeroeh ngimpi naek."

„Soekoer sarewoe, gerah salaksa, daek boga anak poeloeng loetoeng, tiloe kali kita komo daek, tiloe kali awak ing daek. Toedjoeh kali boedjang loetoeng noe matak oentoeng liwat ing moetjoeng da oentoeng papadjangan hoeroeng herang."

„Sok deudeuh, djeneng si-indoeng."

Si-indoeng banget emanna ngalemna ka boedjang loetoeng.

Rendjag inget ka timbalan : oelah kasoeroepan panon poë kabedoegan, datang ka beurang deui.

„Geura anteurkeun ka nagara, oelah pati kaelatan, da oerang geus dipiboga." Si-Nini rada keueungeun.

„Oetoen, tjoeang ka nagara nanging eta andjingna galede pisan."

„Ari andjing beukieun ka loetoeng ?"

„Top bae, Nini, kadieukeun pakean, aing rek loenta ka nagara."

„Oetoen, tjoeang miang ka nagara."

„Loetoeng mah tarima noetoerkeun ?"

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,
mengled anoe njoren doehoeng,
ari doehoeng tjiri loenggoeh,
meunangna ngeupatkeun koedjang,
ari koedjang tjiri djaba,
bisi polah di nagara,
tarima rek koemawoela,
kongdomang loetoeng pandeuri,
leumpangna doemontja-dontja,
boentoet bereleng kantjana,
nja hoeroeng sariga lajoeng,
nja herang sariga bentang,
balik gasik leumpang gantjang,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe di poengkoer,
kaopat eukeur disorang,
kalima lawang saketeng.

Djoeg datang ka aloen-aloen :

aloen-aloen karang panggoeng,
dangdeung ka paseban ageung,
metoe di lawang pingpitoe,
lebet di lawang pingkanem,
lawang koeroeng adoe pasoeng,
lawang sanga adoe warna,
lawang kori adoe manis,
dingaran lawang kameumeut,
meumeut kagoengan padalman.

Djoeg ka padaleman, sangratoe kasampak kasondong aja: „bagea noe tjalik." Parapas moeatkeun sembah, tarima keur koemawoela.

Ngandika sangratoe, emboet njaoer bentes njora mariksa ka Aki panjoempit:

„koemaha, pedah kalamari ngalasan ka leuweung ngala iwak satoning loetoeng oelah kasoeroepan panon poë kabedoegan, datang ka beurang deui aja bedja rantjana naon ?"

„Noen, goesti sembaheun koering, taja bedja rantjana, redjeki kaboeritnakeun ngeureunan di imah, ngeureunan tjape reup kaheësan, ari inget isoek deui, kari koemaha pangersakeun pedah henteu ngeusi satimbalan."

„Koemaha, aja beubeunangan, Aki panjoempit, madjar meunang bisi teu meunang, meunangna ?"

„Meunang pisan masih hoeripan."

„Kadaharan henteuna sedja mo ngilapkeun, hatoer soteh hatoer kosong meunang mandjangan sapasang, antara heës dirantjana koe anak poetoena, teu kanjahoan, kari koemaha pangersakeun."

„Aki panjoempit, mangkala ngala laoek dahar laoek, aja keneh adilna."

Djongdjon Aki panjoempit keur ngeureunan palaj.

Ngandika sangratoe: „Lengser, mo poelang mapah Aki panjoempit, tas mangalakeun loetoeng, parinan djaran koeroeng daoek roejoeng katoet djeung rarahabna pisan."

Wangsoel Lengser: „noen, goesti sembaheun koering, soemoehoen, darma panjaoer."

Tjedok njembah:

indit-indit ngoesap birit,
angkat-angkat ngoesap sindjang,
kirintjing njokot kadali,
djoet toeroen ngalaän pantjir,
soeroedoet ngalaän sorog.

Goeloesoer koeda dibawa ka tengah karang, top njokot rarahab, prak dangdan:

noe dangdan teu pati sae,
diambenan tali datoe,
apoes beuheung tjinde beureum,
apoes boentoet tjinde woeloeng,
tjalakatakan tjandana,
sanggaoewangna koe lojang,
montjorong melong kantjana,
sangawedi mas koemambang,
pepetjoet pangnjalin tingal,
meunang natapaj koe emas,
kadali teu pati apik,
adeg ranggahna kantjana,
disebrakan koe kombaja,
roengkoep tonggong tjinde abang,
geus entep reudjeung parele,
ngalirik ka tebeh kentja,
ret koedana ditjangtjangkeun;

top binang kana biringna,
koe tjampaka siger djantoeng,
katoet djeung pajoengna pisan,
pakean saroea doea,
sakitoe saroea milik.

„Silah, ajeuna batoer djero lima koeren, rek pindah ngawoela parasikepan banda sewang-sewangan."

Gebloes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Noen, goesti sembaheun, koering dangdan geus entep djeung parele, doega prajoga, teu kangkat ngalalangkoengan sedja mo ngilapkeun goesti."

„Aki panjoempit, teu boga pamingkis-mingkis da teu geulis, pamoelang taät teu koeat, tarima dipangalakeun sato loetoeng."

„Noen, goesti sembaheun koering, tarima darma gagadoeh goesti, ngahatoeran amit, teu lambat ngadeuheusan."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

„Ooetoen, geura tetep."

Inggoek; ngan sakitoe nembalna.

Batoer djero lima koeren,
tjekelan sewang-sewangan,
kana binang kana biring,
koe tjampaka siger djantoeng,
katoet djeung pajoengna pisan,
noe saoerang kana djaran,
koeda koeroeng daoek roejoeng.

„Rek balik ti nagara."

Katjatjang kolear angkat,
metoe lawang mandjing lawang,
metoe di lawang pingpitoe,
datang ka lawang pingsanga,
dangdeung ka paseban ageung.

Djoeg ka aloen-aloen:

parapas ka lawang loear,
medal ka lawang saketeng,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ngabandoeng,
kaopat noe keur didjaga,
kalima heuleut-heuleutan.

„Mo pamali da geus djaoeh ti goesti, mo mapada da geus djaoeh ti radja."

Nete ka sangawedina,
mas koemambang tjeklak toenggang,

koeda tjongklang lemboet manggoet,
tjongklang badag mamandapan,
sisirig bari adean,
ditilik ti kaänggangan,
djiga mantri pantjakaki,
saleber samber koe pajoeng,
pajoeng tjawiri pandeuri,
pajoeng bawatna ti heula,
toembak biring ti pandeuri,
koedoe tjampaka ti heula,
siger djantoeng ti katoehoe,
pentjok saeng tebeh kentja,
dihapit koe toembak binang,
broeg ngagimboeng, braj ngabantaj,
soerakna eundeur-eundeuran,
sadjongdjongan saherojan.

Djoeg datang ka imah Aki panjoempit.

„Nini papagkeun."

Ret njoreang; „mantri ti mendi, radja ti mana ka kami rek ngadjarahan?"

Geledeg loempat ngaroengkoepan maneh koe said roentah, toedjoeh said katoet anak poetoena pada njoemoeni.

„Nini papagkeun."

Kodjengkang hoedang, goeroedjag ka amben, sangrog ka panto.

„Aeh, koetan Aki panjoempit, sapanjana noe rek ngadjarahan, nitihan kagoengan radja, teu boga pisan mapada, bati naon, dagang naon?"

„Bati boedi ladang kaja,
koemawoela di nagara,
lila-lila manggih bagdja."

„Kilang kitoe dipangloempatkeun koe si-Nini."

„Sapanjana noe rek ngadjarahan, koetan teh si-Aki, geus karoehan si-Aki, rampes, tjalik."

Si-Aki reudjeung si-Nini braj ngamparkeun lampit koening tambir emas paparinan ti nagara. Prak tjalik si-Nini djeung si-Aki; prasikepan batoer djero lima koeren wewengkon sewang-sewang. Hol anak poetoe noe salawe koeren, noe ti kolong, noe ti kebon, pada datang.

„Geus karoehan, Aki panjoempit, tadi sapanjana noe rek ngadjarahan."

Teu katata teu katiti,
nitihan di oerang sisi,
didjenengkeun djalma midji,
merdika nja salawasna,
djenoek batoer rea bala,
soegih moekti rea boekti,

beurat beunghar rea banda,
taja kahoetanganana,
dadjalan ti boedjang loetoeng,
dipoendoetan koe sangratoe.

Katindih manik, katjaähan mega, keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

X.

Tjatoerkeun di nagara.

Ngandika sangratoe: „Lengser, geus meudjeuhna loetoeng teh dipoerak, dirandjap, meunang moendoet ti Aki panjoempit."

„Noen, goesti, teu kangkat ngalangkoengan, sato anjar keneh tatjan koengsi ngalemahan, meureun loempat deui ka leuweung."

„Rea temen wangsoelan."

Tanggah kana talawoengan, tjokot tohok pangbadakan sagede daoen tjaoe; tjeblok ditohokeun, deg kana taneuh.

Tohok bengkok loetoeng loempat.

„Lengser, naha mana bengkok?"

„Kabelengkok, goesti."

Tjeblok deui, tohok bingkeng, loetoeng loempat.

„Lengser, naha mana bingkeng?"

„Kabalinger, goesti."

Loetoeng loempat kana pipir kolomberan.

„Lanjap temen loetoeng teh ka dewek."

Ketjeboer si-Lengser tikoejoek kana kolomberan, kokolopot si-Lengser. Loetoeng loempat kana pipir baleman sitoemang ngarendeng doea.

„Lengser, ka mana loetoeng?

„Pipir baleman."

Sitoemang ngahekok.

Tjeblok ditotog koe tohok, kabeneran ka si-toemang; si-toemang ngemasan pati.

Loetoeng loentjat kana gedogan djaran koeroeng daoek roejoeng. Tohok tjeblok, meneran djaran koeroeng daoek roejoeng; seg goledag ngemasan pati.

Loetoeng loentjat ka loehoereun si-Lengser, djoeg ka teoh karontok oeroetna bae.

Tjek sangratoe: „lanjap temen loetoeng teh."

Diwatek badina teu beunang, matek doehoengna dipangpengkeun, loetoeng loentjat.

„Lengser, oelah weleh ngabeledig, tjeloekan andjing oerang si-pangmoroan, pangbadakan, kitjik mere papanganan."

Geledeg andjing toedjoeh sagede koeda koemoesoet ditjeloekan. „Kitjik mere loe-

toeng ngadahoeng, kitjik mere papanganan." Boentjelik ngadeuleu beungeut, andjing dihoetjoehkeun, ngadeuleu beungeut, geledeg loempat ti heula. Lengser djeung andjing pandeuri, loetoeng ti heula.

Geledeg andjing moro ka si-Lengser.

„Oetsi-oetsi," dihoetjoehkeun ka loetoeng, „njegetan ka dewek."

‚Lain loetoeng samanea, loetoeng satjoeng geus weleh teu beunang dibeledig.'

„Lengser," ngandika ratoe, „teu beunang dibeledig, tadi awak ing hajang loetoeng, ajeuna ngadadak teu hajang; da teu beunang dibeledig, geura hatoerkeun ka parapoetra aing noe genep.

Mimiti ka toeang raina, ka Poerba leuih; teu katampa, ka toeang rakana ka Poerba rarang."

„Noen, goesti, soemoehoen darma panjaoer ti pangandika."

Tjedok njembah: „noen, goesti, sembaheun, koering ngatoeran amit teu lambat ngadeuheus."

Djoet toeroen.

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalengkah,
kodomang loetoeng pandeuri,
leumpangna doemontja-dontja,
boentoet bereleng kantjana,
boentoet emas ditjentangkeun,
hoeroeng nja sariga lajoeng,
herang nja sariga bentang.

Djoeg datang ka wewengkon parapoetra, kasampak ngagembrong ninoen dina bale boeboet, bale raoet, bale pantja pangeujeukan; da halal neda eureun.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja, „reuas pabaoer djeung sieun na tjoendoek dipioetoes, na datang dipiwarang, na niat sorangan? Soemangga pikersaeun, noen, rampes pikonokeun."

„Noen, pangoeloe tandang, tjoendoek dipioetoes, datang dipiwarang, ngemban pangandika ti toeang rama miwah ka toeang kersa dipiwarang ngahatoerkeun loetoeng, gawena mah teu aja pangwewera eukeur ninoen."

„Mama Lengser, loetoeng teh sok gede teuing bari kasep pisan, ari boentoetna ka toekang sidji, ka hareup sidji."

„Mama Lengser, sok sieun teuing koe mongkonongna."

„Teu, pangoeloe tandang, mo dinaha-naha."

„Daek soteh ngaboedjangkeun lamoen djalma anoe oetama, moen lalaki djalma pasti teureuh mantri, lamoen loetoeng kami emboeng, djalma ge pilihan keneh."

„Ari geus teu katampa, toeang, koering rek amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan."

„Mama Lengser, tjoendoek nganggoer sindang palaj marengan soewoeng sadaoeh kapalang neangan, noenda dapakan, Mama, pangampoera bae teu kahatoeran lemareun."

„Oelah pandjang dipisaoer, kateda, katarimakeun."

Tjedok njembah; djoet toeroen.

Datang ka doea teu ditampa, tiloe nja kitoe keneh, kaopat kalina teu ditampa keneh, sieun koe djeneng si-teteh.

Djoeg deui ka noe tjikal Poerba rarang, nja kasampak keur ngagembrang ninoen dina bale boeboet, bale raoet, bale pantja pangeujeukan.

„Da halal rek amit ngadeuheusan."

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah, tarima keur ngawoela.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja deui: „na tjoendoek dipioetoes, na datang dipiwarang, na kitoe niat sorangan? Soemangga, pikersaeun, noen, rampes, pikonokeun."

„Noen, pangoeloe tandang, tjoendoek dipioetoes, datang dipiwarang, ngemban pangandika ti toeang saderek, miwah ka toeang kersa dipiwarang deui ngahatoerkeun loetoeng; da koe toeang raina henteu ditarampi, madjar rempag."

„Lengser, loetoeng teh sok gede teuing bari kasep, ari boentoetna ka hareup sidji, ka toekang sidji."

„Lain boentoetna noe ka hareup mah, mongkonongna."

„Sok sieun teuing koe mongkonongna."

„Hamo henteu dinaha-naha."

„Arina kitoe, sok tinggalkeun, bisi dingarankeun nampik pasihan ti rama."

„Ari geus katampa, toeang, koering amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan."

„Mama Lengser, tjoendoek nganggoer, sindang palaj keur marengan soewoeng sadaoeh, ti loear taja noe seba neangan kapalang noenda dapakan, pangampoera bae teu kahatoeran lemareun."

„Oelah pandjang dipisaoer, geus kateda, katarimakeun; teu lambat ngadeuheusan."

Tjedok njembah, djoet toeroen, sarta njampeurkeun ka loetoeng: „Oetoen, geura tetep."

Inggoek; sakitoe nembalna.

Geledeg loempat, boes ka kolong bale; empes-empes ngadedengekeun, ngintip paramodjang noe lalendjang keur pada ngagembrong ninoen.

Nja tinoen woeloeng digantoeng,
nja tinoen poleng digedeng,
lelemen si-roedjak gadoeng,
roedjak gadoeng matak landjoeng,
matak tigoeloesoer koetoe,
matak tidajagdag toema,
matak tiragieung sieur,
matak tidjorongkong tongo,

satahoen padaoen kaoeng,
saboelan padaoen ilat,
sapoë ditoendjang bae;
ngetekan sariga keupat,
tes korompjang toropongna,
toropong ninggang panjetjep,
panjetjepan tjemeng koening,
aran tinoen kaboejoetan,
lain tinoen kaboejoetan,
mana paragat doeriat,
aran deukeut ditinggalkeun,
gedogan gila koe pasti,
aran anggo djalma pasti,
gedogan djati malajoe,
tegalna djati kabongan,
migaleger pinang rende,
barera tjatang ti peuntas,
limboehanna djati woeloeng,
hapitna kamoening rarang,
tali tjaor kenoer tjina,
toropong tamiang sono,
panjetjepan tjemeng koening,
tjaorna galeuh tjandana,
nja ngagoeroeh ninggang padoeng,
nja gilang ninggang barera,
tes korompjang toropongna,
ninggang kana panjetjepan,
panjetjepan tjemeng koening,
tes kereleng tetengerna,
tetenger djalma goelandjeng,
nitis di poë raspati,
ngandegna dl boelan kanem,
medalna di malem soekla,
oerat kentjeng dina tarang,
pangaroeh djelema bedang,
keur pada ngagentrang ninoen.

Ninoen tetelakeun:

ditilik ti kaänggangan,
noe nanggoeng poelang nogentjang,
noe lengoh toeloej ngaboedjang,
ngeureunkeun anoe sakeudeung,
ngabebeda noe keur geura,

poelang poë toeloej mondok,
noe ngaliwat kaëdanan,
lain bogoh koe tinoenna,
bogoh koe tingkah noe ninoen,
taja batan Poerba rarang,
pangaroeh djalma noe bedang.

Djongdjon noe keur ninoen, golepak toropong, montjor ka kolong bale.

„Adi, pangnjokotkeun toropong?"

„Teteh keur katanggoengan."

Ka adi sidji deui: „adi pangnjokotkeun toropong?"

„Teteh keur katanggoengan."

Ka Poerba leuih, noe deukeut ka poetri boengsoe; „adi, pangnjokotkeun toropong."

Si-adi nja kitoe keneh. Sadjoetna boga boedjang loetoeng nja ninoen soengkan ninggalkeun, perbawana bogoh bae.

„Kapan, teteh, kita boga boedjang loetoeng, mangkala boedjang titaheun."

„Oetoen, kami pangnjokotkeun toropong di kolong bale."

Loetoeng boes ka kolong bale, top toropong tamiang sono dideuleu oelang-ileung, dibebekkeun sewik, djadi lima; sor disodorkeun, geledeg loempat tapakoer dina boeroean.

„Djoerig, loetoeng teh, teu beunang diandelkeun, toropong keur bogoh-bogoh dibebekkeun."

Leok, tjai panjetjepan dibahekeun, gila koe pamali. „Haram, teteh, haram" lahir, „bisina diletak meong matak kokoloteun."

Matak hamboer pakan tinoen,
ngalologan tali tjaor,
lampoeroek tinoen diteundeun,
top barera djeung rorogan,
samping djangkoeng geloeng djoetjoeng,
gebroeg anoe toetoeroeboen,
ditoemboean koe djamentroet,
geuleuheun ka boedjang loetoeng.

„Adi, tjoeang noeloengan ka si-teteh ngalologan tali tjaor!"

Top rorogan djeung barera katoet djeung tjaorna pisan.

Geledeg si-djompong ti pawon ngerid hihid, koendang doelang, remeh moentang dina awak siga rek laladjo ngakeul.

„Pangoeloe tandang hajangeun bantoean ngepoeng loetoeng, mebekkeun toropong."

Tjeblok ditotog koe barera; deg ka tonggong si-djompong; loetoeng loempat, raga pangawakan ditotogan.

„Teteh, pangampoera, kita kabareraän."

Tjeblok ditotog deui, deg ka poendoekna si-djompong pisan; loetoeng loentjat.

„Teteh, pangampoera, kita kabareraän."

„Patjoean kepoeng, rontokan bae."

Dirontok, molopos; dipeupeh, njeuleujeuh; didjedjek, ngelejep. Ditampiling ngeumbing kana tjeuli, kana pingping, seredet dikoët soesoena.

„Djoerig, teu soeka teuing, koe mas kabeureuh Indradjaja tatjan ditjabak, nja dagangan sakitan, dagangan noe tebeh loehoer."

„Mas kabeureuh, kami arek amit siram, dagangan dikoët loetoeng, geura podaran."

„Emas kabene, mangke dipodaran koe dewek."

Prak angkat noe rek mandi.

Djoeg ka djamban larangan paramodjang noe genepan, seg bolenang ditaradjang, papakean noe genepan ditareundeun pipir kopo tjondong ngaloehoeran ka tampian noe sariram poetri noe genepan katoedjoeh djompong.

Djongdjon noe keur siram, keur meudjeuh ngeureunan palaj.

XI.

Ngoesik-ngoesik anoe tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa.

Tjatoerkeun Sanghjang loetoeng.

Katjatoerkeun Sanghjang loetoeng,
rek noetoerkeun anoe siram,
ngaran: ‚loetoeng keur moendoengan,'
tatjan ngamoek ditinggalkeun,
rek ngoelinting ka noe galing,
leledag tamba hareudang,
tamba keueung toenggoe imah.

Djoet toeroen.

Katjatjang kolear angkat,
leumpangna doemontja-dontja,
boentoet emas ditjentangkeun,
nja hoeroeng sariga lajoeng,
nja herang sariga bentang.

Doeg ka djamban larangan, kilang kitoe teu katembong, ngadoekeun keneh pangawasa.

Top pakean ditjokot genep katoedjoeh si-djompong, serelek dibawa naek ka loehoer kopo tjondong raweuj di oenggal dahanan.

Ngaboerahroh loetoeng loehoereun teu kanjahoan, koeroeng koe mendoeng lajoengna, hiliwir anginna leutik ninggang ka noe keur sariram.

„Teteh djompong, sok tiïs teuing, tjokot papakean oerang."

Ret njoreang ka darat, teu aja. „Oerang mendi anoe hiri, oerang mana noe tjoelika njokot papakean oerang?"

„Teteh djompong, geura poelang ngala pakean." „Noe bodo dibobodo pisan, poelang hidji poelang kabeh, tarandjang hidji, tarandjang kabeh. Rampes moen djeung pangoeloe tandang mah."

Geus kitoe, loetoeng nembongkeun maneh raweuj samping oenggal dahan.

„Loetoeng sok tjotjorokot teuing, tarima koendang bawahan, kadieukeun pakean kami."

Henteu oenggoet kalinian, henteu gedag kaänginan.

Aran loetoeng ditjarek goreng.

Pok Poerba leuih noe deukeut ka poetri boengsoe ngaran aloes titindakna.

Noe opat noeroetkeun bae.

Djoeg samping diraragkeun. Prak noe mantjat, top samping ditjokot: noe patoet pada ditoengkoep, noe pantes pada ditekem, noe opat pada dikoekoeroedoeng.

Poerba rarang ngeueum keneh.

„Kadieukeun loetoeng, engke sia modar. Beuki keujangeun pisan."

Djoet toeroen, geledeg loempat poelang ti heula, boes ka padaleman, goeroedjag ka amben loenta ka tengah imah, koelinting ka randjang, ngadjengkang di lawang randjang ngadagoan modjang datang.

Tjatoerkeun noe di tjai.

Doeg samping ragrag, koe maneh tjat mantjat, top ditjokot djagorna geus soetji ari toengtoeng hidji deui pakean ditjokot loetoeng.

Geredeg noe laloempatan poetri anoe genepan katoedjoeh si-djompong sadjongdjonan.

Bloes ka padaleman, goeroedjag ka amben, loenta ka tengah imah, koelinting ka pipir randjang kasampak loetoeng ngadjengkang di lawang randjang.

„Loetoeng sok lanjap temen; kapan tadi di tjai lain loetoeng?"

„Lain loetoeng."

„Koemaha, tadi hideung ajeuna hideung, tadi boeloean, ajeuna boeloean."

„Lain loetoeng."

Djenengan gila koe pasti,
kai emas rangga pasang,
noe masang di lawang randjang,
ngadagoan modjang datang,
ngaherang gila koe hajang,
ning eta henteu kasorang.

„Djoerig loetoeng, gagabah teuing."

Top barera djeung tjaorna ka gigirna kana kasang, ka loehoer kana reregan, dibeubeutkeun wakwok djiga kiramaj.

Geledeg loetoeng noe loempat patinggalemprang bala petjahna; leboer diamoek.

Loetoeng doeg ka pipir hawoe; ditotog, hawoena leboer.

Loetoeng loentjat, tjel kana seuneu teu woedoe ngamoek, diamoek-amoek teu pati djenoek, roeroentoek koekoek, rarapen kele.

Goeroedjag ka amben, ditotog tjel ka taneuh teu woedoe ngamoek, djapati sawidak, soang sawidak dibebekkeun wakwok patingkoreak, koelinting djiga garing moen koe seuneu perang djiga dipanggang lain perang koe dipanggang, kagaris koe wawajangan, kilang kitoe teu kaharti, rek ditempoehkeun.

„Mama Lengser, salagi teu boga andjen, saketi manana tiïs nja ati."

Hol Lengser ti kolong bale, njoehoenkeun bedja tjektjok tjewoh: „na, aja naon?"

„Toropong dibebekkeun loetoeng, teu soeka teu halal, salagi teu boga andjen, saketi manana tiïs nja ati."

„Koering mah soekoe samboeng leumpang, leungeun samboeng njokot, tarima darma loemampah, rek ditempoehkeun saketi, koemawani sajoeta koe boga, teu njaho diabot entengna sakepeng harga dalem."

Ngabedoed eleh wangsoelan.

„Arina kitoe," tjek Poerba rarang: „oelah ditempoehkeun, geura anteurkeun ka pipir goenoeng, gorengna saroepa, hideungna saroea, sailon sagodos, sabobot sapihanean, ka tjai djadi saleuwi, ka darat djadi salebak, ingkeun kade anak loetoeng."

„Mama Lengser, geura anteurkeun loetoeng ka goenoeng."

„Noen, pangoeloe tandang, soemoehoen darma panjaoer."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

„Hajoe, Sanghjang loetoeng, tjoeang miang."

Inggoek; noetoerkeun.

Karang lemboer hade deui.

Katjatjang Lengser noe angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,
kodomong loetoeng pandeuri,
leumpangna doemontja-dontja,
boentoet bereleng kantjana,
hoeroengna sariga lajoeng,
herangna sariga bentang,
boentoet emas ditjentangkeun,
metoe lawang mandjing lawang,
metoe di lawang pingpitoe,
datang ka lawang pingsanga,
dangdeung ka paseban ageung,
doeg datang ka aloen-aloen,
parapas ka lawang loear,
medal di lawang saketeng,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ngabandoeng,
kaopat noe keur didjaga,
kalima heuleut-heuleutan.

Djoeg ka pipir goenoeng.
„Da halal amit ngadeuheusan."
„Bagea noe tjalik."
Terengteng moeatkeun sembah.
Poerba sari ti peuting boesik koe angin,
ti isoek tjiproek koe iboen,
ti beurang gede koe poë,
kilang kitoe woewoeh panggoeh,
pangweroehna Poerba sari.

Toeloej nanja ka Mama Lengser: „na tjoendoek dipioetoes, na datang dipiwarang, na kitoe niat sorangan? Soemangga pikeursaeun, rampes pikonokeun."

„Tjoendoek dipioetoes, datang dipiwarang, ngemban pangandika ti nagara, miwah ka toewang karsa, dipiwarang ngahatoerkeun loetoeng."

„He, Mama Lengser, koetan teteh aja keneh adilna? Kadjeun loetoeng, tamba soewoeng; kadjeun hideung, tamba keueung noe di leuweung, kadjeun goreng, tamba djempe noe sorangan, teteh sakitoe ge aja keneh sisiramna ratoe emas."

„Ari geus karoean katampa, djisim koering amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan."

„Mama Lengser, tjoendoek nganggoer sindang palaj teu kahatoeranan lemareun, Mama, pangampoera bae da kami tinggara keneh."

„Oelah pandjang dipisaoer; kateda, katarimakeun."

Djoet toeroen kaloentjieur pinggir moelih.

Teu dibilang di djalanna, dibilang datangna bae.

Doeg ka nagara, bloes ka padaleman, kasampak kasondong aja.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

Lengser lila temen, aja bedja rantjana naon?"

„Noen, goesti, taja bedja rantjana, di noe hidji teu katampi, di noe doea teu katampa, di noe tiloe teu kalakoe, kaopat, kalima ditampel, noe genep nja kitoe keneh."

„Lengser, tadi ge di noe hidji mo katampi, di noe doea mo katampa manana bagdja, di noe tiloe mo kalaloe lila manana panoedjoe, di noe opat, noe lima, noe genep mo madep lila manana hidep."

„Kiwari di djalma sisi, si-indji Poerba sari."

Lengser toetas hatoeran, keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

XII.

Tjatoerkeun di pipir goenoeng.

Poerba sari tjalik dina paloepoeh sabebek, dina hateup sadjadjalon; repet ing Sanghjang loetoeng.

Toeloej inget ka sirepna; ditioepkeun ka Poerba sari; lenggoet noendoetan kataradjang sirep loetoeng.

„Oetoen, tjoeang sare djeung si-teteh, si-teteh banget toendoehna."

„Owah, soehoenan pamadjikan, loetoeng mah tara sare djeung manoesa, bisi geuleuheun."

Bloeg noe sare dina paloepoeh sabebek dina hateup sadjadjalon.

‚Koetan soehoenan pamadjikan nalangsa temen, dihin pinasti anjar pinanggih, awak ing rek neneda ka soenan amboe, ka amboe neda pitoeah, ka rama neda sapaät misalin meungpeung sare.'

Raksoekan digedogkeun, braj baranang sariga bentang, djiga kilat eukeur datang kakasepan Goeroe Minda Kahjangan. Sok raksoekan diteundeun dina tjatang ageung tatjan kagoengan padaleman; djengkekeun amboe soekoe ti katoehoe, ditimbang koe ti kentja, parapas sewoeng njolekat keris malela.

Anggona ti babaheula,
enja soteh hanteu tembong,
kapindingan koe raksoekan,
Goeroe Minda Kahjangan,
anak dewata tjikalna,
titisan Goeroe Hjang Toenggal,
seuweu batara di langit,
kandegan Loetoeng kasaroeng,
ngagimboeng-gimboeng di manggoeng,
loementang di awang-awang,
njoekang kana kilat pandjang,
parapas ka mega bodas,
koelinting ka mega miring,
datang kana mega malang,
tjoendoek kana mega noenggal,
datang kana mega kajas,
patapaän noe ngabeureum,
mangka estoe pangbeureuman,
moen estoe djadi pangbeureum,
sangratoe djadi soegihna
henteu mah euweuheun teuing,
djadi kasoegihanana,
loenta kana ‚tjinta reang,'
patapaän dalang tandak,
lain satandak-tandakna,
moen ampoeh ngagoenoeng soewoeng,
henteu mah euweuheun teuing,

djadi kasoegihanana,
soemping kana ,tjinta wengi,'
patapaän nji paradji,
lain sapradji-paradjina,
moen estoe noeloeng ngadjoeroe,
mana datang ka noe pasti,
henteu mah euweuheun teuing,
tjoendoek kana ,tjinta lagoe,'
patapaän djoeroe pantoen,
lamoen estoe pangmantoenna,
djadi pangmantoen sangratoe,
djadi kasoegihanana,
pangandika Goeroe Minda,
moen ampoeh Loetoeng kasaroeng,
henteu mah euweuheun teuing,
ka angin sada karinding,
ka hoedjan sada galendang,
kana goegoer sada angkloeng,
ka gelap sada trawangsa,
awak ampoel tanding kapoek,
hampang kawas tanding koembang,
awak dalit djeung noe leutik,
awak saroea noe lemboet,
saraga reudjeung dewata,
kaoela Nji Anta maja,
sategesna Anta boekti,
Pohatji Sang seda tapa.

Doeg ka sawargaloka manggoeng alam padang, poë pandjang, soenan amboe kasampak kasondong aja, roj mando, parapat njembah.

„Si-oetoen soemping naon poëna naon boelanna?"

Tjoendoek ka Soenan amboe: „datang di boelan soebaja." „Soemangga pikersaeun, rampes geura pikonokeun, koemaha saoer ka amboe?"

„Owah, Soenan amboe, mana peuting koemareumbing, mana poëk soemeleket ngoembara geus meunang, pada-pada meunang goreng pisan, hideung batan wadah teuleum, bangban awak batan gagak, ngan sorotna henteu leungit sasemoe keneh djeung amboe."

„Oetoen, oelah redjag koe hideungna, koe gorengna; hideung soteh poepoelasan nja eta saroepa djeung amboe teh."

„Soenan amboe, nanging eta nalangsa pisan, paloepoeh ngan sabebek, hateup ngan sadjadjalon, ka amboe neda pitoeah ka rama neda sapaät, rek misalin, karoenja nalangsa pisan."

„Oetoen, oelah redjag, oelah reuas, meureun banda djenoek diwoewoehan,

banda rea ditambahan, amboe mah ngagadoeh bae. Geura balik meungpeung peuting, si-indji bisi kasampak geus njaring; geura poelang mangka gantjang, si-indji bisi kasampak geus hoedang. Oelah waka tembong kasep, tatjan datang ka poëna; bisi teu hedjo lalakon, bisi teu rambaj tjarita, tatjan datang ka poëna."

„Soemoehoen, Soenan amboe, ngatoeran amit."

Tjedok njembah, parapas geus ngoengkoelan ngalanggoekan.

Doeg ka boeana pantjatengah, imbit milang bentang, kasampak sare keneh, dianggo raksoekan, djanggelek miroepa loetoeng; keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

XIII.

Ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa,
neda agoeng nja paraloen,
neda pandjang pangampoera.

Tjatoerkeun Soenan amboe.

„Boedjangga seda, Boedjangga sakti, Gan Oetoen tas soemping. Geura djoengdjoengkeun, seuweu ratoe, geura djajak seuweu radja. Boedjangga seda balena, Boedjangga sakti imahna, dewata anoe ngeujeuban, mangka aja samaktana, mangka agreng batan di nagara sarta tampianana."

Boedjangga leuih pangawasana: ti loehoer lemboet datang ka handap badag, sadjiad sakersana katoeroetan, saketjapna tjatjap bae.

Tes, djleg ngadjenggleng bale kantjana hateup genteng omas, sisi ngajapak imahna pisan:

dirandjangan lima toendan,
dikasoeran toedjoeh toempang,
ngalembreh kasang tjindena,
goegoeling mandjati Keling,
kasoerna lalambe soetra,
simboetna sindoer Banggala,
ditoempalan koe peremas,
lalamak paramedani,
loeloehoer halimoerentang,
hoeroeng koe parada pasoeng,
herang koe parada kompjang,
loeloehoer djeung rereganna,
koemiriling koemirintjing,

njabetan kana goegoeling,
katinggang koe angin leutik,
tes ngaherang tes korompjang,
njabetan djaregdjeg randjang,
papadjangan hoeroeng herang,
pamisalin Agan loetoeng.

Tjatoerkeun Sanghjang loetoeng.

Poetri boengsoe dipangkoe, diëbogkeun kana kasoer toedjoeh toempang, disimboetan simboetna sindoer Banggala, ditoempalan koe peremas matak tibra ka noe sare.

Djoet toeroen Sanghjang loetoeng, tapakoer dina bale kantjana.

XIV.

Tjatoerkeun di manggoeng.

Tjaritakeun di kahjangan Soenan amboe karek njipta tampian.

Tjoeroeloek noe tjipanonan,
disoesoetan mangka saät,
batan saät anggoer djenoek,
mani ngaloekrah ragragan,
ka boeana pantjatengah,
ngalombang gila koe herang,
pantjoeran tambaga soekra,
tandena djolang kantjana,
panimba oendem salaka,
ngempoer tatandjoeranana,
katjapiring kajoe poering,
siang kekembanganana,
kembang ratna aer mala,
kembang ratna parawangi,
kembang ratna joji banten,
tatadjoeran di tampian,
nagasari djeung malati,
djiadan Boedjangga sakti,
njondongan lis Poerba sari,
kembang ganda aer mala,
kembang ganda parawangi,
kembang saka kembang wera,
kembang widjaja koesoema,
tatadjoeran di tampian,
tjiptana paradewata,
mana tampian oetama.

Tjatoerkeun di boeana pantjatengah.

Braj beurang:

koelisik poetri noe oesik,
kodjengkang poetri noe hoedang,
njoreang ka loehoer ngempoer,
njoreang ka handap herang,
reg ngahoeleng, ngadaweung, ngaboentel tineung.

„Aeh, sangli ka mendi, awak ing sasar ka mana, ari kalamari paloepoeh sabebek, hateup sadjadjalon; tas sare kasampak papadjangan hoeroeng herang."

Djoet toeroen kana taradjoe,
dilintjaran koe tjandana,
dihambalan koe tambaga,
tjiptana Kai Boedjangga,
waktoe misalin ti peuting,
nintjak kana tatapakan,
batoe benteng toeloej dengdek,
njoreang ka boedjang loetoeng.

„Oetoen, oerang sangli ka mendi, oerang sasar ka mana, sabab ka mana sok sieun teuing, oetoen, asoep siloeman sileman."

„Owah, soehoenan pamadjikan, oelah redjag, oelah reuas, loemajan pamisalin boedjang loetoeng."

„Oetoen, pamisalin ti mana? Sok sieun dipangmalingkeun."

„Soehoenan pamadjikan, tadi ti peuting beunang, ngimpi boeroeh naek."

Braj manahna Poerba sari.

XV.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Soenan amboe, teroes panon batan katja, katingali salawasna, ditoeroenan pangawasa mangka taradjang panas hareudang ambrih tampian tereh kanjahoan.

XVI

Tjatoerkeun di boeana pantjatengah.

„Sok panas hareudang teuing; oetoen, di mana aja tampian?"

„Rampes, pariksakeun tonggoheun imah oerang, lamoen kapanggih aja kingkilaning bagdjana, lamoen teu kapanggih kingkila lain bagdjana, pangembohan ti peuting waktoe ngimpi misalin ti peuting."

„Oetoen, geura toenggoe imah, teteh rek amit siram."

„Soehoenan pamadjikan, ngan sakitoe, loetoeng mah kabisana toenggoe imah.

Djoet toeroen ti bale kantjana.

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,

toemandang taja noe roang,
roang soteh roang badak,
oendoer soteh djeung noe lemboet,
leumpang soteh djeung noe lendjang,
angkat karo wawajangan,
pakean djiga kiramaj,
karembong sabaroeboetan,
salindang sariga rambang,
angkatna djadjaloentjatan,
tetenger eukeur napaän,
ti hoeloe sasemet boedjal,
ti handap sasemet toeöer,
angkat dikoempal-kempolkeun,
ngeupatkeun koedjangna boentoeng,
boga boedjang hidji loetoeng,
malingping dipinding-pinding.

Tjat nandjak di oendak-oendakan, hajang tereh ka daratna.

Djoet ka djamban:

,sok sieun teuing pamali,
agreng batan di nagara,
aja saparabot goesti,
sok sieun teuing pamali,
teu siram gila hareudang,
moen siram bisi pamali.'

Malikan koe andjeun bae:

,goesti siram koering miloe,
da taja deui tampian.'

Prak toeloej noe siram panimba oendem salaka, ngaroeroe saboekoe-boekoe; braj tembong kageulisanana.

Kembang semboeng ting goeloesoer,
kalakaj pating baranang,
nja keusik djiga aroesik,
nja batoe djiga arimoet,
kahibaran poetri mandi,
nja kikis-kikis ngalelir,
nja kandang-kandang harerang,
panon poë mah kamandjon,
kahibaran poetri siram,
geulis ti nitis ngadjadi,
djalma lendjang ti pangpangna,
teroes ka langit pingpitoe,
parat ka tjongkar boeana,

komara mantjoer ka manggoeng,
kageulisan Poerba sari.

Tjatjap ing siram:

katjatjang kolear angkat,
keupatna aloeng ka manggoeng,
tanding bintjaroeng diadoe,
keupatna heulang ka handap,
tanding kembang sempoer ragrag,
gebroej baranang koe lenggang,
keupatna Nji Poerba sari.

Djoeg ka padaleman, kasampak loetoeng ngabengkoeng.

„Soehoenan pamadjikan, koemaha, nimoe tampian?"

„Oetoen, nimoe pisan, nanging eta aja saparabot goesti, dianggo bae nja tarima goesti siram koering miloe da taja deui tampian."

„Oelah salah nja tarima bae, rampes, soehoenan pamadjikan, pariksakeun ka nagara emas di bale kantjana."

„Oetoen, kandaga ti mana?"

„Pangembohan ngimpi ngala boeroeh bae; soehoenan pamadjikan leumpang eta datang."

Prak tjalik kana bale kantjana, poetri boengsoe braj kandaga diboeka, pakean sarwa Keling, aja saparabot goesti.

„Oetoen, sok sieun teuing, pamali."

„Mo pamali da djaoeh ti goesti, mo mapada da djaoeh ka radja, da anggang ti nagara."

Prak noe disalin.

Sampingna teu pati apik,
disampingan soetra koening,
karembong tjinde Kadiri,
njalindang koe tjinde kembang,
kongkojang koe soetra ganggong,
ka loehoer kana geloengna,
ka handap kana sindjangna;
oelah rek digeloeng djoetjoeng,
bisi padjar indoeng-indoeng,
matak kasorang noe agoeng,
matak larangan ka lisoeng,
matak sieun prapohatji,
bisi padjah tatambangan,
matak sarang di noe wenang;
oelah rek digeloeng konde,
matak djore di noe gede,
salin deui na geloengna,

geloeng lelep geloeng tikel,
dihapitna koe djaridji,
ditikelkeun koe dampalna,
ser djoetjoeng direunteut deui,
loeloemat salawe lambar,
dipinggiran koe malati,
didjadjaran koe tjampaka,
djedjel koe inten baroentet,
disoebal saloempit pandan,
dipoentjakan mas kalangan,
miring batan goenoeng soengging,
tjepak nongnong koleangkak,
niroe geloeng widadari,
kabogoh parapohatji,
teu ngewa anggo di goesti,
koering kari moeri-moeri,
bala kari nitah bae,
sakabeh pada dianggo,
pada diadjaran kabeh,
sakala poë harita;
sakalangkoeng tapok geloeng,
pameunteu sarangka beuheung,
salobong sarangka tonggong,
saloebang sarangka awak,
saloempir sarangka bitis,
siger boengker djeung pamener,
djoemepret benten kantjana,
benten emas ditarikan,
dimangka tarik sisina,
dimangka ngendoe djoeroena,
dimangka ngendong di tengah,
ditimbangan soeeng bapang,
dikarantjang dikarantjeng,
eureuj mani kikitjeupan,
intena djiga arimoet,
barabaj koenaŋg-koenangan,
noe bentjoet dina harigoe,
djiga tjengkir klapagading,
katoeroeban koe sintoengna;
djoedjoeloek masangan waroe,
hoeloe soesoe noendjoek iroeng,
tetenger djadian agoeng,

hade keur pawarang ratoe,
ditilik gila koe loetjoe,
taja batan poetri boengsoe,
koneng henteu hideung henteu,
sedeng ngetjemeng-ngetjemeng,
ret boenter ngelemeng koneng,
nja koneng ngala ka teteh,
nja lendjang ngala ka biang,
nja moblong ngala ka embok,
nja geulis ngala ka nini,
nja djangkoeng ngala ka indoeng,
bisa njalindoengkeun semoe,
bisa njoesoempingkeun boedi,
mere semoe djiga imoet,
mere boedi djiga seuri,
manana parek redjeki,
pangaroeh noe rampes boedi.

Prak noe rek ngalemar, mimiti kagoengan lemareun meunang njokot ti kandaga pamahanan paradewata.

Prak noe rek ngalemar tea:

njigit gantal meuweung keusal,
dibeuweung dieumeuj-eumeuj,
ditjapek dionjang-anjeng,
tamba tjaheum nanajeumeun,
diperih amis tjaina,
barabaj koenang-koenangan,
wadja kasipoeh koe lemar,
ngalembereh kana lambe,
tjilemar ombak-ombakan,
kasipoeh nja karatoean,
kalandja nja kamenakan,
imoetna adjen sasoekoe,
seurina adjen satali,
di djero satali deui,
eukeur imoet dadajeuhan,
ratoena eukeur ngalemar.

Ngitoeng-ngitoeng sandi tahoen, ngetang-ngetang sandi boelan, neangan poë loenggoeh ing geni teu poë soekla, poë anggara; paraboedjangga rek toeroen di poë anggara.

Tjek Kai Boedjangga: „toeroen geni arah ti loehoer, lemboet datang ka handap badag, maroeroeh kana haoer, mapajna kana tamiang djeung sakabehna."

Ngageder ngahoeroe tjatjaran sakabehna, nanging henteu tembong ka nagara.

Loeloegoening boedjangga rek ngabidjilkeun pangawasa njeungeut noe totorombolan; bring disingsringan, sakeudeung paragat anggeus.

Leboena geus nengah toeöer,
leboena baoe djamoedjoe,
tjatjar Emas poetri boengsoe,
aran anggo djalma loetjoe,
roehakna baoe tjandana,
djiadan Boedjangga seda,
beunang neda Goeroe Minda,
dibandjoeran koe boedjangga,
toeroenna Batara Siwa,
ti manggoeng tina kahjangan,
sirilik anginna leutik,
parapat angin baratna,

toeroenkeun angin poejoehna,
nja poejoeh toedjoeh moendingeun.

Der angin datang pangamboeng tjatang di manggoeng, kilang kitoe teu katembong.

Linjih ambrin hoenjoer leboer,
lebakna antar sapisan,
taneuh djiga beunang neukteuk,
lemah djiga beunang ngoendak,
taja leboena samendang,
hade toera pamidangan,
midang tani nandoer boekti,
djiadan Boedjangga sakti,
njadangan Nji Poerba sari.

Tjek Kai Boedjangga: „hjang adi, tjoeang njieun saoeng, opat saoeng koe tiloean, tiloe saoeng koe sorangan."

Njieun saoeng datang ka doea saoeng, tiloe saoeng, opat saoeng, lima saoeng, genep saoeng datang ka toedjoeh saoeng; pangnoengtoeng panjiptakeun sasoegrining pakarangan: said, njiroe, boboko, ajakan, tetenong, soemboel, katjapi, karinding, tarawangsa djeung tjaloeng.

Ngoengkoeng tjaloeng troes ka manggoeng,

kabogoh parapohatji,
tangara dipihoemaän.

XXXVIII.

Tjatoerkeun Sanghjang loetoeng.
Oenggal poë ka leuweung koedjang boentoeng dibabawa.
„Oetoen djeung si-teteh reudjeung?"
„Montong, da ngan sabirit loetoeng, mo anggeus."
Djoeg ka leuweung, kasampak boedjangga, ngaderak ngeureunan palaj.
Tjek Kai Boedjangga: „Oetoen, kami rek amit balik, ngan kari aseukan bae."

Owah, ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,

ngobah-ngobah noe keur tapa,
neda pangampoera bae.

„Oetoen, oelah rea kasaoeran, mo hedjo lalakonna, rambaj tjaritana, moen teu koe amboe koe sadoeloerna."

Djoeg ka sawarga loka manggoeng, prak tjalik di patapaän.
Saoer Soenan amboe: „koemaha Kai Boedjangga, geus parele?"
„Parele, kari aseukaneun bae."
„Soekoer."
Keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Tjag:
teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

Tjatoerkeun di boeana pantjatengah.

Sangkilang patimoe heuleut,
tembong leuweung keneh bae,
ka nagara dipindingan,
djadjim ari pangawasa,
dewata reudjeung boedjangga.

XXXIX,

Tjatoerkeun di nagara.
Noe di nagara rek miheulaän, timbang kapiheulaän.
„Mama Lengser, koempoelkeun batoer djenoek, djalma rea."
„Soemoehoen darma panjaoer, tarima ti pangandika.
Tjedok njembah, djoet toeroen.
Der nabeuh tangara; leut batoer.
„Djoeragan Lengser, aja tangara naon?"
„Timbalan pangoeloe tandang tjoeang ngahoeroe tjatjaran, geura naranggoengan obor, prasikepan tjekelan sewang-sewangan."
Gebloes ka padaleman.
„Bagea noe tjalik."
Terengteng moeatkeun sembah.
„Mama Lengser, koemaha, geus anggeus? Geura hatoeran ka mas kabeureuh Indradjaja."
„Noen, goesti sembaheun, koering meudjeuhna miang."
Rigeug noe angkat, broel noe rea, sadjongdjongan djoeg ka tjatjaran, der diseungeutan, morobot sada bitoeng kahoeroean. Der hoedjan, tinggeledoeg goegoerna, tingdjareded gelapna; ngahoeroe tjatjaran hoedjan bae, aran sibaha ka radja.
„Djoeragan Lengser, koemaha ieu loeangna ngahoeroe tjatjaran koedoe katiga.
»Mo, koerang piakaleun, nagara mah noe nioep, noe njongsongan, noe nageberan, noe ngahihidan."
Djegoer nioep, pes pareum pisan koe hoedjan.
„Koemaha, djoeragan Lengser, ari teu teurak dihoeroe?"
„Mo, koerang piakaleun da nagara noe lemboet dipaoetan noe gede diseredan, tjatang djodangan, noe pondok ponggokan, toenggoel raboetan, sakeudeung paragat anggeus. Prasikepan njieun saoeng tihang haoer hateup baloeboer, ari geus diboeat, teu oel ninggalkeun, geus pada ngalalening."

„Batoer, tjoeang boebar, da geus parele."

Rigeug Indradjaja noe rea ngiring.

Djoeg ka nagara, bloes ka padaleman, brak noe sila pinoeh saroang, bidak kaloearan boemi sewang-sewangan.

Mariksa Poerba rarang ka si-Lengser: „koemaha, Mama Lengser, ngahoeroe tjatjaran parele?"

„Geus parele, oetama pisan bari lega, dikira-kira pibiniheunana mana mahi toedjoeh bakoel, toedjoeh bodang."

„Soekoer, Mama Lengser, koemaha noe oerang sisi Poerba sari noe boedak ketengan tea?"

„Noe oerang sisi bareto sabirit loetoeng, ajeuna loetoeng doea birit; ari njatjar tataekan bae."

„Soekoer, toeloes kateukteuk adegan."

Lengser keur meudjeuhna ngeureunan palaj.

Tjatoerkeun oerang sisi.

Nja soteh patimoe heuleut, tembong leuweung koe nagara, ngan ditembongkeun ka djalma saoerang ngan ka si-Lengser.

Tjatoerkeun Poerba sari.

Rek miheulaän timbang teu kapiheulaän.

Sipet ngahoeroe ka ditoe henteu koengsi poelang anting didjangdjian Kai Boedjangga.

Neda agoeng nja paraloen,
neda pandjang pangampoera,
ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa.

XL.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Soenan amboe teroes panon batan katja, balikeun pangawasana, tinggangkeun ka nagara katigana,

hoedjanna ka oerang sisi,
leutik henteu gede henteu,
ngarintjik sedeng meudjeuhna,
ngitoeng-ngitoeng sandi tahoen,
ngetang-ngetang sandi boelan,
neangan poë loenggoehing,
boemi koedoe manggih toempek,
poehoen tiïs perbawana.

Noe geulis Pohatji Wiroe manangga nabeuh kendangan manik kaboejoetan

tangara di kahjangan. Leut dewata opat poeloeh, boedjangga opat noe poerah poelang-anting, kokolot parapohatji, noe geulis Girang tjandoli.

„Indji, sia kieu dideukeutkeun tea mah, geus datang kongkonan si-Oetoen, geus moeles kana pangamboeng:

„djoengdjoengkeun seuweuna ratoe,
geura djajak seuweu radja,
geura pek pangmipoehoenkeun,
pada-pada mipoehoenkeun,
mangka nastiti tarapti,
ajana rengoe saeutik,
oelah arek ditoeloeskeun,
hamo taja beurang deui,
bisa njalindoengkeun semoe,
bisa njoesoempingkeun boedi,
koedoe diangir djeung mandi,
diboboreh koedoe poelang,
panganten parapohatji,
windoena miloe ka tahoen,
tahoenna miloe ka boelan,
boelanna miloe ka poë,
poëna miloe ka daoeh,
daoehna miloe ka saha."

„Ari tatjan sakitoe, oelah wara toeroen binih noe sakieu moen tjoekoel ka toedjoeh pasir, kingkila djiad ti aing, pohatji opat poeloeh, dewata opat poeloeh, boedjangga opat geura taroeroen. Dewata djeung pohatji teroes djeung Kai Boedjangga djoengdjoeng seuweu ratoe, djajak poetra radja, geura toeroenan ka boeana pantjatengah, geura pangmipoehoenkeun."

Indit tina pangtjalikan, loegaj tina pangtapaän; djoeg ka boeana pantjatengah ngeureunan palaj dina saoeng boeatan Kai Boedjangga.

Tjek pangiwa dewata Wiroe manangga, „geura dadaoet pakeun mipoehoen tamiang poegoer djeung seël, dadap djeung patjing; geus meudjeuhna, geura mipoehoen."

Noe geulis Girang tjandoli prak mipoehoen, toeloej njieun paroepoejan, boel noe ngoekoes.

„Boel koekoes aing ka Sang Roemoehoen,
ka manggoeng ka Sang Roemoehoen,
ka Sanghjang Batara Goeroe,
ka handap ka Sang Noegraha,
ka Batara Naga radja,
ka Naga Rahjang niskala,
noe aja di paniïsan,
oelah hamo pangneroeskeun,

koekoes aing menjan poetih,
ka Pohatji Dewi poetih,
mangkana teroes ka manggoeng,
ka manggoeng neda papajoeng,
kana Emas Pajoeng larang,
kami mihape tatanen,
ka Nini Bagawat Sangsri,
ka Aki Bagawat Sangsri,
nja beurangna nja peutingna."

„Indji deudeuh."

„Nji Pohatji Sanghjang seri,
geura emok mangka denok,
geura hedjo mangka lembok."

„Nji Pohatji Roemoehmoej poetih, aran ing boemi,
geura renoeng siroeng boengoer,
ngarangkadak batan mandjah,
ngaranggekgek batan sereh,
asoep montok bidjil denok,
sia montok aing moekti,
anoe nandoeranan soekma,
anoe ditandoeran soekma,
nja dewata Seri nja aing,
atji koelitna di aing,
dewata eudjeung pohatji,
teroes djeung Kai Boedjangga,
ngaseukna opat kalima,
kalima dipipoehoenan,
binihna anoe samangkok,
soepaja moelang sabatok."

Dewata, pohatji ngeureunan palaj dina saoeng boeatan Kai Boedjangga, ngoengkoeng tjaloeng teroes ka manggoeng.

Tjatoerkeun Sanghjang loetoeng.

„Soehoenan pamadjikan, amit, rek mipoehoen."

„Oetoen, atoeh djeung si-teteh."

„Montong, mo teu anggeus da ngan sabirit loetoeng."

Malah dibahanan bibit-bibitan sarwa saese: djagong sadjantoeng, tjikoer saboekoer, djahe sarempang.

Leut ka hoema, kasampak dewata djeung pohatji teroes djeung Kai Boedjangga.

Tjek noe geulis Pohatji Girang tjandoli, kokolot parapohatji: „Oetoen, kami

rek amit balik."

Wangsoelan loetoeng:

„ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
ngoboh-ngobah noe keur tapa,
menta pangampoera bae."

„Oetoen, mo hedjo lalakonna, mo rambaj tjarita, moen teu koe amboe, koe sadoeloerna."

Terengteng baralik ka sawarga loka manggoeng, ka boemina sewang-sewangan.

Tjag:
teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

XLI.

Tjatoerkeun di boeana pantjatengah.

Noe di nagara rek miheulaän, timbang kapiheulaän.

„Mama Lengser, geura koempoelkeun batoer djenoek, bala rea, geura miang ka hoema, geus meudjeuhna ngaseuk."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Lengser der nabeuh tanggara, leut batoer djenoek daratang.

„Djoeragan Lengser, aja tangara naon ?"

„Kieu, batoer, dikoempoelkeun tea mah timbalan pangoeloe tandang, geura miang ka hoema geus meudjeuhna ngaseuk."

„Rampes, rampes."

Bloes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser, geus langkep ?"

„Langkep."

„Geura hatoeran ka mas kabeureuh Indradjaja."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Djoeg ka wewengkon Indradjaja.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Goesti sembaheun, geura miang ka hoema, geus meudjeuhna ngaseuk."

Rigeug Indradjaja angkat djeung balana kabeh.

Datang ka hoema, kasampak katiga; ngadjentrong-djentrong ngareuak bareulah, montjor-montjor hoeloe.

Tjag, tjig, tjeg dadahoet pikeun mipoehoenan; tjeb mipoehoen, teu koengsi ngoekoes-ngoekoes atjan. Tamba henteu teuing, top njokot aseuk, der boemi

ditjotjogan; aseuk ngadjeboeg boemi, meledoeg.

„Goesti sembaheun koering, boemi ditjotjogan henteu teurak."

Indradjaja ngawoerkeun bae, geledeg angin ngabantoean; tjoekoel binih katoedjoeh pasir, taneuh beulah geus datar pinoeh koe binih, breg tikoekoer saboengkoel, piït sapasir, bondol sabodjong.

„Itoe, Lengser, nahaon, tikoekoer toenggoe, bondol mondokan, piït meutingan; naha, Lengser, toengkoel tanggah?"

„Mapatkeun djampe, goesti."

„Bala dewek, toeggoe hoema,
toenggoel djeungdjing mangka loehoer,
pikeunna tikoekoer toenggoe,
kihiang keur naga mojan."

Geus parele, rigeug Indradjaja angkat katoet djeung balana sakabeh.

Djoeg ka nagara, gebloes ka padaleman sila pinoeh saroang, bidak kaloearan boemina sewang-sewangan.

„Mama Lengser, geus parele ngaseuk teh?"

„Pangoeloe tandang, geus parele, hoema oetama pisan, binihna toedjoeh bakoel, toedjoeh teleboeg, rek meh koerang binih, sakitna henteu koerang, sedeng meudjeuhna."

„Koemaha hoema oerang sisi poetri boengsoe?"

„Pangoeloe tandang, bareto sakitoe, ajeuna sakitoe; bareto loetoeng doea birit, ajeuna loetoeng doea birit; ari njatjar tataekan bae wantoe loetoeng."

Tjag:
teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

XLII.

Neda agoeng nja paraloen,
neda pandjang pangampoera,
ngoesik-noesik noe keur tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Soenan amboe teroes panon batan katja katingali salawasna, nagara djeung oerang sisi geus parele ngaseukna.

Saoer Soenan amboe ka noe geulis Girang tjandoli, kokolot parapohatji, tjandoli di kahjangan: „Indji, geura toeroen ka boeana pantjatengah pangasoehkeun hoema si-Oetoen."

Indit ti pangtjalikan, loegaj tina patapaän, djoeg ka boeana pantjatengah.

Barang datang, ngeureunan palaj dina saoeng boeatan Kai Boedjangga.

Ngoengkoeng tjatjaloengan teroes ka manggoeng kabogoh parapohatji.
Toeloej djoet toeroen ti saoeng.
Djoeg ka pipoehoenan: „Indji deudeuh,
„oelah geder oelah reuas,
geura pasti nja ngadjadi,
Sang Pohatji mroehmoej poetih,
nja eta ngaran ing boemi,
Sang Pohatji teroes rarang,
aran pare keur soemihoeng,
Sang Pohatji rambat rarang,
ngaran pare bidjil akar.
„Liwat ti bidjil akarna, tepi datang ka djoemaroem:
„Sang Pohatji lentjop herang,
ngaran pare keur djoemaroem,
tepi datang ka toemoemboeh,
Sang Pohatji lentjop hoerip,
ngaran pare keur toemoemboeh,
poë deui pangling deui,
tepi datang ka tjoemanggah,
Sang Pohatji lenggang herang,
ngaran pare keur tjoemanggah."
„Liwat ti tjoemanggah doea daoen ka tiloe poetjoek, medot mentol kaiboenan:
„lain mendot mentol ka iboen,
dewata ajoen-ajoenan,
lain dewata ajoen-ajoen,
asoeh ing poetjoek ing iboen,
Sang Pohatji lenggok maja,
ngaran pare keur koemala."
„Liwat ti koemala tepi datang ka njeuweuna:
„Sang Pohatji pentjar hoerip,
noe miseuweu memeh reuneuh,
noe seda sindjang lakian,
ngaran pare eukeur njeuweu."
„Liwat ti njeuweuna tepi datang ka mapak daoen:
„gelarna keur reuneuh laki,
Sang Pohatji naga gana,
ngaran pare reuneuh laki.
„Liwat ti reuneuh laki, tepi datang ka nerosna:
Sang Pohatji naga gini,
ngaran pare keur koemisi.
„Liwat ti koemisi tepi datang ka beukahna:
„Liwat ti beukahna tepi datang ka repat:

Sang Pohatji dajang gana.
„Liwat ti repat datang ka toengkoel oemeusi:
Sang Pohatji dajang gini,
asoehan Teroesna wati,
nja pare toengkoel angeusi,
wawajangan Poerba sari.
„Liwat ti toengkoel oemeusi tepi datang ka beuneur hedjo:
pangraoenna beuneur hedjo,
daoen semboeng reudjeung hela,
daoen hela kembang awi,
daoen semboeng mangka moeloes,
kembang awi mangka hoerip,
daoen hela mangka wera,
kembang awi mangka hoerip,
geura beuntjing batan keusik,
geura beuneur batan beunjeur,
geura teuas ti haroepat,
Sang Pohatji tendjo maja,
ngaran pare beuneur hedjo.
„Liwat ti beuneur hedjo nepi datang ka beungbeurat sangga:
Pohatji pangdoerat sari,
ngaran pare beurat sangga.

XLIII.

Tjatoerkeun Sanghjang loetoeng.
Rek maling-maling ngalanglang hoema ti Poerba sari. Los ka leuweung, bjoer raksoekan dilaän, prak ngadapang di lawang saoeng; rek moedji pare sangga.
Poedjina Goeroe Minda:
„riring-riring rarang-rarang,
Seri koening soenan rarang,
Sang Pohatji mangprang-mengpreng,
Sang Pohatji halilingan,
Sang Pohatji hideung geulis,
ngaranna sia di goenoeng,
goenoengna di kahjangan,
di kahjangan goenoeng remoek,
remoek boekit pangemasan,
neda diajap-ajapan,
neda diaroeb-aroeban,
saking warna di sagara,
nja halis mihidji kasih,

mangka asih ka salaki,
mangka asih ka awak ing,
awak ing ramboet sadana."

Sanggeus moedji Goeroe Minda Kahjangan, dianggo deui raksoekanana, djanggelek miroepa loetoeng. Toeloej ti pihoemaän, djoeg balik ka padaleman; tas maling ngalanglang hoema, tapakoer dina bale kantjana.

Keur meudjeuh ngeureunan palaj.

XLIV.

Tjatoerkeun di pihoemaän.

Noe geulis Pohatji Girang tjandoli, kokolot parapohatji, tjandoli di kahjangan, keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Di pihoemaän hoedjanna meudjeuhna njigeug, halodo kasorenakeun, sirilik angin mamareng, tetenger ngonengkeun pare.

„Indji deudeuh:

Nji Pohatji Sanghjang Seri,
oelah geder oelah reuas,
sedjen deui noe ngasoehan,
Sang Pohatji lenggok koening,
ngaran pare keur konengna."

Terengteng balik Pohatji Girang tjandoli ka sawargaloka manggoeng.

Tjag:
teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

XLV.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan,

Saoer Soenan amboe: „koemaha, indji, geus parele ngasoehan?"

„Geus parele."

„Soekoer."

Pangiwa dewata Wiroe manangga nabeuh kendangan manik kaboejoetan, tangara di kahjangan."

Leut dewata opat poeloeh, pohatji opat poeloeh, boedjangga opat noe poerah poelang-anting.

Toeloej ngitoeng-ngitoeng sandi tahoen, ngetang-ngetang sandi boelan, neangan patitis gelarna di poë soekla.

„Indji, sia dideukeutkeun tea mah, noe geulis Girang tjandoli, kokolot parapohatji, geura djoengdjoengkeun seuweu ratoe, geura djajak poetra radja, geura

pangnoeroenkeun njawenan, rek mapag naga koedoe saider ing naga; pada-pada pangnoeroenkeun mangka nastiti tarapti, diangir mandi, diminjak aja rengoe saeutik, oelah ditoeloejkeun, koedoe njalindoengkeun semoe, bisa njoesoempingkeun, koedoe poelang papanganten kala poë harita."

„Tarimakeun parapohatji meunang ngitoeng sandi tahoen, meunang ngetang sandi boelan. Windoe miloe ka tahoen, tahoen ka boelan, boelan ka poë, poë ka daoeh, daoeh ka saha, daoeh ka oerang: pikir opat djadi doea, pikir doea djadi hidji sarta tatjan sakitoe, oelah waka toeroen, ari geus kitoe teroes djeung parapohatji. Ari geus kitoe mah, geura toeroenan dewata reudjeung parapohatji, djeung boedjangga, toeroenan di poë boeddha, mangka beunang diandeulkeun."

Toeloej taroeroen dewata reudjeung parapohatji, teroes djeung paraboedjangga.

Sanggeus toeroen, djoeg ka boeana pantjatengah ka pihoemaän Poerba sari.

Noe geulis Girang tjandoli toeloej dadahoet keur njawenan, soelangkar reudjeung simpeureum,

hoeöet boeroek ese kapas,
tjaroeloek djeung daoen kaoeng,
katoet djeung oërna pisan,
mimiti arek njawenan,
mimiti njangreudanana,
tjanggreud hareup mangka sieup,
dibeulitan koe pamilih,
toeloej ngoerilingan pisan,
ngoeriling ider ing naga,
neundeunan esena kapas,
hoeöet boeroek djeung tjaroeloek,
daoen kaoeng oër pisan,

„Pohatji Sang Kama seda,
Pohatji Sang Kama sakti,
oelah hamo pangngoempoelkeun,
oelah hamo mangpoeloengkeun."

„Si-indji, Sanghjang Asih, bisi katinggaleun sarintji saese:

„ditempoehkeun ka noe ngoempoel,
moengpoeloeng ka lemboer loeöek,
margana sarta ti lemah,
ngoelina ngaranna tengah,
hoemana atji koelina,
di aing enggeus parele."

Njawenan reup peuting, braj beurang, datang ka poë patitis, gelaran di poë raspati, toeloej noeroenan; prak njieun paroepoejan.

„Boel koekoes aing ka manggoeng,
ka manggoeng ka Sang Roemoehoen,

ka Sanghjang Batara Goeroe,
ka handap ka Sang Noegraha,
ka Batara Naga radja,
noe aja di paniïsan,
moela-moela ing tjandana,
ka Basoeka ka Basoeki;
oelah hamo pangneroeskeun,
koekoes aing menjan poetih,
ka Pohatji dewi poetih,
mangkana teroes ka manggoeng,
ka manggoeng neda papajoeng,
kana emas pajoeng larang,
kami rek ngala pihape,
arek mihape tatanen,
ka Nini Bagawat Sangsri,
ka Aki Bagawat Sangsri,
noe ti kidoel enggeus metoe,
noe ti koelon geus ngadago,
noe ti kaler geus ngarendeng,
ti wetan enggeus ngadjadjar.

Di toenggoel geulis, di tangkal asih, misaloempit gading, mitangkal emas:

midaoen salaka ngora,
miboeah emas ranggeujan,
poeah wela, poeah weloe,
Sang Pohatji reka maja,
awak ing noe mipit soekma,
noe dipipit soekmana Sri,
nja aing atji koelina,
aing lagajang-lagajang

„Indji deudeuh, nja di dieu pigeusaneun sia, oelin di ‚pohatji boekit omas' aran pipoehoenan."

Toeloej ngala poë pisan,
toeloej miboeatan pisan,
tatjan ngempol geus teu mahi,
lahanna toeloej ngadadak,
toeloej mebekan ka sisi,
toeloej bae dikempolkeun,
toemoeloej ngoempoelkeun pisan,
Sang Pohatji troes patala,
Pohatji reka patani,
kakoempoelkeun mingpoeloengkeun,
lemboer loeöek Margadanti,

ka lemah koelitna atji,
njata koelitna di aing,
toempoekan sedeng meudjeuhna,
sangkilang mebek ka sisi.

Sanghjang loetoeng toeloej ka leuweung, kasampak geus ngaderak dewata djeung pohatji troes djeung Kai Boedjangga.

„Oetoen, kami rek amit balik ajeuna, da geus parele dewata djeung pohatji, kami rek amit balik."

„Owah, ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa,
neda pangampoera bae."

Terengteng balik ka sawarga loka manggoeng.
Tjek saoer Soenan amboe: „geus parele pagawean si-Oetoen?"
„Geus parele diboeatna, kari noempoek moë bae."

XLV.a

Tjatoerkeun di boeana pantja tengah.

Kari noempoek moë bae. Datang ka parele doea poë, tiloe poë, datang ka opat poë mimiti rek meresan. Sanghjang loetoeng rek maling-maling meresan ti Poerba sari. Los ka leuweung, bjoer raksoekan dilaän, prak ngadapang di lawang saoeng, rek moedji pare beungbeurat sangga.

Poedjina Goeroe Minda:

„Indji deudeuh:

Nji Pohatji Sanghjang Sri,
geura singit nja dikendit,
geura beres mangka roës,
geura papak mangka moendak,
dipoelas koe ‚naga poeket,'
nja eta ngaran ing tapih,
nja noe meres nja soekmana,
nja noe diberes soekmana,
atji koelitna nja aing."

Geus dipoë beunang meres, toeloej digeugeus:

„Amboe Pohatji Sanghjang Sri,
geura njamping soetra poetih,
bahaneun loenggoeh ka bagoes,
bahaneun loemende kasep,
Sang Pohatji doengkoek poetih,
kieu ngaran lalakina,

noe poetih kasep sorangan,
geura singit samping poetih,
bahaneun loenggoeh ka ajoe,
bahaneun linggih ka geulis,
Sang Pohatji doengkoek larang,
noe larang geulis sorangan,
kieu ngaran awewena."

Geus parele ngageugeus amboe djeung sakabehna.

XLVI.

Tjatoerkeun di manggoeng, katjarita di kahjangan.

Soenan amboe teroes panon batan katja katingali salawasna, geus parele ngageugeus amboe djeung sakabehna.

Saoer Soenan amboe: „Kai Boedjangga toea, loeloegoe ing boedjangga, geura toeroenkeun piwadaheunana."

Satoedoeh metoe, sakedap netra, sadjiadna tinoeroetan sakersana tjatjap bae. Ti loehoer lemboet datang ka handap badag; tes, djleg leuit toedjoeh ngabandoeng, tatjan ditembongkeun ka Poerba sari.

„Ngitoeng-ngitoeng sandi tahoen,
ngetang-ngetang sandi boelan,
neangan poë panganten,
gelarna di poë soma,
toeloejna prak dikoekoesan,
rek ngadjajak amboe pare,
ditjokot ti paboearan,
toeloejna dikoerilingan,
Sang Pohatji doengkoek poetih,
hajoe moelih!
Sang Pohatji doengkoek larang,
hajoe poelang!
da geus datang ka mangsana,
poma sarintji saese,
oelah arek katinggaleun."

Datang ka karang leuit dikoerilingkeun, datang ka patepoeng gelang: „Sang Pohatji doengkoek poetih, Sang Pohatji doengkoek larang, tjoeang ngeureunan palaj di Pohatji andjoeng rarang, ngaran karang leuitna."

„Sang Pohatji doengkoek poetih,
geura linggih,
Sang Pohatji doengkoek rarang,
geura tjalik,
di Pohatji gedong manik tampa emas."

Geur woewoeh mangka toewoeh,
geura pepek mangka langgeng,
anoe netepkeun soekmana,
noe ditetepkeun soekmana,
pohatji koelitna aing."

Neut geura baralikan datang lalaoenan si-indji bisi kageteun.

Loenta baralikan, datang ka daoehna ka karang leuit noe ngaloeng maneh bae ngentepkeun maneh.

Enggeus opat pasir kari tiloe pasir, doea noe geura baralik deui.

Neut dibaralikan datang ka karang leuit ngaloeng manehna deui bae ngentepkeun manehna.

Sakeudeung paragat anggeus; sarintji saese taja katinggaleunana, tjatjap ka soehoenan, teu montjor meong-meong atjan.

Tjatoerkeun pangiring boekti.

Pangnjiptakeun wawadahan, sabrang, djagong katoet hiris, koekoek, waloeh sakabehna.

Neut, geura baralikan, datang lalaoenan, si-indji bisi kageteun. Geus boekti djeung pangiringna? Ti heula pangeusining goah, said, njiroe, boboko, ajakan soemboel, tetenong, seëng, aseupan, daloeng, pabeasan pandeurina katoet djeung pakara ninoen sakabeh; enggeus, geura baralikan, datang lalaoenan, si-indji bisi kageteun.

XLVII.

Tjatoerkeun Kai Boedjangga.

Kai Boedjangga tas ngopenan pare di pihoemaän kagoengan Mas Poerba sari.

Djoeg balik ka padaleman poetri boengsoe, ser njampeurkeun loetoengna.

„Pedah dipertjaja nganjahokeun pihoemaän, ngadjoengdjoengkeun Oetoen; geus parele, kami arek amit balik."

„Ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa,
neda pangampoera bae."

„Oetoen, oelah rea kasaoeran, mo hedjo lalakon, mo rambaj tjaritana, moen teu koe amboe koe sadoeloerna."

Terengteng balik boedjangga ka sawarga loka manggoeng, boes ka panoenggoean, ka patapaän.

Tjek Soenan amboe: „koemaha, ngadjoengdjoengkeun seuweu ratoe ngadjajak poetra radja katanian si-indji?"

„Parele."

„Soekoer, Ki Boedjangga."

Keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Tjatoerkeun di boeana pantjatengah.

Poetri boengsoe leuit toedjoeh ngabandoeng geus kanjahoan, dikarang bae sakoer pangiring boekti, geus ngoendoeng-ngoendoeng sasoegrining pangeusi goah, geus pepek kabeh tjiptana Kai Boedjangga sarta paradewata.

Reup peuting Poerba sari sare tibra pisan, satengah disirep koe boedjangna loetoeng, rek ditoeroenan piwoeroek.

XLVIII.

Neda agoeng nja paraloen,
neda pandjang pangampoera,
rek ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
rek ngobah-ngobah noe keur tapa.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Soenan amboe teroes panon batan katja katingali salawasna, geus parele nga-geugeus amboe djeung sakabehna.

Indit tina pangtjalikan, loegaj tina patapaän. Sakedap netra, djoeg ka boeana pantjatengah, Poerba sari kasampak keur sare tibra. Ditoeroenan koe Soenan amboe tengah peuting: rek tjitjing di toendjangeun koe si-indji bisi kadoepak, si-indji bisi tjilaka; tjitjing digigireun koe si-indji bisi kagedoeg, si-indji bisi boentoeng; toeloej tjitjing di siraheunana rek ngawoeroek di pangimpian.

„Indji deudeuh, reungeukeun talatah amboe, geura tarik nja impian. Diwoe-roek soteh sia lajaran, amboe mah teu boga djampe ngawoeroek soteh pamake, indji, tjatjap ing tatanen."

„Karang leuit oenggal poë soekla disapoean, bilik lepit ramatan alaän roe-edeun parapohatji. Leuitna aja ngaranna Pohatji gedong manik tampa emas:

tihang tengah: Pohatji naga langgeng,
pananggeujna: Pohatji tanggeujan djati,
bilikna: Pohatji dingdingan djati,
pantona: Pohatji ineban djati,
sipandakna: Pohatji adegan djati,
taradjena: Pohatji rantajan djati."

„Indji deudeuh, reungeukeun talatah amboe, isoekan djaganing pageto lamoen dek anak-anak."

„Oenggah leuit boedak tjeurik tjombo heula, teu beunang ditjombo patjoean digitik, anggoer dibawa, tarimana parapohatji ka kami-kami koe eman geuning anakna digitik."

„Rek oenggah leuit toedjoeh lengkah mepet napas, soekoe katoehoe ti heula; rek nanggeuhkeun taradje, hajam kokotak gebahkeun, said nangkarak tangkoebkeun;

mantjatna kana taradje, soekoe katoehoe ti heula."

„Braj moekakeun pantona barang mantjat:
„Indji deudeuh,
Nji Pohatji Sanghjang Sri,
tjoendoek amboe datang ajah,
djaridji anoe nanghikeun,
indoeng leungeun noe netelkeun,
digoesoer mangkana woewoeh,
dikandar mangkana nambah,
djajak doea datang tiloe,
djajak tiloe datang opat,
djajak opat datang lima,
djajak lima djol saladjer,
loemadak arek ngadjajak,
lamoen opat opat sangga,
lamoen doea doea sangga,
tjatjap ing tas oenggah leuit."

„Loemadak rek noetoe patjoean rek noetoe sore.

„Oelah rek digeloeng djoetjoeng, nja samping djangkoeng ka lisoeng, kasieun parapohatji."

„Noetoe toedjoeh ketoek mepet napas, oelah wara ngendor, kageteun parapohatji."

„Oelah rek ngetroekeun biwir boboko dina lisoeng, kasieun parapohatji."

„Oelah noenda beas dina lisoeng, rarangan parapohatji."

„Oelah rek nabeuhan lisoeng, rarangan amboe."

„Lisoengna Pohatji sarowong djati, hoeloena Pohatji adegan djati."

„Mangkoe beas entas noetoe,
oelah rek molongo panto,
nja eta rarangan amboe,
ari geus datang ka imah,
beas geura boel koekoesan,
rek ngadioekkeun pohatji,
Nji Pohatji Sanghjang Sri,
geura tjalik mangka singgih.
geura woewoeh mangka toewoeh,
geura pepek mangka langgeng,
di Pohatji gedong larang,
ngaran pabeasanana.

„Njioekna amboe mah djangdjawokan bae:
„seok denok langgeng pasang,
Sang Pohatji mana reka,
noe tani sadjero beas,
enja tarima njioekan,

nja keusik sisi basisir,
orot tjotjokotan aing,
moen henteu mah henteu bae."

„Njomot tina isikan kana pabeasan, sok noe tetel sok noe kandel, sarerea noe nambahan atji koelitna di aing."

„Tjatjap ing njioek beas patjoean ngisikan memeh mandi, ari ngisikan memeh mandi pangatjian leok palid, mana koedoe geus mandi; ari geus mandi kabawa deui ka imah."

„Datang ka imah miroen seuneu, oelah sok boeda-boedi, dipatimoekeun teu geura teurak, los leumpang, bisa bidjil semoe hoeroeng, ari datang sedek teurak."

„Soeloehna aja ngaranna: Pohatji roentoejan djati,
seuneuna: Pohatji lenjap herang,
parakona: Pohatji leukeuran djati,
hawoena: Pohatji doengkoekan djati,
seëngna: Pohatji danoe mawoe,
aseupanana: Pohatji koekoesan djati,
doelangna: Pohatji talaga djati,
toeroeb doelangna: Pohatji pamajoeng sari,
ari kedjona Pohatji djoengdjoengan sari."

„Tjatjap ing imah-imah, patjoean ngeboetkeun samping banget teuing, oelah rek mebekkeun daoen di goah matak kasieun parapohatji."

„Isoekan djaganing pageto, loemadak anak-anak boedak tjeurik, patjoean oelah dipanggebragkeun sare, oelah ngagitik boedak koe samping koe badjoe."

„Tjatjap ing tatanen, ditanja koe pada kantja, oelah rek madjar leuih, nja eta rarangan amboe."

„Doemadak rek molah:
kapas aja ngarana Pohatji oelesan djati,
hindesanana: Pohatji gilingan djati,
petengna: Pohatji palengkoeng djati,
tjetikna: Pohatji kaitan djati."

„Meunang meteng: Pohatji sang tjemoet poetih."

„Meunang ngagelenganana: Pohatji sang lempaj poetih,
kintjirna: Pohatji penitan djati,
kisi kosongna: Pohatji salongsong gini."

„Geura gilig djadi hidji,
diïring koe Banaspati,
eusi-eusian Pohatji,
Pohatji gorolong djati,
nja dingaran lawajanna,
Pohatji sampajan omas."

„Neundeun kanteh meunang mendat,
Pohatji ringkelan djati,

nja di dieu geusan sia,
betah di pandita sia."

„Pohatji maja poetih, dewata kanteh bodas,
Pohatji maja koening, pangatjian kanteh beureum,
Pohatji irengan djati, pangatjian kanteh hideung,
Pohatji naga paneteg, pangatjian pranti njitak,
Pohatji lokatan djati, ngaran sikatna,
Pohatji ideran boeana, ngaran oendarna,
Pohatji naga pamoengkes, pangatjian koelakanana,
Pohatji leusan djati, ngaran paletna,
Pohatji hambalan djati, ngaran pihaneanana."

„Oelah rek noenda hasiwoeng sapotong kasieun parapohatji, rarangan amboe. Djeung deui, bangga tapana, lain tapa koe teu madang, oelah madjar: tjangkeul, sangeuk, geus teu radjeun sok tinggalkeun, geus radjeun, top deui njokot, ngan sakitoe tapana."

„Gedoganana: Pohatji adegan djati,
tegelna: Pohatji rangsangan djati,
galegerna: Pohatji gereleng herang,
karapna: Pohatji rantajan djati,
barerana: Pohatji paneteg djati,
limboehanna: Pohatji goelingan djati,
hapitna: Pohatji inditan djati,
toropongna: Pohatji rongsongan djati,
tjaorna: Pohatji lajaran djati,
soembina: Pohatji pingitan djati,
soerina: Pohatji ringgit maja."

„Indji deudeuh, reungeukeun talatah amboe, isoek djaganing pageto tataning noe imah-imah:
kaseuri datang ti tjai,
kaimoet datang ti lisoeng,
kasomeah ka pada djalma,
parek redjeki djaoeh balai."

„Sakitoe-kitoena."

„Soenan amboe amit balik?"

Terengteng datang ka sawargaloka manggoeng, bloes ka panoenggoean, blas ka patapaän; keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Braj beurang di boeana pantjatengah, koelisik poetri noe oesik, kodjengkang poetri noe hoedang; reg ngahoeleng, ngadaweung ngaboentel tineung.

„Soehoenan pamadjikan, reuas, ngahoeleng djiga noe poendoeng?"

„Lain poendoeng, ras ka impian."

„Ngimpi naon?"

„Ngimpi diwoeroek tingkah pari-polah, pantrang, pamalina, paratimpoeh imah-imah."

„Timoe?"

„Timoe"

„Soekoer moen timoe mah, nja eta anoe hade tina pangimpian."

„Pake hoelang-hoeleng tea mah deungdeuleuëun keneh koe geulisna, sangkilang dina pangimpian."

Loetoeng mesem teu wangsoelan.

Soegih moekti rea boekti,
beurat beunghar rea banda,
harita tjan boga bala.

Tjag:
teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

XLIX.

Tjatoerkeun di nagara.

Noe goreng boedi ti leuleutik,
goreng toeah ti boeboedak,
oerat ngentjeng dina tarang,
pangaroeh djelema bedang,
taja batan Poerba rarang.

Rek miheulaän timbang kapiheulaän.

„Mama Lengser, geura njieun leuit, bisi kapiheulaän."

„Noen, pangoeloe tandang, soemangga."

Tjedok njembah; indit ngoesap birit, angkat ngoesap sindjang.

Djoeg ka aloen-aloen, top njokot pamoekoel bende, der nabeuh tangara.

Leut ti kidoel tjoekoel, ti kaler leber, ti koelon metonan, ti wetan daratang.

„Djoeragan Lengser," tjek kokolot nagara orokaja gantjang nanja, „tangara naon?"

„Timbalan pangoeloe tandang dikoempoelkeun batoer djenoek, bala rea; tjoeang dirempoeg njieun leuit, tihang tjagak, hateup silangkob. Kolong leuitna oelah teoh teuing, tiap meunang njara, meunang ninoen; sakeudeung paragat anggeus."

„Rampes, rampes."

Boes deui ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Djisim koering dikarsakeun njieun leuit; geus parele."

„Geus parele, Mama Lengser, geura hatoeran ka mas kabeureuh Indradjaja."

„Toeang, koering teu lambat ngadeuheusan, amit indit?"

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Blas ka pangtjalikan Indradjaja.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Noen, goesti sembaheun, geus meudjeuhna, miang noeroenan."

„Rampes djeung si-dewek."

„Rigeug noe angkat miang: bral koering pandeuri, koering ngiring sakabeh; sadjongdjongan djoeg ka pihoemaän."

Tatanen Indradjaja ajeuh reana, ajeuh neangan barajana tangkal perang, boeah gambrang tatanen Poerba rarang.

Mana tatanen teu bagdja aran sibaha ka radja, oelah teu tarapti teu ngoekoes-ngoekoes atjan.

Lengser noe ngadjoengdjoengkeun: „goesti sembaheun, koemaha pihadeanana?"

Wangsoel Indradjaja: „geura aritan djeung djaramina bae."

Berebet pada ngararitan djeung djaramina, ngakoet sakalian.

Tjek si-Lengser: „mo miloe ngakoet, keur masinikeun noe diboeat, bangkala ngakoet mihaloe djeung rantjatanana. Blas noe ngakoet datang ka karang leuit, gebloeg dialoeng djeung rantjatanana; prak kasimpak salajan, ka djero salajan, ambrih pinoeh katembong.

L.

Tjatoerkeun deui di hoema.

Toengkoel oemeusi, beuneur hedjo, noe boeroekeun noe meudjeuhna; taja noe ditinggal kaparentah si-Lengser.

Indradjaja teu njaho ditatanen, noeroetkeun Lengser bae.

Lengser noe ngadjoengdjoengkeun sakeudeung paragat anggeus, diakoet djeung djaramina, leuitna gila koe anggon kagoenganana Poerba rarang katoet djeung pangiringna pisan. Koekoek, waloeh djeung roengkoenna, katjang, roaj djeung toeroesna, sabrang, terong djeung dapoeranana, brek dikaleuitkeun; sapangiring boekti sapangeusining hoema, taja noe ditinggalkeun tatanenna Indradjaja.

„Lengser noe didjoengdjoengkeun geus ngalenang-ngalening."

„Noen, goesti sembaheun, geus parele tatanen oerang."

Rigeug Indradjaja, bral koering ngiring pandeuri bala sakabeh.

Sadjongdjongan, djoeg ka nagara, bloes ka padaleman, prak sila pinoeh saroang bidak kaloearan boemi sewang-sewangan.

„Lengser geus parele masinikeun bala."

Gebloes ka padaleman Poerba rarang.

„Djisim koering amit hatoer, toeang koering dipiwarang nganjahokeun tatanen

pangoeloe tandang, nja geus parele."

„Koemaha tatanenna oerang sisi, noe Poerba sari, djeung noe oerang?"

„Biheung ngadjadi, biheung henteu."

„Noe oerang sisi mah hoemana sabirit loetoeng, pakarangna koedjang boentoeng:

pake njatjar pake ngored,
da henteu boga pakarang,
pakarang pamahan oerang,
waktoe boengsoena diboeang."

„Soekoer, Mama Lengser, toeloes kateukteuk tilas adeganana djeung boedjangna loetoeng?"

„Enja toeloes."

„Soekoer, Mama Lengser, meureun geus diboeat. Mama Lengser, pariksakeun bae ka pipir goenoeng, saroea henteuna djeung noe oerang, leuit katoet eusina geus karoehan. Bari merih pati torta gawe pangeunah-geunah olahan, sarta parearea samping, papandjang-pandjang kasang."

„Soemoehoen darma panjaoer, tarima ti pangandika, djisim koering amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan."

Tjedok njembah, indit ngoesap birit, angkat ngoesap sindjang, bisi kawiwirangan keur ngawoela.

Djoet toeroen:

katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,
metoe lawang mandjing lawang,
metoe di lawang pingpitoe,
datang ka lawang pingsanga,
dangdeung ka paseban ageung,
djoeg asoep ka aloen-aloen,
blas datang ka lawang loear,
medal di lawang saketeng,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ngabandoeng,
kaopat noe keur disorang,
kalima heuleut-heuleutan.

Djoeg ka pipir goenoeng, blas ka padaleman.

„Da halal, noen toeang, koering amit ngadeuheusan, noe kagoengan padaleman aja tjalik?"

„Aeh, koetan Mama Lengser, sok karoenja teuing, moen beurang teu loepoet datang, moen isoek teu loepoet tjoendoek. Mama lengser, rampes, tjalik."

„Bagea noe tjalik."

Parapat moeatkeun sembah.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja, „reuas pabaoer djeung sieun, teu dihatoeranan lemareun djiga kitoe geura, teu pindo gawe geurana mah. Geura, rampes pariksakeun, Mama Lengser, na tjoendoek dipioetoes, na datang dipiwarang, na kita niat sorangan. Noen, rampes pikonokeun, soemangga pikersaeun."

„Noen, ratoe emas, tjoendoek dipioetoes, datang dipiwarang, ngemban pangandika ti nagara miwah ka toeang karsa, dipiwarang mariksakeun lakoening leuit, anggona djeung hanteuna pasti djeung eusina, saroea henteuna djeung noe kami?"

„Pasti ti mendi, oetama ti mana da boeboeatan loetoeng boh boeatan djalma; amit mariksakeun bae da teu dirarangkeun."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Koelantoeng dina karang leuit toedjoeh ngabandoeng dipariksakeun, dikaloehoerkeun dikateohkeun: ,apan boeatan loetoeng, ning eta hade ti batan boeatan djalma'.

Orokaja dilongok lawang leuitna bisina eusina djarami: ,batan kami tjatjap eusina ka soehoenan, teu montjor meong-meong atjan.'

,Djeung deui pare roepana aloes, dingarankeun pare aloes, geugeusan gila koe teges, djeung deui pare eusian, bisa temen tatanen loetoeng teh.'

Toetas pariksa, blas ka padaleman ka hareupeun Poerba sari.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser, koemaha noe kami djeung noe teteh?"

„Boeatan loetoeng ning eta leuit toedjoeh ngabandoeng eusina tjatjap ka soehoenan djeung deui pare aloes."

„Koemaha dingarankeun pare aloes?"

„Pare eusian, bangkala pare nja eusian."

„Koemaha toeang kagoengan si-teteh di nagara?"

„Ratoe emas, kagoengan toeang raka dihatoerkeunana anggon, ka rama teh djiga ranggon, dihatoerkeun pasti eusina djarami, toewoeh, koekoek, waloeh djeung roengkoenna, katjang, roaj djeung toeroesna, sabrang, terong djeung tangkalna, sapangeusining hoema sakabeh diasoepkeun kana leuit."

„Djeung deui, ratoe emas, langkoeng ti dinja diperih pati torta gawe, pangeunah-ngeunah olahan, parea-rea samping, papandjang-pandjang kasang; lamoen teu roepa, diteukteuk beuheung tilas adegan katoet djeung boedjangna loetoeng; kitoe ge tjek timbalan."

Poerba sari regoek tjeurik.

„Mama Lengser, oendoer, basa boedak keneh. Teu diwoeroek, dipitoetoeran koe teteh, samping ti mendi, kasang ti mana rampes, njerahkeun beuheung teukteukeun, tilas adegan; lega beurang, lega peuting patina si-adi da teu bisa njieun kasang njieun samping."

„Teu kangkat djisim koering ngakampoeng ratoe mo bisa balik, tatjan meunang wekasan."

Poerba sari dengdek ka boedjangna loetoeng.

„Oetoen, geura oendoer:

geura oendoer peungpeung djaoeh,
geura leumpang peungpeung anggang,
noengtik goenoeng anoe singkoer,
neangan mandala singkah;

teteh bala hareupan, poendoet poenden ti nagara taja anggeusna. Rek wawangsoel gila koe soendoel, popojan gila koe tjahja. Oetoen, koemaha, piwangsoelaneun?"

„Soehoenan pamadjikan, oelah haliwoe koe sakitoe, pasinina mah koemaha tjek kami, geura pok rampesan bae."

„Mama Lengser, ari sanggoep bisi loepoet, ari tanggoh bisi poös, samping, kasang mah teu boga bisi dingarankeun teu ngawoela, kitoe ge ditanggohan koe boedjang loetoeng."

„Djisim koering padoe meunang wekasan, djisim koering amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan."

Tjedok njembah djoet toeroen:

balik gasik leumpang gantjang,
teu dibilang di djalana,
dibilang datangna bae.

Djoeg ka nagara, blas ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja, „diperih pati samping djeung kasang, djeung olahan?"

„Dirampesan, ditanggohan koe boedjangna loetoeng."

„Mangkara loetoeng bisa njieun samping, njieun kasang, toeloes kateukteuk beuheungna tilas adegan katoet djeung noe boedjang ketengan."

„Toeloes."

„Soekoer."

Lengser keur meudjeuhna ngeureunan palaj.

LI.

Tjatoerkeun di pipir goenoeng.

Poerba sari tjeurik leutik sasakitan.

„Koemaha, nja Oetoen?"

„Soehoenan pamadjikan, oelah redjag, oelah reuas da kasang, samping teu boga; geura ngoekoes toekangeun imah, geura moedji bae bari ngoekoes."

„Oetoen, koemaha moedjina?"

„Djangdjawokan bae: „dewata doeloeran aing."

Koelinting ka toekangeun imah, boel ngoekoes:

„dewata doeloeran aing,
neda agoeng nja paraloen,

neda pandjang pangampoera,
rek ngoesik-ngoesik noe tjalik,
ngobah-noe keur tapa."

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Saoer Soenan amboe ka noe geulis Pohatji Wiroe manangga, madjar ka pangiwana: „Wiroe manangga, geura nabeuh kendangan manik kaboejoetan, tangara di kahjangan, si-Oetoen geus datang kongkonan, geus moeles kana pangamboeng, kongkonan si-Oetoen kingkila soesah gede."

Der nabeuh kendangan manik kaboejoetan tangara di kahjangan; leut dewata opat poeloeh, pohatji opat poeloeh, boedjangga opat.

„Indji sia dideukeutkeun tea mah, aja kongkonan si-Oetoen geus moeles kana pangamboeng, si-Oetoen kingkilaning aja kasoesahan, nanja ka dewata, nanja ka pohatji teroes ka Kai Boedjangga: oerang mana malah beurang peuting si-Oetoen bisi aja kakoeranganana."

„Wangsoel Kai Boedjangga: „ari tjekelan awak ing geus tjatjap, sedja mo ngilapkeun paradewata sakabeh, orokaja ngarempoegkeun tjoeang djoengdjoengkeun seuweu ratoe, djajak poetri radja da kapalang, oerang geus sanggoep."

Tjek Soenan amboe: „Indji, geura ngawadahan samping sawidak lima, kasang toedjoeh laboehan."

Diwadahan koe toropong samping sawidak lima, kasang toedjoeh laboehan.

„Djeung deui, geura njieun boboreh, mangka ati-ati meunang satjoepoe; ari olah-olahan doeöeman Kai Boedjangga."

„Indji, geura toeroenan bawa kasang reudjeung samping djeung boboreh satjoepoe; geura toeroenan, indji, geura bandingan si-Oetoen, nanging eta oelah nembongkeun ka si-indji, nembongkeun ka si-Oetoen bae."

Indit tina pangtjalikan,
angkat tina patapaän,
Pohatjina maja agoeng,
Pohatjina maja santen,
Pohatjina maja rarang,
Pohatjina maja endah,
Pohatjina maja leuih,
Pohatjina maja dewata.

Tjatoerkeun Pohatji Wiroe managga.

Sadjelat djoeg ka boeana pantjatengah, kasampak Poerba sari tjeurik leutik sasakitan.

„Koemaha oerang nja Oetoen?"

„Tjek kami oge geura moedji bae, ka mangkara miroepa mah ngan tiba soeker bae."

Tjag:
teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

LII.

Tjatoerkeun di nagara.

Saoer Njai Mas Poerba rarang ka si-Lengser: „Mama Lengser, geura nakol bende ageung kaboejoetan koempoelkeun batoer djenoek bala rea."

„Noen, pangoeloe tandang, soemoehoen darma panjaoer ti pangandika, amit indit, teu lambat ngadeuheusan."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Geledeg loempat, top njokot panakol bende, der nabeuh tangara, bende ngoengkoeng saraoengoen tangara di djero nagara. Leut ti kidoel tjoekoel, ti kaler leber, ti koelon metonan, ti wetan daratang.

„Djoeragan Lengser, koering reuas pabaoer djeung sieun, aja tangara naon?"

„Aja tangara ti nagara. Ngandika pangoeloe tandang teroes djeung mas kabeureuh Indradjaja, koering sakabeh, tjek timbalan, tjoeang dirempoeg njieun olahan, olah djantoeng diaseuman koe tongtolang, reang sabrangna djenoek ladjana, ambrih lèkoh katembongan mangka njaian oetama, di nagara meuleum waloeh sahoeloe mangka djadi saboekoer."

Parasikepan sakeudeung paragat anggeus; brak geura tareundeunan saenggon-enggonna. Geus parele lakoening olahan.

„Tjoeang dirempoeg ngadjoengdjoetan njieun kasang, samping."

Merebet dirempoeg ngadjoedjoetan; tjajap ing ngadjoedjoetan:

dirempoeg ngahindesan;
dirempoeg meteng;
dirempoeg milihan;
dirempoeg ngagelengan;
dirempoeg ngantehan.

Tjatjap ing ngantehan:

dirempoeg ngalawajan;
dirempoeg mendatan pisan;
toeloej njeuseuhan,
toeloej ngoeloeban pisan;
toeloej ngadarihan,
toeloej njikatan.

Geus parele njikatan:

mihane moendatan pisan,
njoeroepkeun ngaliar pisan.

Tjatjap ing ngaliar:

narikan ngarere,
morobot ninoen.

Sot koe ieu, top ieu, djenoek batoer rea bala; sakeudeung paragat anggeus.

Samping tiloe poeloeh, kasang tiloe laboehan direndengkeun saroea loehoer oenggoelanana. Parele samping, kasang, olahan geus miroepa, Lengser gebloes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Noen, pangoeloe tandang, djisimkoering dikarsakeun njieun kasang njieun ka toeang koering sakabeh, geus parele njieun kasang njieun samping, olahan geus miroepa sakoemaha pikersaeun."

„Soekoer, Mama Lengser, ajeuna geura pepekkeun Djaksa di paseban."

„Rampes."

Keur mepekkeun Djaksa, tjek Djaksa madjar ka si-Lengser: „kami kaget, reuas pabaoer djeung sieun, dikoempoelkeun digentak-gentak."

„Djisim koering tatjan meunang wekasan pikersaeun, nanging eta, Djaksa, koedoe pepekan bae di paseban, tatjan karoehan pikersaeunana."

Boes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja, „koemaha, pedah dikersakeun mepekkeun Djaksa?"

„Djisim koering pedah katimbalan, geus tjatjap pisan, ngaloentakeun kasaoeran ka toeang koering sakabeh sarta ka Djaksa pisan, ajeuna geus pepekan, poen Djaksa ka djisim koering pedah dipilengser njoehoenkeun wekasan."

Kasaoeran Poerba rarang: „ari geus parele mah, soekoer. Geura dikongkon ka pipir goenoeng mariksakeun meunang merih pati lakoening samping djeung kasang djeung olahan na roepa, na henteu. Lakoening samping, kasang, olahan koedoe kairingkeun bae, lamoen teu beunang ditoeroenkeun, bawa gagantingna bae."

„Noen, pangoeloe tandang, soemoehoen darma panjaoer, tarima ti pangandika, nja toeang koering rek amit moendoer."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag noe ngalangkah,
nja angkat di geura-geura,
geura soteh ning oetama,
angkatna diage-age,
age soteh ning parele,

ngaboeroe gawe noe gede,
metoe lawang mandjing lawang,
metoe di lawang pingpitoe,
datang ka lawang pingsanga,
dangdeung ka paseban ageung,
djoeg datang ka aloen-aloen,
parapas ka lawang loear,
medal ka lawang saketeng,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ngabandoeng,
kaopat noe keur didjaga,
kalima heuleut-heuleutan.

Djoeg ka pipir goenoeng.

„Da halal, ratoe emas, noe kagoengan padaleman aja tjalik?"

„Aeh, koetan Mama Lengser, sok karoenja teuing, Mama Lengser, soemangga, tjalik."

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser, oelah tjalik sisi teuing bisi tidjengkang."

Ser Lengser nengahkeun; adjriheun Lengser, Poerba sari enggeus beunghar:

gorompjang lalantjang emas,
lalantjang bokor kantjana,
diloekoen nimoe sapoeloeh,
digantal nimoe salapan,
ditetek nimoe salawe,
meunang nonggong njilokakeun,
meunang ngahoeloe mikoengkeun,
rampes ngeusal tamba palaj;
leuheung meueus djeung henteu mah,
loemajan tamba teu pisan,
ngakoe soteh kami boentoe,
njambat taja nja kaboga,
sareseh taja pamere,
ngalemar bawana keneh,
teu sae anoe njadoekeun,
teu sae noe disadoekeun.

Si-Lengser ngahoeleng ngaboentel tineung.

„Koemaha, diseupahna koe toeang koering?"

Koetoe simboet koear sindjang,
tarima darma pangasih,
pangasih ti djalma ririh,

pangangkat ti djalma koeat,
njigit gantal meuweung keusal,
diperih amis tjaina.

Prak dioetahkeun deui, bisi kapetolan, bisi kawiwirangan keur hatoeran.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja, „reuas pabaoer djeung sieun, na tjoendoek dipioetoes, na datang dipiwarang, noen, rampes pikonokeun, soemangga pikersaeun."

„Ratoe emas, djisim koering tjoendoek manggoel pioetoes, datang dipiwarang, ngemban pangandika ti nagara miwah ka toeang karsa, lakoening samping djeung kasang katoet djeung olahanana, geus aja ta henteu?"

Poerba sari regoek tjeurik.

„Ti dihin oge oendoer basa boedak keneh; samping ti mendi, kasang ti mana, rampes, njerahkeun beuheung teukteukeun, tikoro gorokeun. Lega beurang lega peuting, patina si-adi, da teu bisa njieun samping njieun kasang."

„Teu djamak koering ngagampang, ratoe, ning eta tjat ka aja tjat ka henteu, koedoe kairingkeun bae koe djisim koering, mo bisa balik ka nagara, kitoe ge tjek timbalan."

„Oetoen, koemaha oerang, pedah ajeuna, oerang ditoeroenkeun ka nagara, teu meunang noenoehoen."

„Geura moedji bae bari ngoekoesan leuit toedjoeh ngabandoeng."

Tjatjap ing ngoekoesan; leuit doedoekoehan Poerba sari, seureuh meudjeuhna boeboeni tjareuh, kalapa sintoeng ngadjadjar.

Boes deui ka padaleman, reketek dibeubeur leupeut.

„Koemaha nja Oetoen.

„Oerang toeroenan bae, bisi dingarankeun teu ngawoela."

„Koemaha, Mama Lengser."

„Mo bisa balik moen teu kairingkeun mah."

„Rampes, atoeh."

Indit tina pangtjalikan,
angkat tina patapaän,
sawarnaning kekembangan,
dipipitan bari angkat,
saking oel rek ninggalkeun,
doedoekoehan tjondong kabeh,
soedjoed dipileuleujankeun,
datangna ka lawang loear,
ngaraboet dapoeran eurih,
Loetoeng keur sawenan lawang,
silepna henteu katembong,
disawenan pangawasa,
dibanding koe pradewata,
katjatjang kolear angkat,

memeh angkat keupat heula,
poen Mama djadi oejoenan,
keupatna aloeng ka manggoeng,
tanding bintjaroeng diadoe,
keupatna helang ka handap,
tanding kembang sempoer ragrag,
Poerba sari leke lenggang,
keupatna Mas Poerba sari,
keupatna helang ka hareup,
pakeunna nandjoerkeun tineung,
kadi meri datang mandi,
kadi soang datang ngodjaj,
kodomang Loetoeng pandeuri,
leumpangna doemontja-dontja,
boentoet bereleng kantjana,
boentoet emas ditjentangkeun,
nja hoeroeng sariga lajoeng,
nja herang sariga bentang,
diïring paradewata,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ti poengkoer,
kaopat noe keur didjaga,
kalima lawang saketeng.

Djoeg ka aloen-aloen, blas ka padaleman, prasikepan tjaralik.

Lengser boes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Noen, pangoeloe tandang, enggonna djisim koering dipiwarang noeroenkeun, toeang rai geus tjatjap pisan, malah kairingkeun katoet djeung boedjangna loetoeng, lakoening kasang djeung samping tampi raos teu roepa."

„Soekoer, sakoemaha pikersaeun, geura temonan bae koe Mama Lengser."

Tjedok njembah.

„Teu lambat ngadeuheusan, amit moendoer?"

Djoet toeroen.

Blas ka padaleman, prak ka pangtjalikan, ngeureunan palaj.

„Koemaha, Lengser, palamerta?"

„Noen, Djaksa, geus tjatjap, hatoeran ning eta tatjan meunang wekasan, saoerna tjoeang ngantian kasaoeran bae."

Geus parele di djero noe dangdan.

Rigeug Indrajaja noe angkat, diïring koe parapoetri,

Noe genep bral ka paseban, brak sila pinoeh saroang, masamoan sisi-sisian.

„Noen, Djaksa, geura midoea, sasrogan, kakara didoeöeman Djaksa bae."

„Teteh, amit hatoer, adi pedah aja panjaoer, soemangga, pikarsaeun."

„Koemaha, leuit saroepa ta henteu djeung noe oerang?"

